बृहस्पति
05 नवंबर, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे
समदिया मिथिला
समदिया मिथिला
कार्तिक, कृष्ण पक्ष, एकादशी, संवत् : 2083
देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 56 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

एक नजरि

पैराशूट सं राहुल गांधी कें बांग्लादेश पठा देबनि : हिमंता सरमा



पूर्णिया : असमक मुख्यमंत्री हिमंता बिस्वा सरमा कांग्रेस नेता राहुल गांधी सहित पूरा विपक्ष पर जमि कए हमला कयलनि। भाजपाक लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्रा मे शामिल होबय आयल हिमंता कहलनि जे राहुल गांधी बिहार आ बंगाल मे चुनाव नहि जीति सकैत छथि, तें हुनका सभठाम वोट चोरी देखाइत अछि। जनसभा कें संबोधित करैत ओ कहलनि जे राहुल गांधी लगातार चुनावी हारि पर कानि रहल छथि। व्यंग्य करैत ओ कहलनि, चिंता नहि करू राहुल गांधी, हम, सम्राट चौधरी आ सुवेंदु अधिकारी तीनू मिलि अहां कें पैराशूट सं बांग्लादेश पठेबाक व्यवस्था कए देब। ओतय अहां निश्चित रूप सं चुनाव जीतब।

हिमंता कहलनि जे कांग्रेस, पप्पू यादव, राहुल गांधी आ प्रियंका वाड्रा जाहि ईवीएम सं चुनाव जीतैत छथि, तखन वोट चोरी नहि होइत अछि। केरल आ तेलंगाना मे सरकार बनैत अछि तखन सेहो वोट चोरी नहि होइत अछि, मुदा भाजपा जीतैत अछि तखन वोट चोरीक आरोप लगाओल जाइत अछि।

गेट पर पहुंचल एसवीयू तं नोट सं भरल बैग बाहर फेकलनि अभियंताक पत्नी, 32 लाख कैश बरामद

पथ निर्माण विभागक अधीक्षण अभियंता विजय कुमार सं जुड़ल चारि स्थान पर एसवीयू मारलक छापा

- सहरसा मे 30 मिनट धरि पूछताछ केलक एसवीयू

सहरसा, समदिया

आय सं बेसी संपत्ति अर्जित करबाक मामिला मे पथ निर्माण विभागक अधीक्षण अभियंता विजय कुमारक चारि ठाम विशेष निगरानी इकाई (एसवीयू) छापेमारी केलक। बुधदिन सहरसा, औरंगाबाद आ पटना स्थित हुनकर अलग-अलग स्थान पर एकहि संग छापामारी कयल गेल। विजय कुमार एखन सहरसा मे पदस्थापित छथि।

पटनाक दानापुर स्थित फ्लैट पर जखन निगरानी टीम पहुंचल, तखन अभियंताक पत्नी घरक मुख्य फाटक नहि खोललनि। एहि बीच ओ घरक पाछू नोट सं भरल एकटा बैग फेकि देलनि। टीम बैग बरामद कयलक, जाहि मे 9 लाख रुपैया छल। एकर बाद फाटक खुलबाओल गेल आ घर मे छापेमारी शुरू भेल।



एहि दौरान टीम कें कुल 32 लाख 57 हजार 500 रुपैया नकद भेटल।

जांचक क्रम मे पटनाक महेशनगर स्थित प्रेमा रेजिडेंसीक फ्लैट संख्या 303, रामजयपाल नगर आ धनौत सहित दानापुरक विभिन्न स्थान पर भूखंडक जानकारी भेटल। एकर अतिरिक्त गोला रोड, दानापुर स्थित वास्तुगंगा कॉलोनी मे साईं शरणी नामक तीन मंजिला मकान आ एकटा नवनिर्मित छह मंजिला मकान सेहो चिन्हित कयल गेल।

पटना मे फ्लैट आ छह मंजिला मकान

छह मंजिला मकानक अनुमानित लागति करीब 1 करोड़ रुपैया बताओल गेल अछि। विशेष निगरानी इकाईक अनुसार, सत्यापनक दौरान अभियंता आ हुनकर पत्नी दुनूक नाम पर कुल 3 करोड़ 8 लाख 75 हजार रुपैयाक अचल संपत्तिक जानकारी भेटल अछि।

बैंक खाता मे 1.29 करोड़, पत्नीक नाम स्कॉर्पियो

विभिन्न बैंकक सात बचत खाता मे करीब 1 करोड़ 29 लाख 40 हजार रुपैया जमा भेटल अछि। अभियंता अपन पत्नीक नाम पर स्कॉर्पियो सहित दोसर गाड़ीक खरीदारी सेहो कयने छथि। छापामारी मे 23 लाख 23 हजार रुपैयाक सोना-चानीक गहना बरामद कयल गेल। घर सं निवेश सं जुड़ल कागजात सेहो भेटल अछि।

औरंगाबादक पैतृक आवास पर सेहो छापा

एसवीयू टीम औरंगाबादक दाउदनगर स्थित अभियंताक पैतृक आवास पर सेहो छापामारी केलक। अलग-अलग टीम एकहि समय सभ चिह्नित स्थान पर पहुंचि दस्तावेज आ संपत्ति सं जुड़ल अभिलेखक जांच कयलक। ओम्हर, सहरसा मे निगरानी टीम करीब 12 बजे अधीक्षण अभियंताक आवास आ कार्यालय पर पहुंचल। कार्यालय मे विजय कुमार सं करीब 30 मिनट धरि पूछताछ कयल गेल। पूछताछक बाद टीम पटना लेल विदा भए गेल।

किशनगंज मे माटिक ढेर ढहल तीन बहिनक दबि कए मृत्यु

- तीनू पितियौत बहिन घरक लिपाइ-पोताइ लेल माटि खुनय गेल छल

किशनगंज, समदिया

बिहारक किशनगंज जिला सं एकटा हृदयविदारक घटना सोझां आयल अछि। घरक लिपाइ-पोताइ लेल माटि खुनय गेल तीन बच्चीक माटिक टीला धसि पड़ला सं दबि कए मृत्यु भए गेलनि। तीनू बच्ची माटिक मलवाक नीचां दबि गेलीह। एहि दुर्घटनाक बाद पूरा इलाका मे शोक पसरल अछि। घटना किशनगंज जिलाक दिघलबैंक प्रखंडक हरुवाडांगा स्थित सुलतानगंज गामक वार्ड संख्या 10 केर अछि। जानकारीक अनुसार, तीन पितियौत बहिन घरक लिपाइ लेल माटि खुनय गेल छलीह। ओ सभ माटिक भीतर बनल गोफ मे घुसि कए



माटि खुनय छल, तखने अनचोके ऊपरक माटिक ढेर ढहि पड़ल। तीनू बच्ची माटिक मलवाक नीचां दबि गेलीह।

किशनगंजक पुलिस अधीक्षक संतोष कुमार घटनाक पुष्टि करैत कहलनि जे पुलिस कें घटनाक सूचना भेटल अछि। परिजन सं भेंट कए उचित कानूनी प्रक्रिया पूरा कयल जायत आ पीड़ित परिवार कें मुआवजा दियेबाक व्यवस्था कयल जायत।

मृत बच्चीक भेल पहिचान

मृत बच्ची सभक पीचान जमशेद आलमक दू पुत्री नगमा प्रवीण (10 वर्ष) आ निशा प्रवीण (9 वर्ष) तथा फरियाद आलमक पुत्री रूबी खातून (8 वर्ष) केर रूप मे भेल अछि। गामक लोकक कहब अछि जे जमशेद आलम आ फरियाद आलम दुनू सहोदर भाइ छथि। एहि तरहें एकहि परिवारक तीन मासूम बच्चीक मृत्यु सं परिवार पर दुखक पहाड़ टूटि पड़ल अछि। परिजन कानि-कानि कए हाल बेहाल अछि आ गाम मे शोक पसरल अछि।

मृत बच्चीक पिता जमशेद आलम कहलनि जे घटनाक सूचना भेटिते सभ बच्ची कें प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र (पीएचसी) लए जायल गेल, मुदा हुनका सभ कें बचाओल नहि जा सकल। ओ कहलनि जे दू बच्ची हमर बेटी छलथि आ एकटा फरियाद आलमक बेटी। हम दुनू सहोदर भाइ छी। तीन मासूम बच्चीक मृत्यु सं हमर परिवार टूटि गेल अछि।

बरखा सं नम भए गेल छल माटि

प्रत्यक्षदर्शीक अनुसार, बाहर ठाढ़ लोक जखन बच्ची सभ कें माटिक नीचां दबैत देखलक तखन हल्ला केलक आ हुनका सभ कें बाहर निकालबाक प्रयास केलक। मुदा बहुत समय बीति गेल रहबाक कारणें बच्ची सभक मृत्यु भए चुकल छल।

कच्चा घरक लिपाइ-पोताइ लेल माटिक आवश्यकता होइत अछि। तीनू बहिन ओही काज लेल माटि खुनय गेल छलीह। अर्नब चक्रवातक प्रभाव सं भेल बरखाक कारण माटि नम भए गेल छल। भीतरक माटि खोखला भए गेल छल आ ऊपरक भार नहि सहि सकल। एहि कारणें टीला अनचोके धंसि पड़ल आ तीनू बच्ची ओकर नीचां दबि गेलीह।

डेटिंग वेबसाइट पर इंजीनियर साहेब कें भेलनि प्रेम, लुटा गेल डेढ़ करोड़ टाका

एक मास मे 35 बैंक खाता मे 65 बेर कराओल गेल लेनदेन

दरभंगा, समदिया

डेटिंग वेबसाइट पर बात, दोस्ती आ प्रेमक बाद विवाहक प्रलोभन दए एकटा अभियंता सं एक मास मे करीब डेढ़ करोड़ रुपैयाक साइबर ठगी कयल गेल। आरोप अछि जे युवती पिछला एक मास मे 30 सं बेसी अलग-अलग बैंक खाता मे 60-65 बेर मे ई राशि मंगौने छल। ठकीक अनुभव तखन भेल, जखन अभियंता अपन जमा कयल पैसा वापस मंगैत छलथि, मुदा युवती देबा सं मना कए देलक। बहेड़ा थाना क्षेत्रक नवादा गाम निवासी अभियंता दीपक झा एहि मामिला मे दरभंगा साइबर थाना मे आवेदन दए साइबर डीएसपी सह थानाध्यक्ष विपिन बिहारीक समक्ष प्राथमिकी दर्ज करौने छथि।

सितंबर 2026 मे डेटिंग




वेबसाइट पर भेल छल पहिचान

दीपक कुमार झाक अनुसार, सितंबर 2026 मे ओकेक्यूपिड नामक डेटिंग वेबसाइट पर हुनकर पहचान श्रुति सिंह नामक युवती सं भेल छल। शुरूआती बातक बाद दुनूक बीच दोस्ती भेल आ धीरे-धीरे बात बढ़ैत गेल। आरोप अछि जे युवती हुनका विश्वास मे लए लेलक आ विवाह करबाक भरोसो देलक। ओ अपना कें एकटा बैंक सं जुड़ल बतबैत निवेशक माध्यम सं बेसी नाफा कमेबाक प्रलोभन देलक।

ट्रेडिंग आ निवेशक नाम पर मंगाओल गेल टाका

युवती एकटा ऑनलाइन ट्रेडिंग प्लेटफॉर्मक लिंक आ आईडी-पासवर्ड पठौलक। एकर बाद दीपक सं फॉरेक्स ट्रेडिंगक नाम पर निवेश कराओल गेल। शुरूआत मे प्लेटफॉर्म पर नाफा देखाओल गेल, जाहि सं हुनकर भरोस बढ़ि गेल।





छठि सं पहिने पटनाक 52 घाट पर हाई अलर्ट गहींर पानि बला क्षेत्रक होयत घेराबंदी

टेढ़ी घाट होयत स्थानांतरित

पटना, समदिया



छठि पूजा 2026 छठि महापर्व 2026 कें लए पटना नगर निगम तैयारी तेज कए देने अछि। व्रती आ श्रद्धालु सभक सुरक्षा आ सुविधा कें ध्यान मे रखैत नगर आयुक्त यशपाल मीणा सोम दिन अधिकारी आ अभियंता सभक टीमक संग पथरी घाट सं दीदारगंज बालू घाट तक 52 गंगा घाटक निरीक्षण कएलनि। निरीक्षणक दौरान घाट सभक वर्तमान स्थिति, गंगाक जलस्तर, पहुंच पथ, बैरिकेडिंग आ अन्य नागरिक सुविधा सभक जायजा लेल गेल।

नगर आयुक्त अधिकारी सभ कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे छठि महापर्वक दौरान श्रद्धालु सभक सुरक्षा सं कोनो प्रकारक समझौता नहि कएल जाएत। खास कए संवेदनशील आ दुर्घटना संभावित घाट सभ पर अतिरिक्त सुरक्षा व्यवस्था सुनिश्चित करबाक लेल कहल गेल।

निरीक्षणक दौरान नरकट घाट, लोहरवा घाट, हनुमान घाट, जजेज घाट आ कंटाही घाट पर गंगाक जलस्तर बढ़बाक जानकारी सामने आएल। पछिला दू दिन मे जलस्तर मे भेल बदलाव कें देखैत नगर आयुक्त ओतय मौजूद कर्मी सभ सं पानिक गहींराइ के आकलन करौलनि।

ओ संबंधित अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे जलस्तर मे होय बला प्रत्येक बदलाव पर लगातार नजरि राखल जाए। संगहि संभावित खतरा बला क्षेत्र सभक पहचान कए समय रहैत आवश्यक सुरक्षा उपाय सुनिश्चित कएल जाए।

नगर आयुक्त सभ घाट पर सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे नहाय-खाय सं पहिने सभ संवेदनशील आ दुर्घटना संभावित क्षेत्र कें लाल कपड़ा सं चिह्नित कए घेराबंदी कएल जाए।

घाट सभ पर बांस-बल्ला के सहारा डबल लेयरिंग आ क्रॉस बैरिकेडिंगक व्यवस्था कएल जाएत। एकर संग बैरिकेडिंग मे सुरक्षा नेट सेहो लगाओल जाएत, जाहि सं कोनो श्रद्धालु गलती सं गहींर पानि दिस नहि जा सकथि।

निरीक्षणक दौरान टेढ़ी घाटक स्थिति सेहो समीक्षा कएल गेल। अधिकारी सभ बतौलनि जे पहिने चिह्नित कएल गेल स्थान एखनहु दलदली अछि आ ओतय श्रद्धालु सभक लेल खतरा बनल अछि।

श्रद्धालु सभक सुरक्षा कें प्राथमिकता दैत टेढ़ी घाट कें एकटा पिलर आगू स्थानांतरित करबाक निर्णय लेल गेल अछि। नगर आयुक्त घाट तक पहुंच आसान बनेबाक लेल वैकल्पिक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि।

नगर आयुक्त टेढ़ी घाट, महाराज घाट आ केशव घाटक पहुंच मार्ग कें बिहार स्टेट रोड डेवलपमेंट कॉरपोरेशन (बीएसआरडीसी) केर निमार्णाधीन सड़क सं जोड़बाक निर्देश देलनि।

एहि कदम सं छठि व्रती आ श्रद्धालु सभ कें घाट तक आबय-जाय मे सुविधा होयत। संगहि भीड़ प्रबंधन सेहो नीक तरीका सं कएल जा सकत।

गाय घाट क्षेत्र मे महात्मा गांधी सेतुक समानांतर निमार्णाधीन पुल परियोजनाक समीक्षा सेहो कएल गेल। नगर आयुक्त काज कए रहल एजेंसी कें छठि पर्व कें ध्यान मे रखैत घाट क्षेत्र सं सभ मशीन आ निर्माण उपकरण हटेबाक निर्देश देलनि।

निर्देश के अनुसार छठि महापर्व संपन्न होयब धरि निर्माण काज रोकि देल जाएत आ पर्वक बाद फेर शुरू होयत।

भीड़ नियंत्रण कें लए नगर निगम विशेष तैयारी शुरू कए देने अछि। नगर आयुक्त निर्देश देलनि जे सभ प्रमुख घाट पर प्रवेश आ निकास लेल अलग-अलग रास्ता बनाओल जाए।

एहि सं श्रद्धालु सभक आवागमन सुचारू रहत आ भीड़भाड़क स्थिति मे अव्यवस्था वा दुर्घटनाक आशंका कम होयत।

छठि सं पहिने घाट सभ पर जरूरी मरम्मत काज सेहो कराओल जाएत। एहि मे खद्धा भराइ, सीढ़ीक निर्माण आ मरम्मत, गादक सफाइ आ रंग-रोगन जेहन काज शामिल अछि। नगर निगमक लक्ष्य अछि जे छठि महापर्व सं पहिने सभ घाट कें सुरक्षित, स्वच्छ आ सुविधायुक्त बनाओल जाए, जाहि सं श्रद्धालु सभ कें कोनो प्रकारक परेशानी नहि हो।

700 करोड़ रुपैया सं होयत आरा सासाराम रेल लाइनक दोहरीकरण

शिक्षा-स्वास्थ्य-रोजगार कें भेटत मजबूती



पटना, समदिया

आरा-सासाराम रेल लाइन दोहरीकरणः बिहार मे रेल संपर्क व्यवस्था मजबूत करबाक लेल कतेको परियोजना सभ कें मंजूरी देल जा रहल अछि। एहन स्थिति मे आब आरा-सासाराम रेल लाइनक दोहरीकरण करबाक योजना अछि। करीब 100 किलोमीटर लंबा एहि रेल लाइन पर लगभग 700 करोड़ रुपैया खर्च होयबाक अनुमान अछि। एहि सं आरा सं सासाराम धरि रेल संपर्क व्यवस्था मजबूत भए सकत।

भेटल जानकारी के अनुसार, आरा-सासाराम रेल लाइन पर 1909 मे मार्टिन रेलवे परियोजनाक शुरूआत भेल छल। करीब 100 किलोमीटर लंबा रेल लाइन बिछाओल गेल छल। किछुए साल मे एहि मार्ग पर छोटी लाइनक ट्रेन चलय लागल। ओहि समय भाप इंजन बला ट्रेन चलैत छल। एहि मार्ग पर कुल 15 स्टेशन बनाओल गेल छल। मुदा धीरे-धीरे छोटी लाइनक सीमा सामने आबय लागल। एक समय एहन आयल जे 1978 मे एहि रेल लाइन पर ट्रेनक परिचालन रोकि देल गेल।

एहि सं लोक सभ पर असर पड़ल। लोकक परेशानी कें देखैत 2006-07 मे ब्रॉडगेज निर्माणक शुरूआत भेल। निर्माण काज पूरा भेलाक बाद लगभग 2009 मे पहिल बेर एहि रेल लाइन पर बड़का लाइनक ट्रेन चलल। एहि रेल लाइनक माध्यम सं मात्र आरा आ सासारा मे नहि, बल्कि धनबाद, भभुआ, बोकारो, जेहरी, गया आ रांची तक लोक सभक आवागमन आसान भेल।

आब आरा-सासाराम रेल लाइन कें नव पहचान भेटय बला अछि। सिंगल लाइन होयबाक कारण ट्रेन सभ पर दबाव बेसी रहैत अछि। मुदा डबल लाइन भेला के बाद ई दबाव कम भए सकत। लोक सभ कें सुविधा भेटत आ यात्रा मे समय सेहो कम लागत। आरा-सासाराम रेल लाइनक दोहरीकरण भेला सं रेल संपर्क व्यवस्था मजबूत होयबाक संग-संग शिक्षा, व्यापार आ रोजगार कें सेहो बढ़ावा भेटि सकैत अछि। एकर अतिरिक्त व्यापारक विकास होयत। किसान अपन फसल आसानी सं बाजार तक पहुंचा सकताह। एहि तरहे कृषि क्षेत्र कें सेहो बढ़ावा भेटबाक आशा अछि।

सीतामढ़ी-मुजफ्फरपुर मे खुजत खाद्य कारखाना, उत्तर बिहार मे खाद्य प्रसंस्करण उद्योग कें भेटत बढ़ावा

पटना, समदिया



बिहार मे कृषि आधारित उद्योग सभ कें बढ़ावा देबाक लेल सीतामढ़ी आ मुजफ्फरपुर मे अत्याधुनिक खाद्य प्रसंस्करण इकाई स्थापित कएल जाएत। दुनू जिला मे मिठाइ, नमकीन, बेकरी, बिस्कुट आ अन्य रेडी-टू-ईट तथा पैकेज्ड खाद्य पदार्थक पैघ स्तर पर निर्माण होयत। एतय सामान्य खाद्य उत्पादक संग स्वास्थ्य के प्रति जागरूक लोक सभक जरूरत के ध्यान मे रखैत विशेष उत्पाद सेहो तैयार कएल जाएत।

एहि मे मधुमेह आ मोटापा सं पीड़ित लोक सभक जरूरत पर ध्यान देल जाएत। एहि परियोजना पर 37 करोड़ रुपैया खर्च होयत। एहि सं 450 लोक कें प्रत्यक्ष रोजगार भेटत। एकर अतिरिक्त करीब 8 हजार लोक कें अप्रत्यक्ष लाभ भेटत। एहि मे पैकेजिंग सामग्रीक आपूर्तिकर्ता, परिवहनकर्ता, डिलीवरी वेंडर, छोट वितरक, थोक आ खुदरा व्यापारी शामिल छथि।

450 लोक कें रोजगार, ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें लाभ

डेयरी किसान सभ कें भेटत नव बाजारः मिठाइ, बेकरी आ बिस्कुट निर्माण मे दूध, खोआ, मक्खन आ घीक मांग बढ़त। एहि सं सुधा, सहकारी डेयरी, निजी दुग्ध उत्पादक आ पशुपालक सभ कें लाभ होयत। आटा मिल सभ कें नियमित ऑर्डरः बिस्कुट आ नमकीन निर्माण मे आटा, सूजी, मैदा आ बेसनक खपत बढ़त। एहि सं उत्तर बिहारक आटा मिल सभ कें कारोबार भेटत आ उत्पादन क्षमता मे बढ़ोतरी होयत। किसान सभ कें खेतीक नव विकल्पः गेहूं आ धानक संग किसान मोट अनाज, सरसों, मूंगफली, चना, उड़द आ मसालाक खेती कए सकताह। एहि सं हुनकर आमदनी बढ़ेबाक अवसर भेटत।

वैश्विक मानकक आधार पर तैयार होयत कारखानाक डिजाइन

कारखाना सभक डिजाइन वैश्विक मानकक आधार पर तैयार कएल जाएत। सामग्रीक मिश्रण, आकार देब, बेकिंग आ पैकेजिंग तक अधिकांश प्रक्रिया स्वचालित मशीन सभक माध्यम सं होयत। कारखाना सभ मे एफएसएसएआई, आईएसओ आ एचएसीसीपी के नियमक पालन कएल जाएत। बिहार मे प्रत्येक जिला मे औद्योगिक क्षेत्र विकसित कएल जा रहल अछि। स्थानीय उत्पादनक संग ब्रांडेड सामग्रीक निर्माण सेहो अलग-अलग जिला सभक औद्योगिक क्षेत्र मे होयत। एहि सं स्थानीय स्तर पर रोजगारक साधन उपलब्ध होयत। कारखाना सभक निर्माण सं अर्थव्यवस्था मजबूत होयत। सड़क, शिक्षा आ स्वास्थ्य क्षेत्र मे सेहो विकास होयत।

पटना मे बेल्ट्रॉन अभ्यर्थी सभक धरना 29म दिन सेहो जारी

पटना। बेल्ट्रॉनक अंतर्गत इंग्लिश क्वालीफाई अभ्यर्थी सभक आंदोलन लगातार जारी अछि। पटनाक गर्दनीबाग मे अभ्यर्थी सभ बुध दिन 29म दिनो धरना पर बैसल रहलाह। अभ्यर्थी सभक आरोप अछि जे अधिसूचना मे हिंदी आ इंग्लिश दुनू मे पास अभ्यर्थी सभ कें शामिल करबाक निर्देश देल गेल छल, मुदा प्रक्रिया मे मात्र हिंदी क्वालीफाई अभ्यर्थी सभ कें मौका देल गेल। इंग्लिश क्वालीफाई अभ्यर्थी सभ कें एहि प्रक्रिया सं बाहर कए देल गेल। धरना पर बैसल अभ्यर्थी सभक कहब अछि जे अधिसूचना के अनुसार हिंदी आ इंग्लिश दुनू मे क्वालीफाई करय बला अभ्यर्थी सभ कें अवसर भेटबाक चाहैत छल। एकरा बावजूद मात्र हिंदी क्वालीफाई अभ्यर्थी सभ कें मौका देबाक आरोप लगबैत ओ सभ लगातार विरोध कए रहल छथि। अभ्यर्थी सभ बेल्ट्रॉन आ मंत्री नीतीश मिश्रा पर सेहो आरोप लगौने छथि। अभ्यर्थी सभ कहलनि जे ओ सभ अपन मांग कें लए पाछू हटय बला नहि छथि। ओ सभ दुगार्पूजा सेहो गर्दनीबाग स्थित धरनास्थल पर मनौने छलाह। आब हुनकर घोषणा अछि जे जं सरकार हुनकर मांग पर विचार नहि कएलक, तं ओ सभ छठि आ दिवाली सेहो एतहि मनौताह।

पटना साहिब गुरुद्वारा चुनाव पर हाईकोर्ट सख्त 24 नवंबर धरि मतदाता सूची सौंपबाक अल्टीमेटम

पटना, समदिया



तख्त श्री हरिमंदिर जी पटना साहिब प्रबंधक कमेटीक वर्ष 2023 सं लंबित चुनाव कें लए पटना हाईकोर्ट सख्त रुख अपनौने अछि। न्यायमूर्ति राजीव राय के एकलपीठ प्रबंधक कमेटी कें 24 नवंबर 2026 तक हर हाल मे मतदाता सूची बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकरण कें सौंपबाक निर्देश देने अछि। अदालत स्पष्ट कए देने अछि जे निर्धारित समयसीमाक पालन नहि भेल तं वर्तमान प्रबंधक कमेटी स्वतः काज करब बंद कए देत। एहन स्थिति मे पटना के जिला जज स्वतंत्र आ निष्पक्ष चुनाव करयबाक जिम्मेदारी संभालताह।

अदालत महेंद्र पाल सिंह धिल्लों बनाम इंद्रजीत सिंह जी मामिलाक सुनवाइक दौरान चुनाव प्रक्रिया पूरा करबाक लेल स्पष्ट समयसीमा निर्धारित केने अछि। आदेश के अनुसार, प्रबंधक कमेटी कें 20 नवंबर तक मतदाता सूची तैयार करय पड़त। एकर बाद 21 सं 24 नवंबरक बीच सूची बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकरण कें सौंपब अनिवार्य होयत। निर्वाचन प्राधिकरण सेहो अदालत कें भरोसा देने अछि जे मतदाता सूची भेटलाक बाद 90 सं 120 दिनक भीतर पारदर्शी तरीका सं चुनाव करा लेल जाएत।

मतदाता सूची कें लए आपत्तिक निपटारा करबाक प्रक्रिया सेहो तय कए देल गेल अछि। सुनवाइक दौरान प्रबंधक कमेटीक अधिवक्ता अदालत कें भरोसा देलनि जे 4 नवंबर तक मतदाता सूचीक प्रति उपलब्ध करा देल जाएत। एकर बाद संबंधित पक्ष 6 नवंबर तक अपन आपत्ति दर्ज करा सकताह। अदालत निर्देश देने अछि जे प्राप्त आपत्ति सभ पर प्रबंधक कमेटी कें एक सप्ताहक भीतर विधिवत आदेश पारित करय पड़त अथवा आपत्तिकर्ता कें एहि संबंध मे सूचना देबय पड़त।

हाईकोर्ट सुनवाइक दौरान टिप्पणी कएलक जे वर्तमान प्रबंधक कमेटीक कार्यकाल वर्ष 2023 मे समाप्त भए चुकल अछि, तइयो पुरान कमेटी काजकाज कए रहल अछि। अदालत कहलनि जे पहिने चुनाव करयबाक भरोसा देल गेल छल, मुदा प्रक्रिया पूरा नहि भेल। आब एहि मामिला मे कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। निर्धारित समयसीमाक पालन नहि भेल तं संबंधित पक्ष सभक विरुद्ध न्यायालयक अवमानना संबंधी कारबाइ सेहो शुरू कएल जा सकैत अछि।

अदालत याचिकाकर्ता कें सेहो चुनाव प्रक्रिया मे अनावश्यक बाधा नहि डालबाक सलाह देने अछि। संगहि सभ पक्ष कें 2 नवंबरक आदेशक अनुपालन सं संबंधित शपथपत्र दाखिल करबाक निर्देश देल गेल अछि। मामिलाक अगिला सुनवाइ 1 दिसंबर 2026 कें निर्धारित कएल गेल अछि। आब प्रबंधक कमेटीक सोझां निर्धारित समयसीमा मे मतदाता सूची तैयार कए निर्वाचन प्राधिकरण कें सौंपबाक चुनौती अछि।

पीएमसीएच मे न्यूरो सर्जरी इमरजेंसी मे प्रत्येक बेड पर वेंटिलेटर

10 दिन मे सभ विभाग नव भवन मे होयत स्थानांतरित

पटना, समदिया



पीएमसीएच न्यूरो सर्जरी इमरजेंसीः पटना मेडिकल कॉलेज अस्पताल (पीएमसीएच) मे गंभीर रोगी सभक इलाजक सुविधा लगातार बढ़ाओल जा रहल अछि। अस्पतालक नव भवन टावर-3 मे न्यूरो सर्जरी विभागक 25 बेड बला अत्याधुनिक इमरजेंसी सेवा शुरू कए देल गेल अछि। खास बात ई अछि जे इमरजेंसीक सभ बेड वेंटिलेटर सुविधा सं लैस अछि। एकर अतिरिक्त विभाग मे कुल 80 बेड के व्यवस्था कएल गेल अछि, जाहि सं गंभीर रोगी सभ कें पहिने के तुलना मे नीक इलाज भेटि सकत।

अस्पताल प्रशासनक दावा अछि जे अगिला 10 दिनक भीतर सभ विभागक इमरजेंसी सेवा नव भवन मे स्थानांतरित कए देल जाएत। एकर संग रोगी सभ कें आधुनिक स्वास्थ्य सुविधाक लाभ भेटय लागत।

पीएमसीएचक न्यूरो सर्जरी विभाग मे आब कुल 80 बेड उपलब्ध रहत। एहि मे 25 बेड खास तौर पर इमरजेंसी रोगी सभ लेल आरक्षित कएल गेल अछि। एकर अतिरिक्त 25 बेड सामान्य वार्ड मे राखल गेल अछि, जखनकि टावर भवन मे 30 अतिरिक्त बेड के व्यवस्था कएल गेल अछि।

एहि सं सड़क दुर्घटना, माथ मे गंभीर चोट आ अन्य न्यूरो संबंधी समस्या बला रोगी सभ कें तत्काल भर्ती आ इलाजक सुविधा भेटि सकत।

नव आईसीयू आ इमरजेंसी वार्डक सब सं पैघ विशेषता ई अछि जे सभ 25 बेड वेंटिलेटर सं सुसज्जित अछि। एहि सं गंभीर स्थिति मे आबय बला रोगी सभ कें तत्काल जीवनरक्षक सहायता उपलब्ध कराओल जा सकत।

मंगल दिन अस्पतालक नव भवन टावर-3 मे इमरजेंसी आईसीयू के उद्घाटन कएल गेल। एहि अवसर पर चिकित्सा अधीक्षक डॉ. राजीव कुमार सिंह, विभागाध्यक्ष डॉ. रोहित कुमार सहित विभागक चिकित्सक आ कर्मचारी सभ मौजूद छलाह।

एखन धरि पीएमसीएचक न्यूरो सर्जरी इमरजेंसी मे मात्र 11 बेड उपलब्ध छल। एहि मे सेहो तीन सं चारि बेड पर मात्र वेंटिलेटर लागल छल। अधिकांश वेंटिलेटर पुरान भए चुकल छल आ ओहि मे तकनीकी खराबीक शिकायत सेहो लगातार भेटैत रहैत छल।

नव व्यवस्था लागू भेलाक बाद इमरजेंसी बेडक संख्या दोगुना सं बेसी भए गेल अछि। संगहि सभ बेड आधुनिक चिकित्सा उपकरण सं लैस कएल गेल अछि।

पीएमसीएचक न्यूरो सर्जरी विभागक ओपीडी मे प्रतिदिन दू सं ढाई सय रोगी इलाज लेल पहुंचैत छथि। ओतहि ट्रॉमा आ सड़क दुर्घटनाक मामिला मे भर्ती होय बला रोगी सभक पैघ हिस्सा सेहो एहि विभाग सं जुड़ल रहैत अछि।

अस्पताल सूत्रक अनुसार, ट्रॉमा सेंटर मे प्रतिदिन 70 सं 80 सड़क दुर्घटना मे घायल रोगी पहुंचैत छथि। एहि मे करीब 50 सं 60 प्रतिशत रोगी कें न्यूरो सर्जरी विभाग मे भर्ती करय पड़ैत अछि। एहन स्थिति मे बेडक संख्या बढ़ला सं गंभीर रोगी सभ कें बहुत राहति भेटत।

पीएमसीएच प्रशासनक अनुसार, अगिला 10 दिन मे सभ विभागक इमरजेंसी सेवा नव भवनक छठम तल्ला पर स्थानांतरित कए देल जाएत।

अस्पताल अधीक्षक डॉ. राजीव कुमार सिंह बतौलनि जे इमरजेंसी सेवा सभक संग सभ विभागक ऑपरेशन थिएटर (ओटी) सुविधा सेहो नव भवन मे संचालित होयत। एहि सं रोगी सभ कें एक्के परिसर मे नीक इलाज भेटि सकत।

नव भवनक छठम मंजिल पर कुल 22 मॉड्यूलर ऑपरेशन थिएटर बनाओल गेल अछि। एहि ऑपरेशन थिएटर सभ मे अलग-अलग विभागक रोगी सभक सर्जरी कएल जाएत।

आधुनिक तकनीक सं लैस एहि ओटी मे संक्रमण नियंत्रण, नीक उपकरण आ उन्नत चिकित्सा सुविधा उपलब्ध रहत। अस्पताल प्रशासनक मानब अछि जे एहि सं सर्जरी सेवाक गुणवत्ता मे सुधार होयत।

पीएमसीएच प्रशासनक अनुसार, ऑथोर्पेडिक्स आ बर्न विभाग के छोड़ि अधिकांश विभागक वार्ड नव भवन मे स्थानांतरित कएल जा चुकल अछि। शेष विभाग सभ कें सेहो चरणबद्ध तरीका सं नव परिसर मे स्थानांतरित करबाक प्रक्रिया जारी अछि। अस्पतालक नव भवन मे रोगी आ हुनकर परिजन सभक लेल नीक सुविधा उपलब्ध करयबाक प्रयास कएल जा रहल अछि।

पटना सहित कतेको शहर मे बढ़ल प्रदूषण, दानापुर सब सं बेसी प्रभावित



पटना, समदिया

दीपावली आबय सं पहिने राजधानी सहित प्रदेशक अधिकांश शहरक हवा मे प्रदूषणक असर देखय पड़य लागल अछि। गुलाबी ठंडक संग वातावरण मे धूलिकण आ धुआं जमा रहबाक स्थिति बढ़य लागल अछि। एकर असर वायु गुणवत्ता पर पड़ि रहल अछि। पटना सहित राज्यक अन्य प्रमुख शहर सभ मे सेहो वायु प्रदूषण कें लए चिंता बढ़य लागल अछि। एहन स्थिति मे दीपावलीक दौरान पटाखा सभ सं निकलय बला धुआं स्थिति कें गंभीर बना सकैत अछि। शहर सभ मे बढ़ैत वाहनक दबाव, निर्माण काज सं उड़य बला धूलि, सड़क पर जमा माटि आ कचरा जरेबाक घटना प्रदूषणक प्रमुख कारण अछि। मौसिम मे बदलावक कारण हवा के गति कम भेला पर धूलि आ धुआं के कण वातावरण मे बेसी समय तक बनल रहैत अछि। एहि सं हवा के गुणवत्ता प्रभावित होइत अछि। भोर आ देर सांझ एकर असर बेसी महसूस कएल जा सकैत अछि। केंद्रीय प्रदूषण नियंत्रण बोर्डक आंकड़ा के अनुसार, 3 नवंबर कें पटना के औसत वायु गुणवत्ता सूचकांक (एक्यूआई) 109 दर्ज कएल गेल। जखनकि पछिला किछु दिन मे पटना के हवा स्वच्छ रहल। पछिला दिन सभ मे पटना सहित आसपासक इलाका मे बरखा होयबाक कारण हवा के गुणवत्ता मे सुधार देखल गेल अछि।

परौल मे गैस सिलेंडर फटला सं 6 घर स्वाहा, करीब 60 लाखक क्षति

45 लाखक सोना-चानीक गहना आ 1 लाख टाका नकद जरल, सूचना पर पहुंचल 4 दमकल गाड़ी

बेनीपट्टी, समदिया



बेनीपट्टी अंचल आ अरेर थाना क्षेत्रक परौल गाम मे गैस सिलेंडर फटला सं भीषण आगि लागि गेल। एहि अगिलग्गी मे एक्के परिवारक 6 घर जरि कए पूरा राख भए गेल। घटना मे करीब 60 लाख टाकाक संपत्तिक नुकसानक अनुमान अछि। आगिक चपेट मे आबि करीब 45 लाख टाकाक सोना-चानीक गहना, 1 लाख टाका नकद, कपड़ा, फर्नीचर, बिजलीक उपकरण आ महत्वपूर्ण शैक्षणिक प्रमाणपत्र सहित घरक सभ सामान जरि कए नष्ट भए गेल। पीड़ित रमन कर्ण आ सुमन कर्णक माय बतौलनि जे मंगलदिन सांझ करीब 6 बजे घर मे गैस चूल्हा पर तरकारी बनाओल जा रहल छल। एही बीच अनचोके गैस सिलेंडर फाटि गेल। विस्फोट होइतहि आगि विकराल रूप धारण कए लेलक। चूल्हाक लग राखल फ्रिज सेहो आगिक चपेट मे आबि गेल। देखैत-देखैत आगि आसपासक घर सभ कें अपना चपेट मे लए लेलक। आगि एतेक तेजी सं पसरल जे घर मे राखल कीमती सामान बाहर निकालबाक मौका तक नहि भेटल। पीड़ित परिवारक अनुसार, आगि मे 2 गो अलमारी पूरा जरि गेल। ओहि मे राखल करीब 1 लाख टाका नकद आ लगभग 45 लाख टाकाक सोना-चानीक गहना सेहो जरि कए नष्ट भए गेल। एकर अतिरिक्त 4 गो पलंग, बिछावन, पंखा, मोटर, फ्रिज, कपड़ा, फर्नीचर आ आन घरेलू सामान सेहो आगिक भेंट चढ़ि गेल। परिवारक शैक्षणिक प्रमाणपत्र सेहो जरि कए राख भए गेल। एहि बीच आगि लगिते गाम मे अफरा-तफरी मचि गेल। ग्रामीण सभ अपन स्तर पर आगि बुझेबाक प्रयास केलनि आ घटनाक सूचना अरेर थाना पुलिस तथा अग्निशमन विभाग कें देलनि। सूचना भेटिते अग्निशमन विभागक 4 दमकल गाड़ी घटनास्थल पर पहुंचल। दमकलकर्मी सभ बहुत मशक्कत के बाद आगि पर काबू पेलनि। मुदा ताबैत 6 घरक सभ सामान जरि कए राख भए चुकल छल।

अग्निकांडक बाद पीड़ित परिवारक सदस्य सभक रोइ-रोइ कए बुरा हाल अछि। बुधदिन भोर धरि जरल मलबा सं धुआं निकलि रहल छल। घटना के बाद पैघ संख्या मे ग्रामीण आ जनप्रतिनिधि पीड़ित परिवार सं भेंट करबाक लेल पहुंचलाह आ हुनका सभ कें ढाढ़स बन्हौलनि। पंचायतक मुखिया सुनील कुमार, पूर्व मुखिया लालनारायण सिंह, सरोज सिंह सहित अन्य जनप्रतिनिधि अंचल प्रशासन सं पीड़ित परिवार कें अविलंब उचित मुआवजा आ सरकारी सहायता उपलब्ध करयबाक मांग कयलनि। एहि संबंध मे अंचलाधिकारी अभिषेक आनंद कहलनि जे पीड़ित परिवार कें तत्काल पॉलीथिन उपलब्ध करा देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त नियमानुसार आन सरकारी लाभ सेहो उपलब्ध कराओल जायत।

सी. एम. साइंस कॉलेजक विद्यार्थी कयलक एक दिवसीय शैक्षणिक भ्रमण



- **शैक्षणिक यात्रा सं घुरल टोलीक अनुभव पर प्रसन्नता जतौलनि प्रधानाचार्य**

दरभंगा, समदिया

सी. एम. साइंस कॉलेजक जंतु विज्ञान विभाग द्वारा स्नातक स्तर केर विद्यार्थी लेल मंगलदिन एक दिवसीय शैक्षणिक भ्रमण कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। एहि भ्रमण कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य विद्यार्थीकेँ पाठ्यक्रमसँ संबंधित व्यावहारिक ज्ञान प्रदान करब आ हुनका जीव-जंतुक जीवन शैली संग जैव विविधताक विभिन्न पहलूसँ प्रत्यक्ष रूपेँ परिचित करायब छल। एहि शैक्षणिक भ्रमणक दौरान विभागक सभ शिक्षक आ विद्यार्थी लोकनि प्रदेशक राजधानी पटना स्थित संजय गांधी जैविक उद्यान (पटना चिड़ियाघर) आ बिहार संग्रहालयक सूक्ष्म व्यावहारिक अवलोकन कयलनि। चिड़ियाघरमे विद्यार्थी विभिन्न वन्य जीव, हुनक प्रजाति, आवासन आ व्यवहार आधारित महत्वपूर्ण अध्ययन कयलनि। संगहि वन्यजीव संरक्षण ओ जैव विविधताक बारीकी केर प्रत्यक्ष रूपसँ बूझबाक प्रयास कयलनि। बिहार संग्रहालयक भ्रमणक दौरान छात्र-छात्रा एहिठाम सहेजल गेल ऐतिहासिक, सांस्कृतिक आ पुरातात्विक धरोहरि केर जानकारी विस्तारसँ प्राप्त कयलनि।

महाविद्यालयक प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र एक दिवसीय शैक्षणिक यात्रा सं घुरल टोलीक अनुभव पर प्रसन्नता जाहिर करैत कहलनि जे एहि प्रकारक शैक्षणिक भ्रमण विद्यार्थिक संपूर्ण शैक्षणिक विकास ओ गुणवत्तापूर्ण शिक्षा लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। ओतहि जंतु विज्ञान विभागक अध्यक्ष डॉ. पूजा अग्रहरि एहि भ्रमणमे सभ विद्यार्थिक उत्साहपूर्ण सहभागिता, अनुशासन आ हुनक सहयोगक भावनाक सराहना करैत कहलनि जे विद्यार्थी लोकनिक सक्रिय सहयोग बिनु एहि भ्रमण कें सफल बनायब असंभव छल। ओ कहलनि जे कक्षामे प्राप्त सैद्धांतिक ज्ञानकें प्रत्यक्ष अनुभवसँ जोड़बामे एहि तरहक शैक्षणिक भ्रमण केर भूमिका अत्यंत महत्वपूर्ण होइत अछि। उद्देश्यपूर्ण सफल भ्रमणसँ उत्साहित विद्यार्थी एक स्वरमे कहलनि जे विभागक शिक्षक लोकनिक संग ई शैक्षणिक यात्रा खूब ज्ञानवर्धक आ यादगार रहल।

छापामारी मे 2 क्विंटल सं बेसी संदिग्ध नकली पनीर जब्त



सहरसा, समदिया

दीपावली आ छठ पर्व कें देखैत बाजार मे नकली पनीर आ मिलावटयुक्त मिठाइक बिक्री पर रोक लगयबाक लेल खाद्य सुरक्षा विभाग छापेमारी अभियान तेज कए देने अछि। एहि क्रम मे बुधदिन फूड सेफ्टी इंस्पेक्टर संजय चौधरीक नेतृत्व मे शहरक सब्जी मंडी मे नकली पनीर बेचयवला विक्रेता सभक विरुद्ध छापेमारी कयल गेल। एहि दौरान 2 क्विंटल सं बेसी संदिग्ध नकली पनीर जब्त कयल गेल। जब्त पनीर कें जांच लेल पटना स्थित प्रयोगशाला पठाओल गेल अछि। फूड सेफ्टी इंस्पेक्टर संजय चौधरी बतौलनि जे जिलाधिकारी दीपेश कुमार, सदर एसडीओ श्रीयांश तिवारी आ डीओ अनिल कुमारक निर्देश पर मिलावटयुक्त आ नकली खाद्य सामग्रीक विरुद्ध विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। ओ बतौलनि जे मंगलदिन राति शहरक प्रमुख मिठाइक दोकान, जनरल स्टोर आ किराना दोकान सभ मे सेहो छापेमारी कयल गेल छल। एहि दौरान काजू सहित विभिन्न प्रकारक मिठाइक नमूना जब्त कए जांच लेल पटना पठाओल गेल अछि।

ओ कहलनि जे बाजार मे असली पनीरक कीमत करीब 400 टाका प्रति किलो अछि, जखन कि संदिग्ध नकली पनीर 200 टाका सं कम कीमत पर बेचल जा रहल अछि। पनीरक प्रारंभिक जांचक दौरान आयोडीन डालला पर ओकर रंग कारी पड़ि गेल, जाहि सं ओहि मे मिलावट रहबाक आशंका देखल गेल अछि। हालांकि, मिलावटक वास्तविक पुष्टि प्रयोगशालाक जांच रिपोर्ट अयलाक बादे होयत। ओ लोक सभ सं अपील कयलनि जे पर्व-त्योहारक दौरान खाद्य सामग्री कीनैत समय विशेष सतर्कता बरतथि। छापेमारी अभियान मे डाटा ऑपरेटर कुणाल कुमार, एग्जीक्यूटिव राहुल राज सहित अन्य कर्मी उपस्थित छलाह।

तेज गति ई-रिक्शा पलटल, दू महिला सहित 5 गोटे गंभीर रूप सं घायल

उसरी गाम लग एसएच-56 पर भेल दुर्घटना, ग्रामीण सभ घायल कें अस्पताल पहुंचौलनि

कुशेश्वरस्थान, समदिया



एसएच-56 पर कुशेश्वरस्थान-फुलतोड़ा मार्ग मे उसरी गामक लग तेज रफ्तार ई-रिक्शा अनियंत्रित भए पलटि गेल। एहि दुर्घटना मे दू महिला सहित 5 गोटे गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। ई-रिक्शाक नीचां दबायल घायल सभक बीच चीख-पुकार मचि गेल। स्थानीय ग्रामीण सभ तत्परता देखबैत सभ कें बाहर निकाललनि आ अस्पताल पहुंचौलनि। भेटल जानकारीक अनुसार, कोला गाम निवासी मो. आसिफ, मो. आजाद आ मो. नसीब ई-रिक्शा सं कुशेश्वरस्थान जा रहल छलाह। एही दौरान उसरी गामक लग सड़क किनार पशु सभक लेल चारा लए जा रहल दू महिला लग पहुंचिते ई-रिक्शा अनियंत्रित भए पलटि गेल। दुर्घटना मे ई-रिक्शा पर सवार तीनू युवक आ दुनू महिला ओकर नीचां दबि गेलीह। घायल सभक पहचान भवन यादवक पत्नी रामदुलारी देवी, अमित यादवक पत्नी मीना देवी तथा मो. आसिफ, मो. आजाद आ मो. नसीबक रूप मे भेल अछि। ग्रामीण सभ बहुत मशक्कतक बाद सभ कें ई-रिक्शाक नीचां सं बाहर निकाललनि। तकर बाद दोसर टेंपो सं सभ कें सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र, कुशेश्वरस्थान पहुंचाओल गेल, जतय सभक इलाज चलि रहल अछि। एहि दुर्घटना एक बेर फेर ग्रामीण सड़क पर तेज रफ्तार वाहनक परिचालन आ सड़क सुरक्षाक व्यवस्था पर सवाल ठाढ़ कय देने अछि। स्थानीय लोक वाहन चालक सभ सं सावधानीपूर्वक गाड़ी चलयबाक जरूरत बतौलनि।

कार-बाइकक आमने-सामने ठोकर मे बीपीएससी अभ्यर्थीक मृत्यु, दोस्त गंभीर

दरभंगा। बहेड़ी थाना क्षेत्रक बहेड़ी-लहेरियासराय मुख्य सड़क पर दुबौलीक लग मंगलदिन कार आ बाइकक आमने-सामने टक्कर मे 23 वर्षीय बीपीएससी अभ्यर्थी राजीव कुमारक मृत्यु भए' गेल। दुर्घटना मे हुनकर दोस्त प्रिंस कुमार (22) गंभीर रूप सं घायल भए' गेलाह। नीक इलाजक लेल पटना लए' जेबाक दौरान रास्ते मे राजीव दम तोड़ि देलनि। घायल प्रिंसक इलाज दरभंगा स्थित एक निजी अस्पताल मे चलि रहल अछि। मृतकक पहचान दुबौली गांव निवासी प्रेमलाल मंडलक पुत्र राजीव कुमारक रूप मे भेल अछि। ओतहि घायल प्रिंस पबड़ा गांव निवासी महेंद्र मंडलक पुत्र छथि। दुनू दोस्त मंगलदिन बहेड़ी बाजार स्थित लाइब्रेरी मे पढ़ाइ करबाक लेल गेल छलाह। वापस लौटबाक दौरान दुबौलीक लग हुनकर केटीएम बाइक सामने सं आबि रहल कार सं टकरा गेल। टक्कर एतेक जोरदार छल जे दुनू गंभीर रूप सं घायल भए' गेलाह। स्थानीय लोक दुनू कें डीएमसीएच पहुंचौलनि। प्राथमिक उपचारक बाद राजीवक गंभीर स्थिति देखैत चिकित्सक हुनका पटना रेफर क' देलनि, मुदा रास्ते मे राति करीब 10 बजे हुनकर मृत्यु भए' गेल। दुर्घटना सं आक्रोशित लोक किछु समय धरि मुख्य सड़क जाम क' प्रदर्शन केलनि। सूचना भेटिते थानाध्यक्ष सूरज कुमार गुप्ता पुलिस बलक संग पहुंचलाह आ लोक कें बुझा क' जाम हटौलनि। पुलिस दुर्घटनाग्रस्त कार जब्त क' लेलक अछि। चालक घटनास्थल सं फरार बताओल जा रहल छथि। राजीव बीपीएससी टीआरई-4क तैयारी क' शिक्षक बनबाक सपना देखैत छलाह। हुनकर असामयिक मृत्यु सं परिवार मे कोहराम मचल अछि। ओम्हर, दोस्त प्रिंसक गंभीर स्थिति कें लए' क' परिजन चिंतित छथि।

'नेपथ्य सं अबैत हाक' लेल युवा कवि विकास वत्सनाभ पौता कीर्तिनारायण मिश्र साहित्य सम्मान

सम्मान समारोह आगामी 24 नवंबर 2026 कें पटना स्थित विद्यापति भवन मे आयोजित होयत

सहरसा, समदिया



मैथिलीक युवा कवि विकास वत्सनाभ कें चेतना समिति, पटना द्वारा देल जाएबला प्रतिष्ठित कीर्तिनारायण मिश्र साहित्य सम्मान सं सम्मानित कयल जएतनि। विद्यापति स्मृतिपर्व समारोहक अवसर पर प्रतिवर्ष देल जाएबला ई सम्मान एहि वर्ष हुनकर कविता-संग्रह नेपथ्य सं अबैत हाक लेल देल जएतनि। सम्मान समारोह आगामी 24 नवंबर 2026 कें पटना स्थित विद्यापति भवन मे आयोजित होयत।

ई सम्मान साहित्य अकादेमी पुरस्कार सं सम्मानित मैथिली आ हिंदी भाषाक वरिष्ठ साहित्यकार तथा बेगूसराय निवासी कीर्तिनारायण मिश्रक स्मृति मे प्रतिवर्ष देल जाइत अछि। मैथिली साहित्यक क्षेत्र मे विशिष्ट योगदान देनिहार रचनाकार सभ कें समर्पित एहि सम्मान सं एखन धरि महाप्रकाश, हरेकृष्ण झा सहित कतेको महत्वपूर्ण साहित्यकार सम्मानित भए चुकल छथि। एहि वर्ष सम्मान लेल विकास वत्सनाभक कविता-संग्रह नेपथ्य सं अबैत हाकक चयन कयल गेल अछि, जाहि पोथीक प्रकाशन सुपौल स्थित किसुन संकल्प लोक द्वारा कयल गेल अछि। ई संग्रह साहित्यिक आ समीक्षकीय दृष्टिएं सेहो महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। अपन नवीन दृष्टि, समकालीन वैचारिकी आ विशिष्ट रचनात्मक संवेदनाक कारण विकास वत्सनाभ मैथिली कविता मे अपन अलग पहचान बनेने छथि। मूल रूप सं मधुबनी जिलाक हरिणे गामक निवासी विकास इंजीनियरिंग मे स्नातक छथि आ वर्तमान मे नेपाल मे कार्यरत छथि।

नेपथ्य सं अबैत हाक मे कवि समकालीन सामाजिक विद्रूपता, भूमंडलीकरण आ बाजारवादक अंतर्विरोध पर अपन कविताक माध्यम सं सूक्ष्म आ प्रभावशाली प्रहार कयने छथि। एहि संग प्रकृति, गाम-घरक जीवन आ अपन सांस्कृतिक जड़ि सभक प्रति प्रेम कें सकारात्मक दृष्टिकोण सं अभिव्यक्त कयने छथि। हुनकर कविता मे समयक यथार्थक संग मानवीय संवेदना आ सामाजिक सरोकारक गहींर उपस्थिति देखबा लेल भेटैत अछि। एहि कविता-संग्रह लेल हुनका पूर्व मे मैथिल समाज, रहिका द्वारा यात्री पुरस्कार सं सेहो सम्मानित कयल जा चुकल अछि।

उक्त सम्मान लेल विकास वत्सनाभक चयनक घोषणा होइते मैथिली साहित्य जगतमै हर्षक वातावरण अछि। आगामी 24 नवंबर कें विद्यापति स्मृतिपर्व समारोहक अवसर पर विद्यापति भवन, पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे हुनका प्रतीक चिह्न, प्रशस्ति-पत्र, अंगवस्त्र आ 31 हजार टका सम्मान राशि प्रदान कयल जएतनि। एहि उपलब्धि पर वरिष्ठ साहित्यकार डॉ. सुभाष चंद्र यादव, डॉ. महेंद्र, नंदिनी पाठक, केदार कानन, सुस्मिता पाठक, रमण कुमार सिंह, किसलय कृष्ण, आशीष चमन, डॉ. रेणु कुमारी झा, दीपिका चंद्रा, डॉ. अपर्णा कुमारी, डॉ. संजय वशिष्ठ, डॉ. धर्मव्रत चौधरी आ कुमार विक्रमादित्य सहित कतेको साहित्यकार आ बुद्धिजीवी सभ प्रसन्नता व्यक्त करैत विकास वत्सनाभ कें बधाई आ शुभकामना देने छथि।

10 हजार कार्यकर्ताक सहभागिता सं निकलत 'लोकतंत्र बचाउ-अराजकता हटाउ' पदयात्रा

पोलो मैदान मे दस विधानसभा क्षेत्रक लेल अलग-अलग काउंटर, सांसद लेलनि तैयारीक जायजा

दरभंगा, समदिया



लहेरियासराय स्थित पोलो मैदान सं 10 हजार कार्यकर्ताक विशाल सहभागिताक संग प्रस्तावित लोकतंत्र बचाउ-अराजकता हटाउ पदयात्रा शुरू होयत। एहि लेल जिलाक सभ 10 विधानसभा क्षेत्रक कार्यकर्ता सभक पंजीकरण अलग-अलग काउंटर पर कयल जायत। कार्यकर्ता सभक आगमन, वाहन सभक पार्किंग आ पदयात्राक सुव्यवस्थित संचालन लेल व्यापक तैयारी कयल गेल अछि। स्थानीय सांसद सह पदयात्रा कार्यक्रमक समन्वयक डॉ. गोपालजी ठाकुर बिहार सरकारक मंत्री रामचंद्र प्रसाद, क्षेत्रीय प्रभारी पवन जायसवाल आ जिलाध्यक्ष आदित्य नारायण चौधरी मन्ना सहित पार्टी नेतासभक संग पोलो मैदान पहुंचि तैयारीक निरीक्षण केलनि। ओ पोलो मैदान मे बनि रहल मंच आ पंडाल, दारुभट्टी चौक स्थित मंच आ वाहन सभक पार्किंग स्थल कें देखलनि। एहि दौरान संगठनक मंच, मोर्चा आ प्रकोष्ठक पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि।

सांसद कहलनि जे पदयात्राक दौरान आम लोक आ व्यवसायी सभ कें कोनो तरहक परेशानी नहि होयबाक चाही। ओ तैयारी पर संतोष व्यक्त करैत कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे विकसित भारत-2047 के संकल्प पूरा होयत। निरीक्षणक दौरान जिलाध्यक्ष आदित्य नारायण चौधरी मन्ना, प्रदेश सह कोषाध्यक्ष अंकुर गुप्ता, प्रदेश मंत्री अंजनी निषाद, महिला मोर्चाक जिलाध्यक्ष सपना भारती, प्रमोद चौधरी सहित सैकड़ो कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

नदियामी पंचैती मे भूमि सर्वेक्षणक दौरान दू रैयत मे नोकझोंक, अमीन संभारलनि स्थिति

नदियामी, समदिया



नदियामी पंचायती मे सरकारी अमीन मो. मतिउर रहमानक देखरेख मे भूमि सर्वेक्षणक काज चलि रहल छल। एहि दौरान बुधदिन जमीनक मापी आ सीमांकन कें लए' क' दू रैयत के बीच हल्का नोकझोंक भए' गेल। दुनू पक्षक बीच किछु समय धरि बहस होइत रहल। हालांकि, मामिला बेसी बढ़बाक पहिनहि स्थिति सामान्य भए' गेल। सर्वेक्षणक दौरान पंचायतीक विभिन्न भूखंडक मापी क' जमीन सं जुड़ल विवरण सभ संकलित कयल जा रहल छल। एहि प्रक्रियाक उद्देश्य जमीनक वास्तविक रकबा, सीमांकन आ भू-अभिलेख सं संबंधित जानकारी कें व्यवस्थित करब अछि। भूमि सर्वेक्षण रैयत सभक लेल अत्यंत महत्वपूर्ण प्रक्रिया अछि। एहि दौरान जमीनक स्वामित्व, पुरान अभिलेख आ वास्तविक कब्जा सं संबंधित तथ्यक सही मिलान आवश्यक अछि। मापी मे छोटो चूक भविष्य मे पैघ भूमि विवादक कारण बनि सकैत अछि। तें सर्वेक्षणक काज मे पारदर्शिता आ निष्पक्षता रखबाक संग सभ पक्षक बात सुनि अभिलेखक आधार पर मापी सुनिश्चित करब जरूरी अछि।

छठि पर्व कें लए प्रशासन सतर्क, एसडीएम आ ईओ केलनि घाट सभक निरीक्षण

साफ-सफाइ, ब्लीचिंग पाउडरक छिड़काव आ रोशनीक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक देलनि निर्देश

बेनीपट्टी, समदिया



लोक आस्थाक महापर्व छठ कें लए बेनीपट्टी मे प्रशासनिक तैयारी तेज भए गेल अछि। व्रती आ श्रद्धालु सभ कें नीक सुविधा उपलब्ध करय तथा पर्व शांतिपूर्ण आ सुरक्षित वातावरण मे संपन्न करयबाक उद्देश्य सं बुधदिन अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेय आ नगर पंचायतक कार्यपालक पदाधिकारी गौतम आनंद संयुक्त रूप सं छठ घाट सभक निरीक्षण केलनि। एहि दौरान अधिकारी सभ नगर पंचायतबेनीपट्टी क्षेत्रक सरिसब, संसार पोखरि सहित कतेको छठ घाटक जायजा लेलनि। निरीक्षणक क्रम मे घाट सभक वर्तमान स्थिति, पोखरिक गहराइ, जलस्तर आ साफ-सफाइक व्यवस्थाक आकलन सेहो कयलनि। अधिकारी सभ स्थानीय लोक आ गणमान्य नागरिक सभ सं बातचीत कय पर्वक दौरान जुटयवला संभावित भीड़ आ घाट सभ सं जुड़ल आवश्यक जानकारी प्राप्त केलनि। निरीक्षणक दौरान एसडीएमसंबंधित कर्मी सभ कें निर्देश देलनि जे छठ पर्व सं पहिने सभ घाट पर समुचित आ सघन साफ-सफाइसुनिश्चित कराओल जाए। संक्रमण सं बचाव आ स्वच्छता बनौने रखबाक लेल घाट सभ पर ब्लीचिंग पाउडरक छिड़काव कराओल जाए। एकर अतिरिक्त घाट सभक आसपास रंग-रोगन, पर्याप्त रोशनी आ आन जरूरी सुविधाक व्यवस्था समय रहैत पूरा करबाक निर्देश देलनि। एसडीएम स्पष्ट कयलनि जे छठ घाट पर व्रती आ श्रद्धालु सभक सुरक्षा आ सुविधा प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। एहि काज मे कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जायत। प्रशासनिक स्तर पर सभ घाटक आवश्यक तैयारीक निगरानी कयल जा रहल अछि, जाहि सं महापर्वक दौरान श्रद्धालु सभ कें कोनो तरहक परेशानी नहि हो।निरीक्षणक दौरान स्वच्छता पदाधिकारी शिव कुमार, जेई गंगेश कुमार, अरुण कुमार सहित अन्य अधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

राष्ट्रीय लोक अदालत मे बैंकक कर्ज विवादक होयत निपटारा, 17 नवंबर धरि पठाओल जायत नोटिस

» 12 दिसंबर कें लागत राष्ट्रीय लोक अदालत, झंझारपुर मे अधिकारी सभक बैसार मे बनल रणनीति



झंझारपुर, समदिया

आगामी 12 दिसंबर 2026 कें आयोजित होमयबला राष्ट्रीय लोक अदालत मे आपसी सहमति आ समझौताक आधार पर बेसी सं बेसी मामिलाक निपटारा करबाक तैयारी शुरू भए गेल अछि। एहि सिलसिला मे अनुमंडलीय विधिक सेवा समिति के अध्यक्षक कक्ष मे महत्वपूर्ण बैसार आयोजित कयल गेल। प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश सह मधुबनी जिला विधिक सेवा प्राधिकारक निर्देश पर बजाओल गेल एहि बैसारक अध्यक्षता समिति के अध्यक्ष सुशील कुमार दीक्षित कयलनि। बैसार मे एडीजे-द्वितीयअभिषेक रंजन आ समिति के सचिव सह एसडीजेएम आनंद राज सेहो भाग लेलनि। एहि अवसर पर बिहार ग्रामीण बैंकक अनिमेष झा, पंजाब नेशनल बैंक झंझारपुर बाजारक प्रतिनिधि, बैंक अधिकारी शिशिर चंद्र, रमेश कुमार, इंद्रदेव कुमार, इंडियन बैंक झंझारपुरक प्रतिनिधि आ दूरभाष विभागक अनुमंडल पदाधिकारीउपस्थित छलाह। बैसार मे बैंक अधिकारी सभ कें निर्देश देल गेलनि जे अपन-अपन बैंक मे लंबित सुलह योग्य ऋण मामिला सभक सूची तैयार करथि। संबंधित ऋणधारक सभ कें 17 नवंबर धरि नोटिस पठेनाइ सुनिश्चित करथि। अधिकारी सभ कें ईहो कहल गेलनि जे मात्र नोटिस पठेनाइ पर्याप्त नहि अछि, बल्किऋणधारक सभ सं सीधा संपर्क कए हुनका समझौता विवादक समाधान करा सकथि।

मंत्री नीतीश मिश्रक पत्र पर रेलवे देलक जवाब, अंडरपास मे जलजमाव सं भेटत मुक्ति

» झंझारपुर-निर्मली आ झंझारपुर-लौकहा रेलखंडक अंडरपास कें शेड सं कयल जायत आच्छादित

झंझारपुर, समदिया

बिहार सरकारक मंत्री आ झंझारपुरक विधायक नीतीश मिश्रक पत्रक आलोक मे पूर्व मध्य रेलवे अंडरपासमे जलजमावक समस्याक स्थायी समाधान लेल जवाब पठौलक अछि। रेलवे जानकारी देने अछि जे कतेको अंडरपास मे शेड लगयबाक काज पूरा कय लेल गेल अछि, जखन कि कतेको स्थान पर काजप्रगति पर अछि। मंत्री सह विधायक नीतीश मिश्र अपन पत्रक माध्यम सं समस्तीपुर मंडलक सकरी-झंझारपुर-निर्मली आ झंझारपुर-लौकहा रेलखंड पर आमान परिवर्तनक अंतर्गत बनाओल गेल अधिकांश रेलवे अंडरपास मे जलजमाव सं उत्पन्न समस्याक स्थायी समाधान करबाक मांग कयने छलाह। एहि पत्रक आलोक मे पूर्व मध्य रेलवे, हाजीपुरक महाप्रबंधक (इंजीनियरिंग) कार्यालय सं जवाब भेटलअछि। मुख्य सामान्य अभियंता धर्म प्रकाश द्वारा पठाओल गेल पत्र मे इंजीनियरिंग विभाग कहने अछिजे झंझारपुर सं तमुरिया स्टेशनक बीच अंडरपास संख्या 53, 54, 55 आ 56 मे जलजमाव रोकबाक लेल शेड लगाओल जायत। घोघरडीहा सं निर्मली स्टेशनक बीच अंडरपास संख्या 72, 73, 74, 75, 76, 77, 78, 79, 79 ए, 80, 81 आ 82 कें जलजमाव रोकबाक लेल शेड सं आच्छादित कय देल गेल अछि। ओतहि लौकहारेलखंड पर झंझारपुर सं महरैल स्टेशनक बीच अंडरपास संख्या 2, 3, 4 आ 11 मे जलजमावक कोनो समस्या नहि अछि। जखन कि महरैल स्टेशन सं वाचस्पति नगर स्टेशनक बीच अंडरपास संख्या 15, 16, 18, 19, 21, 23 ए आ 25 मे जलजमाव रोकबाक लेल शेड निर्माणक काज प्रगति पर अछि। रेलवे द्वारा देल गेल एहि आश्वासन सं क्षेत्रक लोक सभ मे उम्मीद जकड़ल अछि जे बरसातक दिन मे अंडरपास मे होमयवला जलजमावक समस्या सं राहति भेटत।

विधि सेवा दिवस पर 9 नवंबर कें चलत घर-घर कानूनी जागरूकता अभियान

गरीब आ वंचित लोक कें भेटत निःशुल्क कानूनी सहायता

दरभंगा, समदिया

विधि सेवा दिवसक अवसर पर आगामी 9 नवंबर कें जिला भरिक शहरी, ग्रामीण आ पिछड़ल क्षेत्र सभ मे घर-घर अभियान संग विधिक जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल जायत। एकर उद्देश्य गरीब, असहाय,आर्थिक रूप सं कमजोर आ वंचित लोक सभ कें हुनकर कानूनी अधिकारक जानकारी देबाक संग निःशुल्क विधिक सहायता उपलब्ध करेनाइ अछि। एहि संबंध मे जिला विधिक सेवा प्राधिकारक सचिव बतौलनि जे अभियानक सफल संचालन लेल पारा विधिक स्वयंसेवक सभक टीम गठित कए हुनका सभकप्रतिनियुक्ति कय देल गेल अछि। स्वयंसेवक सभ निर्धारित पंचायत, गाम, टोल, मोहल्ला आ वार्ड मे घर- घर जा लोक सभ कें विधिक सेवासभक जानकारी देताह। अभियानक दौरान निःशुल्क कानूनी सहायता प्राप्त करबाक पात्रता आ प्रक्रिया, राष्ट्रीय विधिक सेवा प्राधिकरण (नालसा) केर जनकल्याणकारी योजना, राष्ट्रीय लोक अदालत, मध्यस्थता आ आपसी सहमति सं विवादक समाधान संबंधी जानकारी देल जायत। एकर संगहि बच्चा सभक अधिकार, संरक्षण आ बाल-अनुकूल विधिक सेवा कें लए कए सेहो जागरूक कयल जायत। अभियान मे आशा कार्यकर्ता, आंगनबाड़ी सेविका, जीविका समूह आ सामाजिक संगठन सभक सहयोग लेल जायत, जाहि सं समाजक आखरी पांति मे ठाढ़ जरूरतमंद लोक धरि कानूनी सहायता संबंधी जानकारी पहुंचि सकय। सभ प्रतिनियुक्त स्वयंसेवक कें अभियानक गतिविधि आ जागरूक कयल गेल लोक सभक विस्तृत प्रतिवेदन तैयार करबाक निर्देश देल गेल अछि।

ई-कचरा प्रबंधन लेल चलाओल गेल जागरूकता अभियान

बिरफी, समदिया

प्रखंड क्षेत्रक उच्च माध्यमिक विद्यालय बलहा परिसर मे स्वच्छता स्पेशल कैंपेन 6क अंतर्गत ई-कचरा प्रबंधन आ जागरूकता अभियान चलाओल गेल। एहि अवसर पर विद्यालय मे विशेष कार्यक्रम आयोजितकए ई-कचरा संग्रहण काज कयल गेल। कार्यक्रमक दौरान ई-कचरा प्रबंधन विषय पर विशेष चेतना सत्र आयोजित कयल गेल। संगहि छात्र-छात्रा सभक लेल प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिता सेहो आयोजित भेल। एकत्रित ई-कचरा के उचित निस्तारण लेल हरियर, नील, लाल आ कारी रंगक डिब्बाक व्यवस्था कयल गेल। एहि माध्य मे ई-कचरा प्रबंधन, जागरूकता आ संग्रहण अभियान चलाओल गेल। अभियान मे ईको क्लबकसदस्य सभ सेहो भाग लेलनि। प्रधानाध्यापिका मीनाक्षी कुमार कहलनि जे स्वच्छता स्पेशल कैंपेन 6क अंतर्गत स्वच्छता, साफ-सफाई, हाथक स्वच्छता आ जैव-चिकित्सीय अपशिष्ट प्रबंधनक प्रति लोक कें जागरूक कयल जा रहल अछि।एहि कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य शैक्षणिक संस्थान सभ मे स्वच्छ, सुरक्षित आ संक्रमणमुक्त वातावरणबनौने रखबाक अछि। एहि अवसर पर विद्यालयक शिक्षक सभ उपस्थित छलाह।

कायाकल्प अभियान सं बदलत सरकारी भवनक हालति, एसडीएम देलनि शीघ्र काज पूरा करबाक निर्देश

झंझारपुर, समदिया



सरकारक कायाकल्प अभियानक अंतर्गत आब झंझारपुर अनुमंडलक जर्जर सरकारी भवन सभक सूरत बदलत देखाइ पड़त। एहि अभियानक प्रगतिक समीक्षा लेल झंझारपुरक एसडीएम टोनी कुमारी अनुमंडलक सभ प्रखंडक बीडीओ आ विभिन्न विभागक अधिकारी सभक संग महत्वपूर्ण बैसार कयलनि। बैसार मे एसडीएम स्पष्ट निर्देश देलनि जे कायाकल्प अभियानक अंतर्गत भवन सभक जीर्णोद्धार आ रंग-रोगनक काज यथाशीघ्र पूरा कयल जाए। एहि काज मे कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जायत। ओ सभ अधिकारी सभ कें अपन-अपन क्षेत्रक जर्जर भवन सभक सूची तैयार कए निर्धारित समय सीमा मे काज पूरा करयबाक निर्देश देलनि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, झंझारपुर, लखनौर, मधेपुर आ अंधराठाढ़ी प्रखंडकविद्यालय, आंगनबाड़ी केंद्र, पंचायत सरकार भवन, स्वास्थ्य विभागक भवन सहित अन्य जर्जर सरकारीभवन सभक कायाकल्प कयल जायत। सरकारक एहि पहल सं सरकारी कार्यालय मे कार्यरत कर्मी सभक संग आम लोक कें सेहो स्वच्छ आ नीक वातावरण भेटत। अनुमंडलक कतेको स्थान पर जीर्णोद्धारक काज शुरू भए गेल अछि। एहि अभियानक नीक उदाहरण झंझारपुरक महिनाथपुर पंचायत सरकार भवन अछि। कायाकल्प अभियानक अंतर्गत एहि भवनक व्यवस्थित ढंग सं रंग-रोगन कयल गेल अछि। एहि सं भवनक रूप-रंग बदलि गेल अछि आ आब ई देखबा मे आकर्षक आ सुंदर लगैत अछि। स्थानीय ग्रामीण सभ सेहो एहि बदलावक सराहना कयलनि। बैसार मे अधिकारी सभ जानकारी देलनि जे सभ सरकारी भवनक सुधारक काज चरणबद्ध तरीका सं कयल जा रहल अछि। एकर उद्देश्य सरकारी योजनाक लाभ लेबाक लेल अबयवला लोक सभ कें नीक आ अनुकूल वातावरण उपलब्ध करायब अछि।

नगर आयुक्तक निलंबनक विरोध मे दोसरो दिन नगर निगम मे तालाबंदी



सहरसा, समदिया

नगर निगमक नगर आयुक्त प्रभात कुमार झाक निलंबनक विरोध मे लगातार दोसर दिनो नगर निगम कार्यालय मे तालाबंदी जारी रहल। एहि दौरान पार्षद आ पार्षद प्रतिनिधि सभ एकजुट भए विरोध प्रदर्शन कयलनि आ निलंबनक निर्णय पर पुनर्विचार करबाक मांग उठौलनि। प्रदर्शनकारी जनप्रतिनिधि सभककहब अछि जे नगर आयुक्त अपन कार्यकाल मे शहरक स्वच्छता, जलजमाव सं मुक्ति, सड़क आ नाला निर्माण, पोखरि सभक सौंदर्यीकरण, ठोस अपशिष्ट प्रबंधन तथा स्वच्छता अभियान जेकां योजना सभ कें गति देबाक लेल कतेको पहल कयने छलाह। एहन स्थिति मे हुनकर निलंबन सं निगमक प्रशासनिक काजक संग विकास योजना सभ पर प्रतिकूल असर पड़बाक आशंका अछि। ओतहि दोसर दिस नगर आयुक्त पर करोड़ो टाकाक योजना सभ कें छोट-छोट हिस्सा मे बांटि लाखो टाकाक योजना बना काजकरयबाक आरोप अछि। जांच मे दोषी पाओल गेलाक बाद विभाग द्वारा हुनका निलंबित कयल गेल अछि। एहि मामिला कें लए कए नगर निगम मे प्रशासनिक आ राजनीतिक सरगर्मी तेज भए गेल अछि।

हृदय रोगक बढ़ैत खतरा लए कए सतर्क रहबाक जरूरत : डॉ. शशि शेखर झा

सीतामढ़ी, समदिया



हृदय रोग आइ-कालि्ह गंभीर स्वास्थ्य समस्याक रूप लैत जा रहल अछि। बदलैत जीवनशैली, खानपान मेलापरवाही, शारीरिक गतिविधिक कमी, तनाव, धूम्रपान आ अनियमित दिनचर्या हृदय रोगक प्रमुख कारणसभ मे शामिल अछि। एहि संबंध मे डॉ. शशि शेखर झा लोक सभ कें हृदय स्वास्थ्यक प्रति जागरूकरहबाक आ समय-समय पर स्वास्थ्य जांच करयबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे हृदय रोग सं बचबाक लेल संतुलित आ पौष्टिक भोजन, नियमित व्यायाम, पर्याप्त निद्रा आ तनावमुक्त जीवनशैली अपनायब अत्यंत जरूरी अछि। एहि संग रक्तचाप, मधुमेह आ कोलेस्ट्रॉल पर नियंत्रण रखब सेहो हृदय कें स्वस्थ रखबाक लेल महत्वपूर्ण अछि। डॉ. झाक अनुसार, छाती मे दर्द वादबाव, सांस लेबा मे परेशानी, असामान्य रूप सं पसीना निकलनाइ, चक्कर आयब आ अत्यधिक थकानजेकां लक्षण सभ कें नजरअंदाज नहि करबाक चाही। एहन लक्षण देखाइ पड़ला पर तुरंत चिकित्सकीयसलाह लेबाक चाही। ओ आगू कहलनि जे आब कम उम्रक लोक सभ मे सेहो हृदय संबंधी समस्या देखबामे आबि रहल अछि, जे चिंताक विषय अछि। एहि लेल युवावर्ग कें सेहो अपन स्वास्थ्यक प्रति गंभीर रहबाक जरूरत अछि। जंक फूड, अत्यधिक तैलीय भोजन आ निष्क्रिय जीवनशैली सं दूरी बनाकए स्वस्थ आदति अपनयबाक चाही। नियमित स्वास्थ्य जांच सं हृदय संबंधी समस्या सभक समय रहैत पता लगाओल जा सकैत अछि। डॉ. झा लोक सभ सं अपील कयलनि जे हृदय रोगक प्रति कोनो तरहकलापरवाही नहि बरतथि। समय पर रोगक पहचान आ उचित उपचार सं हृदय रोगक गंभीर खतरा कमकयल जा सकैत अछि।

4 जनवरी कें प्रकाशित होयत मतदाता सूची

चारि विशेष अभियान दिवस पर बूथ सभ पर उपस्थित रहताह बीएलओ

दरभंगा, समदिया

12 नवंबर सं 11 दिसंबर धरि दावा-आपत्तिक मौका



अर्हता तिथि 1 जनवरी 2027 के आधार पर निर्वाचक सूची विशेष संक्षिप्त पुनरीक्षण कें लए कए उपनिर्वाचन पदाधिकारी सुरेश कुमारक अध्यक्षता मे बुधदिन मान्यता प्राप्त राजनीतिक दलक प्रतिनिधिसभक बैसार भेल। एहि दौरान पुनरीक्षण कार्यक्रमक विस्तृत जानकारी देल गेल आ मतदाता सूची केंस्वच्छ, शुद्ध आ त्रुटिरहित बनेबाक लेल राजनीतिक दल सभ सं सहयोगक अपील कयल गेल। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार प्रारूप मतदाता सूची 12 नवंबर कें प्रकाशित होयत। एकर बाद 12 नवंबर सं 11 दिसंबर धरि दावा आ आपत्ति दर्ज कराओल जा सकत। एहि लेल 21 आ 22 नवंबर तथा 5 आ 6 दिसंबरकें विशेष अभियान दिवस निर्धारित कयल गेल अछि। दावा आ आपत्तिक निष्पादन 18 दिसंबर धरिकयल जायत, जखन कि आखरी मतदाता सूची 4 जनवरी 2027 कें प्रकाशित होयत। बैसार मे बताओलगेल जे प्रपत्र-6 के माध्यम सं नव नाम जोड़बाक, प्रपत्र-7 के माध्यम सं नाम हटेबाक तथा प्रपत्र-8 केमाध्यम सं पता बदलय, प्रविष्टि मे सुधार आ ईपिक प्रतिस्थापन लेल आवेदन कयल जा सकैत अछि।पात्र नागरिक आगामी अर्हता तिथि 1 अप्रैल, 1 जुलाई आ 1 अक्टूबर 2027 के आधार पर सेहो मतदातासूची मे नाम जुड़वयबाक लेल आवेदन कय सकैत छथि। विशेष अभियान दिवस पर सभ बीएलओ अपन- अपन मतदान केंद्र पर अनिवार्य रूप सं उपस्थित रहताह। राजनीतिक दल सभ कें प्रत्येक मतदान केंद्र पर बूथ स्तरीय अभिकर्ता (बीएलए) नियुक्त करबाक निर्देश देल गेल। उप निर्वाचन पदाधिकारी कहलनिजे राजनीतिक दल, बीएलओ आ आम नागरिकक आपसी सहयोग सं मात्र त्रुटिरहित मतदाता सूची तैयारभए सकैत अछि। बैसार मे जिला जनसंपर्क पदाधिकारी आशीष अमन सहित विभिन्न राजनीतिक दलकप्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

एमएसएमईक पैघ कार्यशाला, मधुबनी पेंटिंग आ हस्तशिल्प उद्यमी सभ कें भेटल निर्यातक मंत्र

मधुबनी, समदिया



भारत सरकारक सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्रालयक तत्वावधान मे एमएसएमई विकास कार्यालय, मुजफ्फरपुर द्वारा मधुबनी शहरक एक स्थानीय होटल मे प्रोक्योरमेंट एंड मार्केटिंग सपोर्ट (पीएमएस)योजनाक अंतर्गत एकदिवसीय कार्यशालाक आयोजन कयल गेल। एहि कार्यशाला मे मधुबनी पेंटिंग आहस्तशिल्प सं जुड़ल उद्यमी सभ कें निर्यात, सरकारी खरीद, ई-कॉमर्स आ विपणनक गुर सिखाओल गेल।कार्यक्रमक उद्देश्य एमएसएमईक सर्वांगीण विकास लेल केंद्र सरकार द्वारा संचालित विभिन्न योजनासभ, जेना सार्वजनिक खरीद नीति (पीपीपी), सरकारी ई-मार्केटप्लेस, एक्जिम नीति, ई-कॉमर्स, पैकेजिंग आ बाजार अनुसंधानक जानकारी विशेषज्ञ सभक माध्यम सं पावर प्वाइंट प्रस्तुतीकरण द्वारा देब छल। एहि दौरान ई-कॉमर्स आ डिजिटल मार्केटिंगक विभिन्न पक्ष पर सेहो चर्चा कयल गेल। कार्यशालाक उद्घाटन अग्रणी जिला प्रबंधक, सेंट्रल बैंक ऑफ इंडिया, मधुबनीक गजेंद्र मोहन झा, एमएसएमई विकास एवं सुविधाकार्यालय, मुजफ्फरपुरक सहायक निदेशक ग्रेड-1 रमेश कुमार यादव, जिला उद्योग केंद्र, मधुबनीक आईईओहरीश कुमार, भारतीय डाक, मधुबनीक डाक निर्यात केंद्र सं जुड़ल अशोक कुमार झा, ट्रेडिशनल पेंटिंगक्लस्टरक सचिव षष्टीनाथ झा आ अन्य अधिकारी सभ संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कय कयलनि। एहिअवसर पर रमेश कुमार यादव अपन संबोधन मे सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्रालय द्वारा उद्यम सभक संवर्धन आ विकास लेल संचालित विभिन्न महत्वपूर्ण योजनासभक जानकारी देलनि। एहि मेउद्यम पंजीकरण, जेड पंजीकरण, प्रोक्योरमेंट एवं मार्केटिंग सपोर्ट (पीएमएस), राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीयव्यापार मेला, बार कोड प्रतिपूर्ति योजना आ सार्वजनिक खरीद नीति प्रमुख छल। ओ उद्यमिता विकास, मूल्य निर्धारण रणनीति, बाजारक बदलैत प्रवृत्ति, निर्यात संवर्धन, ई-कॉमर्स, उत्पादक पैकेजिंग आ लेबलिंग, ब्रांडिंग तथा बिक्री रणनीतिक महत्व पर विशेष जोर देलनि। संगहि जिला मे संचालित एमएसएमई उद्यमसभ कें सरकारी योजनाक अधिकाधिक लाभ उठाकऽ अपन कारोबारक विस्तार करबाक अपील कयलनि। कार्यशाला मे सत्यम कुमार, पटना द्वारा सरकारी ई-मार्केटप्लेस पर ऑनबोर्डिंग आ पंजीकरण प्रक्रियाकविस्तृत जानकारी देल गेल। ओ उद्यमी सभ कें पोर्टल पर पंजीकरण, अपन उत्पाद आ सेवा कें सूचीबद्धकरबाक तथा सरकारी खरीद प्रक्रिया मे भाग लए नव बाजार अवसरक लाभ उठेबाक तरीका बतौलनि।ओतहि हस्तशिल्प निर्यात संवर्धन परिषद (ईपीसीएच), पटना के एजीएम नितीश कुमार मधुबनी पेंटिंग आहस्तशिल्प सं जुड़ल उद्यमी सभ कें ईपीसीएच तथा भारतीय डाकक डाक निर्यात केंद्रक योजनाक माध्यम सं अपन उत्पाद विदेश भेजबाक लेल प्रोत्साहित कयलनि। कार्यक्रमक दौरान पीएमएस योजनाक उद्देश्य,लाभ आ उद्यमी सभक लेल उपलब्ध अवसर पर विस्तार सं चर्चा भेल। अधिकारी सभ उद्यमी सभ कें अपन उत्पादक बाजार पहुंच बढ़ेबाक, विपणन गतिविधि मजबूत करबाक आ सरकारी योजनाक लाभउठेबाक लेल प्रेरित कयलनि। संगहि डिजिटल मार्केटिंग, ई-कॉमर्स आ निर्यातक अवसरक उपयोग कएकारोबार आगू बढ़ेबाक संदेश देलनि। पीएमएस योजनाक अंतर्गत आयोजित एहि एकदिवसीय कार्यशाला मे 130 सं बेसी उद्यमी भाग लेलनि।

सहरसा नगर निगमक कार्यसंस्कृति कहियो पाक-साफ नहि रहल

सहरसा, राजीव झा, समदिया

विकासक कोनो वैचारिक रोडमैपक अभाव मे बेसीधरि वार्ड पार्षद कमीशनखोरी मे लटकल रहलाह



» चुनावक करीब 40 माह बादो विकास सं दूर रहल मुख्यालय

» देखाबटी लेल गिट्टी, बालू, सीमेंट आ छड़िक जाल जरूर बिछि गेल

झाकपत्नी कुमारी बैन प्रिया पहिल बेर मेयर बनलीह। जखन कि डिप्टी मेयर पद पर उमर हयात गुड्डू छथि। नगर निगमक सभ 46 वार्ड पार्षद कें लोक एहि विश्वासक संग चुनने छलाह जे आब सहरसा शहरक चौमुखी विकास निर्बाध गति सं होयत। मुदा विकासक कोनो वैचारिक रोडमैप आ ब्लू प्रिंट नहि रहबाक कारण अधिकांश वार्ड पार्षद कमीशनखोरी मे लटकल-झटकल नजरि अयलाह। एहि मे के कतेक बेसी आ के कतेक कम, एकर आकलन वार्ड पार्षद सभ अपन अंतरात्मा मे झांकि कए कय सकैत छथि। तहिना, हम कोनो वार्ड पार्षद कें दोषी नहि ठहरा रहल छी। जाहि हिसाबे जेकर सोच, तहिना ओकर नजरिया। विकासक नाम पर खाऊ-पकाऊ नाला आ एक-दू सड़कक निर्माण होइत रहल। शहरक सौंदर्यीकरण आ जलजमावक समस्या दूर करबाक संग विकासक कोनो खास मतलब नहि रहि गेल। चुनावक 40 माह बादो विकास सं नहि जगमगायल शहरचुनावक करीब 40 माह बादो विकास सं जगमगाइत शहर तं नहि बनि सकल, मुदा कंक्रीट, बालू, सीमेंट आ छड़िक जाल जरूर बिछा देल गेल। एहि सामग्री सं बनाओल गेल नाला कतहु सं कतहु जोड़ल गेल अछि। एहि कारण बरखा हो वा सामान्य दिन, नालाक पानिक समुचित निकास नहि भए पबैत अछि। आबस्थिति ई अछि जे जगह-जगह जमा पानि निकालबाक लेल मशीनक उपयोग करय पड़ैत अछि। अर्थात शहरक वार्ड सभ सं जलनिकासी लेल नाला तं बनाओल गेल, मुदा नालाक पानि कतय जायत, तकरव्यवस्था नहि कयल गेल। शहरक चारू कात जलनिकासीक सभ स्रोत ध्वस्त भए चुकल अछि आअतिक्रमणक भेंट चढ़ि गेल अछि। किछु जगह गार्डेन आ सेल्फी प्वाइंट जेकां खास निर्माण शहर कें सुंदर रूप दैत अछि। मुदा एहि सभक बीच निर्वाचित वार्ड पार्षद, मेयर आ डिप्टी मेयरक बीच विकास कें लएकए समन्वयक घोर अभाव प्रमुख कारण मानल जाइत अछि। एहि बीच नगर निगमक कार्यपालक पदाधिकारी अर्थात नगर आयुक्तक रूप मे 5 अधिकारी अयलाह। एहि मे सभ सं ऊर्जावान पदाधिकारीप्रभात कुमार झा रहलाह। आरोप अछि जे ओ फुट डालू, राज करू के नीति अपना कए नगर निगम कें चारागाह बना लेलनि। विभागीय स्तर पर काज करय मे विशेष रुचि देखबैत 15 लाख टाका सं कम लागतवला प्राक्कलन तैयार कराओल गेल आ 8.44 करोड़ टाकाक लागत सं 68 छोट-छोट योजना कें केनहियो-केनहियो पूरा करबाक प्रक्रिया चलि रहल छल। एहि योजना सभ कें लए कए मेयर बैन प्रिया, पूर्वमंत्री आ पूर्व विधायक डॉ. आलोक रंजन सहित अन्य लोक सभ शिकायत कयने छलाह। एकर बाद गठित जांच दल 21 सितंबर 2026 कें अपन जांच रिपोर्ट सौंपलक, जाहि मे नगर आयुक्त कें दोषी बतबैत विभागीय आ कानूनी कारबाइक अनुशंसा कयल गेल। एकर बाद बिहार सरकार नगर निगम सहरसाकनगर आयुक्त प्रभात कुमार झा कें निलंबित कय देलक। सबसं आश्चर्यजनक बात ई अछि जे निलंबनकबाद किछु वार्ड पार्षद हुनका विकासक विश्वकर्मा बतबैत सरकारक कारबाइक विरोध मे धरना पर बैसलाह। हुनका सभक कहब छलनि जे निलंबित नगर आयुक्तक पक्ष सेहो सुनबाक चाही। सोलह मासक कार्यकाल बाद निलंबित भए विदा भेलाह नगर आयुक्त कुल मिला कए 21 जून 2025 कें नगर आयुक्त बनल प्रभात कुमार झा 3 नवंबर 2026 कें निलंबित भए गेलाह। ओ जाइत-जाइत कतेको पेंच फंसा गेलाह। कतेको योजना एहन अछि, जकर स्वीकृति आ लेखा-जोखा तक नगर निगम लग उपलब्ध नहि अछि। एहन कार्यसभक राशि के भुगतान कोना होयत, ई सेहोजांचक विषय बनत। नगर आयुक्त प्रभात झाक कार्यकाल मे कार्यालयक कर्मी, मेयर, उपमेयर आ पार्षद सभ द्वारा कराओलगेल योजनाक सेहो जांच आब जरूरी अछि। आब देखबाक ई अछि जे नगर आयुक्तक पद पर आगू केअधिकारी अबैत छथि आ सहरसाक समस्या सभक समाधान कोना करैत छथि।

जनगणना-2027क तैयारी तेज, अधिकारी आ कर्मी सभ कें देल गेल विशेष प्रशिक्षण

पटना सं आयल मास्टर ट्रेनर सभ जनगणना प्रक्रिया सभक देलनि जानकारी

सहरसा, समदिया



जनगणना-2027क तैयारी कें लए कए प्रशासनिक स्तर पर गतिविधि तेज भए गेल अछि। एहि क्रम मे बुधदिन समाहरणालय स्थित नव सभागार मे जनगणना-2027क दोसर चरणक अंतर्गत विस्तृत प्रशिक्षणकार्यक्रम आयोजित कयल गेल। पटना सं आयल मास्टर ट्रेनर सभ विभिन्न विभागक अधिकारी आ कर्मी सभ कें जनगणना काजक प्रक्रिया, तकनीकी पक्ष आ निर्धारित जिम्मेदारी सभक विस्तारपूर्वक जानकारी देलनि। प्रशिक्षण कार्यक्रम दू स्तर पर आयोजित कयल गेल। सभागारक निचला तल पर सभ चार्ज पदाधिकारी आ सहायक चार्ज पदाधिकारी सभ कें जनगणना काज सं संबंधित आवश्यक प्रशिक्षण देल गेल। ओतहि पहिल तल पर संबंधित तकनीकी कर्मी आ अधिकारी सभ कें तकनीकी प्रक्रिया आ काजकनिष्पादन सं जुड़ल महत्वपूर्ण बिंदु सभ सं अवगत कराओल गेल। एहि अवसर पर अपर समाहर्ता(निर्वाचन) गणेश कुमार, अपर समाहर्ता (राजस्व) निशांत कुमार, अपर समाहर्ता (आपदा प्रबंधन) मुकेशकुमार आ नोडल पदाधिकारी, प्रशिक्षण कोषांग सह जिला योजना पदाधिकारी विशाल राघव उपस्थित छलाह। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार, जनगणना-2027 मे स्व-गणना (सेल्फ एन्यूमरेशन) काज 10 जनवरी सं 24 जनवरी 2027 धरि कयल जायत। एकर बाद 25 जनवरी सं 28 फरवरी 2027 धरि जनसंख्या गणना होयत। ओतहि 1 मार्च सं 5 मार्च 2027 धरि पुनरीक्षण चरण चलाओल जायत। प्रशिक्षणक मुख्य उद्देश्य जनगणना काज सं जुड़ल सभ अधिकारी आ कर्मी सभ कें निर्धारित प्रक्रिया आ अपन-अपन दायित्वक समुचित जानकारी देब अछि, जाहि सं देशक एहि महत्वपूर्ण काज कें निर्धारित समय सीमा मे सुचारु आ प्रभावकारी ढंग सं पूरा कयल जा सकय।

माता सीताक जीवन त्याग, साहस, स्वाभिमान आ कर्तव्यनिष्ठाक प्रेरणा दैत अछि : राज्यपाल

राज्यपाल सय्यद अता हसनैन कयलनि जानकी मंदिरक परिभ्रमण, माता सीताक पूजा-अर्चना

सीतामढ़ी, समदिया



राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सय्यद अता हसनैन (सेवानिवृत्त) पुनौरा धाम, सीतामढ़ी स्थित जानकी मंदिरकपरिभ्रमण कयलनि आ माता सीताक पूजा-अर्चना कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे माता सीताकजीवन त्याग, साहस, स्वाभिमान आ कर्तव्यनिष्ठाक प्रेरणा दैत अछि। पुनौरा धामक विकास धार्मिक आसांस्कृतिक पर्यटन कें बढ़ावा देबा, रामायण सर्किटक विकास, भारत-नेपालक सांस्कृतिक संबंध कें प्रगाढ़करबा आ स्थानीय स्तर पर रोजगारक नव अवसर सृजन करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। राज्यपाल मंदिर परिसर मे स्वच्छता, सुरक्षा, श्रद्धालु सभक लेल सुगम आवागमन आ नीक प्रबंधन पर विशेष जोर देलनि। तदुपरांत अहलूवालिया कंस्ट्रक्शनक सभाकक्ष मे पीपीटीक माध्यम सं मंदिर निर्माणकअद्यतन प्रगतिक जानकारी राज्यपाल कें देल गेलनि। एहि अवसर पर प्रभारी मंत्री श्रेयसी सिंह, सांसददेवेश चंद्र ठाकुर, बिहार विधान परिषद सदस्य रेखा कुमारी, विधायक गायत्री देवी, सुनील कुमार पिंटू,बैद्यनाथ प्रसाद, पंकज मिश्रा, प्रो. नागेंद्र राउत, रामेश्वर महतो, जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया, पुलिस अधीक्षक अमित रंजन, उप विकास आयुक्त श्वेता भारती सहित अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह।

किसान सभक समस्या कें लए कए मोर्चाक बैसार, 26 नवंबर कें पटना कूच करबाक निर्णय



सीतामढ़ी, समदिया

किसान सभक विभिन्न समस्या आ सरकारक उदासीनता कें लए कए संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चा, उत्तर बिहारक जिला कार्यसमितिक बैसार जिलाध्यक्ष जलंधर यदुबंशीक अध्यक्षता मे भेल। बैसार मे किसानसभक समस्या प्रति सरकारक उपेक्षाक कड़ी निंदा कयल गेल। वक्ता सभ कहलनि जे प्राकृतिक आपदा केकारण गेहूं, दलहन, आम, लीची, धान आ गन्नाक फसल बर्बाद भए गेल, मुदा किसान सभ कें नहि मुआवजाभेटलनि आ नहि फसल बीमाक लाभ। सरकार सं सीतामढ़ी कें आपदाग्रस्त जिला घोषित कए विशेषअनुदान देबाक, गन्नाक मूल्य 750 टका प्रति क्विंटल निर्धारित करबाक आ धान खरीद पर 200 टकाबोनस देबाक मांग कयल गेल। बैसार मे रीगा चीनी मिल सं जुड़ल किसान सभक केसीसी ऋण माफ करबाक, दोस्तियांक उपजाऊ जमीन कें भू-अर्जन सं मुक्त करबाक, सीतापुरम सिटी परियोजना वापस लेबाक आ जिला स्तर पर किसान भवन बनयबाक मांग सेहो उठाओल गेल। मांग सभक समर्थन मे 26नवंबर कें पटना कूच करबाक निर्णय लेल गेल। एहि यात्राक तैयारी लेल 16 नवंबर सं 10 दिवसीयकिसान जागरण अभियान चलाओल जायत। बैसार मे प्रो. आनंद किशोर, अमरेंद्र राय, शशिधर शर्मा, मो.मुर्तुजा, अवधेश यादव, अश्विनी कुमार मिश्र सहित कतेको किसान नेता शामिल भेलाह। अंत मे शफीक खां,नवल किशोर यादव आ रामनरेश झाक निधन पर शोक व्यक्त करैत उपस्थित सभ गोटे एक मिनट धरिमौन राखि श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

मदरसा सभ मे बुनियादी सुविधा उपलब्ध करेबाक मांग



सीतामढ़ी, समदिय

मदरसा डेवलपमेंट ऑर्गेनाइजेशन (एमडीओ) जिले के मान्यता प्राप्त अनुदानित मदरसा सभ मे सेहोकायाकल्प अभियानक अंतर्गत बुनियादी सुविधा उपलब्ध करयबाक मांग कयने अछि। संगठनक सचिवमो. अजमल जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया आ जिला शिक्षा पदाधिकारी राघवेंद्र ममणि त्रिपाठी केंआवेदन द मदरसा सभ मे चारदीवारी निर्माण, भवन सभक मरम्मत, रंग-रोगन, शौचालय, स्वच्छ पेयजल आ साफ-सफाइक व्यवस्था करयबाक आग्रह कयलनि। ओ सभ पात्र मदरसा सभक सर्वेक्षण कराकए आवश्यकताक अनुसार विकास काज करयबाक मांग कयलनि। कहलनि जे मदरसा मे पढ़यवला बच्चा सभसेहो सुरक्षित आ नीक शैक्षणिक वातावरण पयबाक हकदार छथि। एहि अवसर पर प्रदेश प्रवक्ता मो. मनाजेरूल इस्लाम, प्रदेश मीडिया प्रभारी मो. अरमान अली, अध्यक्ष मो. जाहिद हुसैन, सचिव मो. अजमल, मो. फखरुल हसन, मो. मुख्तार अंसारी आ जियाउर्रहमान कासमी सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

एसएफसी गोदाम मे सहायक प्रबंधक संग माइरपीट आ तोड़फोड़क आरोप

सहरसा, समदिया

सदर थाना क्षेत्रक बिहार राज्य खाद्य निगम (एसएफसी) केर कहरा स्थित गोदाम मे कार्यरत सहायक गोदाम प्रबंधक संग मारिपीट, गाली-गलौज आ सरकारी कार्यालयक उपकरण सभ कें क्षतिग्रस्त करबाकमामिला सोझां आयल अछि। एहि संबंध मे पीड़ित सहायक गोदाम प्रबंधक डोली कुमारी सदर थाना मेआवेदन द उचित कानूनी कारबाइ करबाक मांग कयलनि अछि।आवेदन मे कहल गेल अछि जे मंगल, 4 नवंबर 2026 कें करीब 11:50 बजे पूर्वाह्न ओ कहरा स्थितगोदाम कार्यालय मे अपन काज क रहल छलीह। एहि दौरान कहरा निवासी दिलखुश कुमार कथित रूप संनशाक हालत मे गोदाम परिसर मे पहुंचल आ गाली-गलौज करय लागल। आरोप अछि जे उक्त व्यक्ति कार्यालय मे घुसि गेल आ ओतय लागल एलईडी डिस्प्ले आ प्रिंटर कें क्षतिग्रस्त क देलक। सहायक गोदाम प्रबंधक आवेदन मे आरोप लगौलनि अछि जे विरोध करबा पर आरोपित हुनका पाछू दिस पीठ पर कईबेर मुक्का मारलक। पीड़िताक चिचियेनाइ सुनि गोदाम मे मौजूद कर्मी सभ आरोपित कें पकड़ि लेलनि आ घटनाक सूचना पुलिस कें देलनि। घटना के बाद सहायक गोदाम प्रबंधक सदर थाना मे आवेदन दआरोपितक विरुद्ध आवश्यक कानूनी कारबाइ करबाक मांग कयलनि अछि। फिलहाल पुलिस मामिलाकजांच मे जुटल अछि।

रंग-बिरंगा रंगोली मे देखल गेल भारतीय संस्कृतिक झलक



जोगबनी, समदिया

» चाणक्य हाउसक छात्र-छात्रा सभ बिखेरलनि रचनात्मकताक रंग

दीपावलीक उमंग आ उल्लासक बीच जेनिथ पब्लिक स्कूल, जोगबनीक परिसर रंग, कल्पना आ कलात्मकअभिव्यक्ति सं सराबोर देखाइ पड़ल। विद्यालय मे आयोजित भव्य रंगोली प्रतियोगिताक तेसर दिनचाणक्य हाउसक छात्र-छात्रा सभ अपन अद्भुत कला आ रचनात्मक प्रतिभा सं उत्सवक माहौल कें आरो आकर्षक बना देलनि। प्रतियोगिता मे चाणक्य हाउसक छात्रा सभ भगवान श्रीकृष्ण आ माता गौरीक मनमोहक रंगोली बना भारतीय संस्कृति, धार्मिक आस्था आ पारंपरिक विरासतक सजीव चित्र प्रस्तुत कयलनि। ओतहि छात्र सभ भगवान श्रीगणेशक आकर्षक रंगोली बना अपन कलात्मक प्रतिभाक परिचय देलनि। रंग सभक अनूठा मेल, सूक्ष्म कलाकारी आ आकर्षक सजावट एहि रंगोली सभक विशेष आकर्षणरहल।रंगोलीक माध्यम सं विद्यार्थीसब ई संदेश सेहो देलनि जे दीपावली मात्र दीप जरयबाक पर्व नहि, बल्किअपन सांस्कृतिक विरासत, रचनात्मकता आ सामूहिक एकता कें अभिव्यक्त करबाक अवसर सेहो अछि।प्रतियोगिता मे छात्र-छात्रा सभक उत्साह आ आपसी तालमेल देखैत बनैत छल।

दरभंगा मे लोकतंत्र बचाउ-अराजकता हटाउ पदयात्रा कें लए कए कार्यकर्ता सभ मे उत्साह

पदयात्राक सफलता लेल बैसार, विधायक ईश्वर मंडल रहला उपस्थित

दरभंगा, समदिया



दरभंगा मे बृहस्पतिदिन प्रस्तावित लोकतंत्र बचाउ-अराजकता हटाउ पदयात्रा कें ऐतिहासिक रूप सं सफल बनेबाक लेल जदयू कार्यकर्ता सभक बैसार बुधदिन सुशीला विवाह भवन मे आयोजित भेल। महानगरअध्यक्ष माधव झाक अध्यक्षता मे भेल एहि बैसार मे जदयू जिलाध्यक्ष सह विधायक राजेश कुमार मंडलउर्फ ईश्वर मंडल विशेष रूप सं उपस्थित रहला। बैसार कें संबोधित करैत विधायक ईश्वर मंडल कहलनिजे पदयात्राक सफलता लेल पार्टीक सभ पदाधिकारी आ कार्यकर्ता सभ कें एकजुटता आ सक्रियताक संगअपन जिम्मेदारी निभेबाक जरूरत अछि। ओ कहलनि जे एहि कार्यक्रम मे शामिल होयबाक लेल केंद्रीयमंत्री भूपेंद्र यादव आ जदयू राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष सह राज्यसभा सांसद संजय झा दरभंगा पहुंचताह। ओ कार्यकर्ता सभ सं पदयात्रा मे बेसी सं बेसी लोकक सहभागिता सुनिश्चित करबाक अपील कयलनि।महानगर अध्यक्ष माधव झा कहलनि जे पदयात्रा कें लए कए सभ आवश्यक तैयारी पूरा क लेल गेल अछि।कार्यकर्ता सभ मे कार्यक्रम कें लए कए विशेष उत्साह अछि। ओ विश्वास व्यक्त कयलनि जे कार्यकर्तासभक एकजुटता, मेहनत आ जनसहभागिता सं पदयात्रा ऐतिहासिक रूप सं सफल होयत।बैसार मे कन्हैया शाह, दीपक सिन्हा, नवाब अख्तर, हबीब हुसैन, प्रदीप कुमार महतो, अशरफ, मो. मनोजशाह, शशि पटेल, अजय सत्संगी, ईश्वर चंद्र ठाकुर, मो. सलाउद्दीन, मो. मोजम्मिल, मो. जमीउद्दीन, मो.जमशेद, मनोज ठाकुर सहित पार्टीक कतेको नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। सभ गोटे पदयात्रा केंसफल बनेबाक लेल पूरा ताकत सं जुटबाक आ बेसी सं बेसी लोकक भागीदारी सुनिश्चित करबाक संकल्पलेलनि।

धनतेरस पर बनि रहल शुभ संयोग, 8 नवंबर कें मनाओल जायत दीपावली

मिथिला पंचांगक अनुसार 6 नवंबर कें धनतेरस, पांच दिवसीय दीपोत्सवक तैयारी शुरू

सहरसा, समदिया



मिथिला विश्वविद्यालय पंचांगक अनुसार कार्तिक मासक त्रयोदशी तिथि 6 नवंबर कें मनाओल जायत। ओतहि 8 नवंबर, रविदिन शुभ दीपावलीक पर्व मनाओल जायत। पंडित तरुण झा कहलनि जे धनतेरस केंधनत्रयोदशी सेहो कहल जाइत अछि। ई पर्व दीपावली सं दू दिन पहिने मनाओल जाइत अछि। एहि दिनदेवताक वैद्य मानल जायवला भगवान धन्वंतरि केर विशेष पूजा-अर्चना कयल जाइत अछि। धार्मिकमान्यता अनुसार धनतेरस पर खरीदारी आ पूजा-पाठक विशेष महत्व अछि।प्रदोष काल मे होयत धनतेरसक पूजापंडित तरुण झा बतौलनि जे मिथिला विश्वविद्यालय पंचांगक अनुसार कार्तिक मासक त्रयोदशी तिथि 6नवंबर कें दिन मे 11 बजि 18 मिनट पर प्रारंभ भए रहल अछि। प्रदोष काल मे त्रयोदशी तिथि रहबाक कारण धनतेरसक पर्व एही दिन मनाओल जायत। शास्त्रीय मान्यता अनुसार धनतेरसक पूजा सदिखनप्रदोष काल मे कयल जाइत अछि। ओ बतौलनि जे दीपोत्सवक दौरान विभिन्न धार्मिक पर्व आ अनुष्ठानआयोजित होयत। दीपावलीक दिन माता लक्ष्मी आ भगवान कुबेरक पूजा-अर्चना संग काली पूजा, पितृविसर्जन सहित अन्य धार्मिक परंपरा सभक निर्वहन कयल जायत।दीपोत्सवक पंचपर्वक विवरण : 6 नवंबर कें धनतेरस (धनत्रयोदशी), 7 नवंबर कें यमदीपदान,हनुमज्जन्मोत्सव, हनुमद् ध्वजादान सहित अन्य धार्मिक अनुष्ठान। 8 नवंबर कें शुभ दीपावली, लक्ष्मी-कुबेर पूजा, उल्का भ्रमण, काली पूजा आ पितृ विसर्जन। 9 नवंबर कें गोवर्धन पूजा आ अन्नकूट। 11 नवंबर कें भ्रातृद्वितीया आ चित्रगुप्त पूजा। पंडित तरुण झा श्रद्धालु सभ सं पंचांग आ धार्मिक परंपराक अनुसार पर्व-त्योहार मनयबाक अपील कयलनि। दीपोत्सव कें लए कए लोक सभ मे उत्साहक माहौल अछि। घर सभक साफ-सफाई, सजावट आ पूजा-अर्चनाक तैयारी शुरू भए गेल अछि।

55 हजार संभावित मृत्युक आशंका पर चर्चो नहि

योगेंद्र योगी

देशक सत्तारूढ़ राजनीतिक दल सभ लेल मौसिम परिवर्तनक दुष्प्रभाव एखन धरि चिंता विषय नहि बनि सकल अछि। एहन परिवर्तनक मारि मुख्य रूप सं गरीब आ कमजोर वर्ग पर पड़ैत अछि। मुदा हुनकर आवाज सुनबाक लेल देश मे कोनो सरकार आगू नहि अबैत अछि। मात्र हुनकर समस्या सुनबाक दावा कयल जाइत अछि, जखन कि पर्यावरणीय दुष्प्रभाव सं बचबाक उपाय पर चर्चो नहि होइत अछि। क्लाइमेट इंपैक्ट लैब द्वारा जारी नक्शा आ आंकड़ा सभ भयावह संकेत दैत अछि। अलनीनोक प्रभाव सं उत्पन्न होमयबला भीषण गर्मीक कारण भारत मे 55,200 लोकक मृत्यु होयबाक आशंका व्यक्त कयल गेल अछि। एतेक पैघ खतरा रहितो ई मुद्दा सत्तारूढ़ दल सभक चिंता नहि बनि सकल अछि। अलनीनो हीट मॉर्टेलिटी ट्रैकर नामक एहि नक्शाक अनुसार जून 2026 सं शुरू भेल एहि मौसमी घटनाक प्रभाव मार्च 2027 धरि रहबाक अनुमान अछि।

एहि अवधि मे गर्मीक कारण 8,57,400 अतिरिक्त मृत्यु भए सकैत अछि। ई संख्या वैज्ञानिक सभ द्वारा एक मास पहिने लगाओल गेल अनुमान सं 3,50,000 बेसी अछि। अनुमान अछि जे एहि कुल मृत्युक लगभग एक तिहाई हिस्सा नाइजीरिया, भारत आ ब्राजील मे होयत। शोधकर्ता सभक अनुमान अछि जे जूनक बाद सं अलनीनो के कारण 4,84,500 अतिरिक्त मृत्यु भए चुकल अछि। एकर प्रभाव इंडोनेशिया मे जंगलक आगि, भारत मे महत्वपूर्ण मानसूनी वर्षाक कमी आ मध्य अमेरिका मे सुखाड़क रूप मे देखल जा रहल अछि। एहि नौ मासक अवधिक अनुमानित अतिरिक्त मृत्युक आधा सं बेसी अगिला छह मास मे होयबाक आशंका अछि। भारत पर एकर भयावह प्रभाव पड़ि सकैत अछि। इतिहासक पन्ना मे 1877-1878क सुपर अलनीनो कें सभ सं विनाशकारी मौसमी घटनाक रूप मे गिनल जाइत अछि। ओहि समय भारत, चीन आ ब्राजील सन देश मे भयंकर सुखाड़ पड़ल छल।



लगातार बरखा नहि भेला सं फसल सभ पूर्णतः बर्बाद भए गेल छल। इतिहास मे एहि आपदा कें ह्यग्रेट फेमिनह्ल अर्थात् महाअकालक नाम सं जानल जाइत अछि। एहि अकालक कारण भुखमरी आ बेमारी सं दुनिया भरि मे करोड़ो लोकक दर्दनाक मृत्यु भेल छल। वैज्ञानिक सभक मानब अछि जे समुद्रक सतही तापमान मे अत्यधिक वृद्धि ओहि शताब्दीक सब सं पैघ जलवायु संकटक कारण बनल छल। क्लाइमेट इंपैक्ट लैबक सह-संस्थापक आ शिकागो विश्वविद्यालय मे अर्थशास्त्रक मिल्टन फ्रीडमैन डिस्टिंग्विश्ड सर्विस प्रोफेसर माइकल ग्रीनस्टोन कहलनि अछि जे सुपर अलनीनो पर हुनकर शोध नव पूवार्नुमान क्षमता के उपयोग कए एकटा अत्यंत महत्वपूर्ण सवालक जवाब देबाक प्रयास करैत अछि। सवाल ई जे अत्यधिक गर्मीक कारण कतय लोक सभक जान पर बेसी खतरा अछि? अलनीनो एकटा मौसमी घटना थिक, जाहि मे मध्य आ पूर्वी भूमध्यरेखीय प्रशांत महासागरक सतही तापमान असामान्य रूप सं बढ़ि जाइत अछि। ई अलनीनो-सदर्न ऑसिलेशनक गर्म चरण होइत अछि। ई एकटा प्राकृतिक मौसमी चक्र थिक, जे पूरा दुनिया मे वायुमंडलीय परिसंचरण, हवाक दिशा आ वर्षाक वितरण कें प्रभावित करैत अछि। इंडोनेशियाक जंगल मे धधकैत आगि सं लए कए प्रशांत महासागर मे तूफानक असामान्य सक्रियता धरि एकर प्रभाव दुनिया भरि मे देखल जा रहल अछि। एहि असामान्य मौसमी गतिविधिक कारण आगू विभिन्न क्षेत्र मे अत्यधिक तापमान, अनियमित बरखा आ अन्य प्राकृतिक आपदा सभक खतरा बढ़ि गेल अछि।

अनुमान अछि जे दिसंबर मे अलनीनो अपन चरम पर पहुंचि सकैत अछि। एकर प्रभाव सं नवंबर सं जनवरीक बीच भारत मे सामान्य सं कम ठंड पड़बाक आशंका अछि। हालांकि उत्तर भारत मे ठंडक तीव्रता पश्चिमी विक्षोभ, पहाड़ पर हिमपात आ उत्तर-पश्चिमी हवाक दिशा पर निर्भर करत। एहि दौरान दिल्ली सहित पंजाब, हरियाणा, उत्तर प्रदेश, राजस्थान आ बिहार मे बीच-बीच मे शीतलहरक संभावना सेहो बनल रहि सकैत अछि। मैदानी इलाका मे किछु समय लेल तापमान घटि सकैत अछि, मुदा मौसिम वैज्ञानिक सभक मानब अछि जे एहि बेर लमहर समय धरि कड़ाके के ठंड पड़बाक संभावना कम अछि। विश्व मौसिम विज्ञान संगठन (डब्ल्यूएमओ)क अनुसार नवंबर सं जनवरीक बीच प्रशांत महासागर मे अलनीनो के स्थिति आ मजबूत भए सकैत अछि। कतेको जलवायु मॉडल संकेत दैत अछि जे दिसंबर मे ई चरम पर पहुंचत। समुद्रक सतही तापमान मे बदलावक असर मौसिम पर पड़ैत अछि, हालांकि देशक सभ भाग मे एकर प्रभाव एक समान नहि होयत।

भारत मे मानसूनक दौरान 13 प्रतिशत कम बरखा भेलाक बाद आब सभक नजरि एहि बात पर अछि जे की अलनीनो जाड़क तापमान बढ़ाओत, वर्षाक स्वरूप बिगाड़त आ खेती पर दबाव बढ़ाओत? भारत मे अलनीनो पर विशेष नजरि राखल जाइत अछि, कारण सामान्यतः एकर प्रभाव सं दक्षिण-पश्चिम मानसून मे सामान्य सं कम बरखा होयबाक आशंका बढ़ि जाइत अछि। बीतल मानसूनी मौसिम मे देशक विभिन्न भाग मे वर्षाक असमान वितरण देखल गेल। मध्य भारत मे लगभग सामान्य बरखा भेल, मुदा पूर्वी आ पूर्वोत्तर भारत मे 26 प्रतिशत कमी दर्ज कयल गेल, जे असाधारण सुखाड़क स्थिति दर्शबैत अछि। दक्षिणी राज्य सभ मे सेहो औसत सं 24 प्रतिशत कम बरखा भेल। अलनीनो के स्थिति आ मजबूत होयला पर भारतक किछु भाग मे सामान्य सं बेसी गर्मी पड़ि सकैत अछि। एहि कारण जल संसाधन आ कृषि पर दबाव बढ़त। आगामी मास सभ मे अलनीनोक बढ़ैत प्रभाव भारतक जल संसाधन, कृषि उत्पादन आ खाद्य सुरक्षा लेल पैघ चुनौती बनि सकैत अछि। सरकार आ कृषि विभाग सभ कें किसान सभक लेल समय पर परामर्श जारी करबाक, कम पानि मे उपजैवला फसल सभ कें बढ़ावा देबाक आ जलाशय सभ मे उपलब्ध पानिक समुचित प्रबंधन पर ध्यान देबाक आवश्यकता अछि। एहि तैयारी सं संभावित खाद्य संकट टारल जा सकैत अछि। मूल सवाल ई अछि जे की देशक सत्तारूढ़ राजनीतिक दल सभ अलनीनोक कारण होमयबला संभावित मृत्यु, पेयजल संकट आ कृषि संबंधी चुनौती सं निपटबाक कोनो तैयारी कयने अछि? दुर्भाग्य ई जे एखन धरि कोनो राजनीतिक दल एहि विषय पर गंभीर चर्चा तक नहि कयने अछि। लगभग 50 हजार लोकक संभावित मृत्युक आशंका देशक राजनीतिक नेतृत्व लेल चिंता विषय नहि बनि सकल अछि।

एहि मृत्यु सभ अनचोके नहि होयत। भीषण गर्मी, पानिक कमी आ दूषित पेयजल पीबाक विवशताक कारण होमयबला मृत्यु धीरे-धीरे अबैत अछि। शायद एहि लेल नेता सभ एकरा गंभीरता सं नहि लैत छथि। एकर प्रमुख कारण ई अछि जे एहन मुद्दा चुनाव मे वोट नहि दियाबैत अछि। एही कारण प्रत्येक वर्ष पर्यावरण परिवर्तनक दुष्प्रभाव सं होमयबला मृत्यु आ जनजीवन पर पड़यवला संकट राजनीतिक दल सभक चुनावी घोषणा पत्र सं बाहर रहि जाइत अछि। मुदा जे संकट लाखो लोकक जीवन पर प्रश्नचिह्न लगा रहल अछि, ओकरा राजनीतिक विमर्शक केंद्र मे आनब आब अत्यंत आवश्यक भए गेल अछि।

वैध-अवैध खनन सं पर्यावरण पर पड़ि रहल गंभीर दुष्प्रभाव

वीरेंद्र कुमार

27 मार्च, 2025 कें लोकसभा मे हरिद्वारक सांसद आ उत्तराखंडक पूर्व मुख्यमंत्री त्रिवेंद्र सिंह रावत राज्य मे नदी सभक अवैध खनन आ ताहि कारण आम जनजीवन तथा पारिस्थितिकी पर पड़ि रहल दुष्प्रभावक गंभीर मुद्दा उठौने छलाह। मुदा राज्य सरकारक सचिव एहि सवालक जे जवाब देलनि, ताहि मे पर्यावरणीय क्षतिक चर्चा धरि नहि छल। हुनकर पूरा जोर एहि तर्क पर छलनि जे जं राज्य मे अवैध खनन भए रहल अछि तं फेर खनन सं प्राप्त राजस्व कोना बढ़ि रहल अछि? एहि तर्कक कोनो ठोस आधार नहि अछि। उत्तराखंड मे शराबक बिक्री सं सरकारी राजस्व दिन दूना, राति चौगुना बढ़ि रहल अछि। तं की एकर अर्थ ई भेल जे ओतय अवैध शराबक तस्करी आ निर्माण नहि भए रहल अछि? देहरादून जिला अंतर्गत डोईवाला, विकासनगर, रायपुर आ ऋषिकेशक विभिन्न इलाका मे अवैध खनन भए रहल अछि। श्रीनगर आ कोटद्वार सं राजधानी धरि अवैध खननक सूचना भेटैत रहल अछि। आइ उत्तराखंडक नदी सभ सं अवैध रूपें बालू आ गिट्टी निकालबाक गतिविधि लगातार हिंसक रूप लैत जा रहल अछि। उत्तराखंडक पूर्व मुख्यमंत्री विजय बहुगुणा अपन कार्यकाल मे सार्वजनिक रूप सं कहलनि जे पर्यावरणीय प्रभाव आकलन केने बिना कोनो नदी मे खननक अनुमति नहि देल जायत। ओहि समय सरकार लेल एहन घोषणा करब मजबूरी छल। सामान्यतः नदी खनन कें मात्र राजस्व सं जुड़ल विषय मानि लेल जाइत अछि, जखन कि वास्तव मे ई पर्यावरण सं सेहो जुड़ल अत्यंत महत्वपूर्ण सवाल अछि। नदी खननक पारिस्थितिकीय दुष्प्रभाव मात्र अवैध खनन सं नहि, बल्कि वैध खनन सं सेहो उत्पन्न भए सकैत अछि। एहि लेल आब ई आवश्यक भए गेल अछि जे नदी सभ मे खननक अनुमति देबाक पहिने पर्यावरणीय प्रभाव आकलन लेल एहन मानदंड तय हो, जे देशक सभ राज्य मे अनिवार्य रूप सं लागू कयल जा सकय। नदी खननक यथार्थ ई अछि जे जतेक खननक अनुमति लेल जाइत अछि, व्यवहार मे



ओकर कतेको गुना बेसी खनन होइत अछि। वैज्ञानिक जखन नदी खननक पर्यावरणीय प्रभावक आकलन करैत छथि तं ओ इहो देखैत छथि जे नदीक संग बहि कए आबयवला माटि, बालू, गिट्टी आ पाथरक रासायनिक तथा खनिज संरचना की अछि। कतेको नदी मे धात्विक आ आणविक खनिज सेहो बहैत देखल गेल अछि। नदी मे रहैत एहि खनिज सभक वनस्पति, पानि आ जलीय जीव-जंतु सभक गुणवत्ता पर की प्रभाव पड़ैत अछि? ओकरा निकालि लेला पर पर्यावरण पर की असरि पड़त? बाहर खुजल मे ओकरा रखबाक समय कोन-कोन सावधानी बरतबाक चाही? एहि सभ पक्षक अध्ययन आवश्यक अछि। नदी खननक पारिस्थितिकीय प्रभाव आकलन मे नदीक दुनू कातक इलाका मे भूजल स्तर पर पड़यबला असरि, नदीक कातक कटाव, नव भूस्खलन, जमीन धंसबाक आ माटि कटबाक आशंका बला क्षेत्रक सेहो स्पष्ट उल्लेख रहबाक चाही। नदी सभक लग स्थित राष्ट्रीय उद्यान आ वन्यजीव अभयारण्यक लगपास खननक अनुमति देबाक समय विशेष सावधानी आवश्यक अछि। मशीन सभ सं उत्पन्न होमयबला शोर आ रोशनी तथा उद्यानक सीमा सं न्यूनतम दूरी बनौने रखबाक दिशा-निर्देश सभक आधार पर सेहो खननक पर्यावरणीय प्रभावक आकलन होयबाक चाही। मानदंड तय भेला पर सेहो जं खनन माफिया आ भ्रष्ट अधिकारी सभक गठजोड़ बनल रहत तं पर्यावरणक रक्षा संभव नहि अछि। खननक मात्रा, भंडारण क्षमता, भंडारण स्थल आ नदीक पाट मे मशीन चलयबाक अनुमति धरि सीमित रहला सं पारिस्थितिकी पर पड़यवला दुष्प्रभाव नहि रुकत। मुख्यमंत्री हरीश रावतक सरकार सेहो ई पओलक छल जे पर्यावरणीय स्वीकृति (क्लीयरेंस) लेने बिना नदी खननक पट्टा देल गेल छल। 2013क आखरी महीना सभ मे नदी सभक अवैध खनन रोकबाक लेल गठित कार्यबल करोड़ो टाकाक कर चोरी पकड़ने छल। एक्के रवन्ना पर कतेको ट्रैक्टर-ट्रॉली मे खनिज निकालल जा रहल छल। ई स्थिति प्रशासनिक निगरानी आ व्यवस्था पर पैघ प्रश्नचिह्न लगबैत अछि। नदी मे खननक असर ओकर दुनू कातक इलाका आ नदीक तल मे भूजल स्तर तथा ओकर प्राकृतिक स्वरूप पर पड़ैत अछि। नदी कात स्थित सतही जलाशय आ जलसंचय क्षेत्र सेहो प्रभावित होइत अछि। एहि ठाम माछ आ अन्य जलीय जीव अंडा देबाक आ प्रजनन करबाक लेल अबैत अछि। हाथी सहित अन्य वन्यजीव पानि पीबाक आ भोजनक खोज मे एहि इलाका सभ मे अबैत रहैत अछि। खननक कारण प्रवासी पक्षी सभक आवागमन आ प्रवास पर सेहो प्रतिकूल असरि पड़ि सकैत अछि। वनस्पति आ जैव विविधता प्रभावित होइत अछि।

महारैलीक भीड़ नहि, मुद्दा सभ कें सेहो देखक चाही

विश्वनाथ सचदेव

दिल्लीक राजधानी मे विपक्षी दल सभक महारैलीक संदर्भ मे एकटा महत्वपूर्ण सवाल उठि रहल अछि जे मुद्दा बेसी महत्वपूर्ण होइत अछि अथवा ओहि मुद्दा कें उठेबाक लेल एकत्रित होमयबला लोकक संख्या? कांग्रेसक नेतृत्वबला विपक्षी गठबंधन इंडिया दावा केने छल जे लोकतंत्र बचाउ अभियानक अंतर्गत देश भरि सं 10 लाख नागरिक राजधानी दिल्ली मे जुटताह। ईहो सत्य अछि जे उपलब्ध आकलन सभक अनुसार ओहि दिन दिल्ली मे देशक विभिन्न भाग सं एतेक संख्या मे लोक नहि पहुंचल छलाह। प्रदर्शन मे शामिल लोकक वास्तविक संख्या गिनब संभव नहि होइत अछि। एहन आयोजन मे लोकक संख्या प्रायः अनुमानक आधार पर तय कयल जाइत अछि। महारैलीक आयोजक लाखो लोकक उपस्थिति अपन दावापर अड़ल छथि, जखन कि भाजपा नेता सभ एहि संख्याक 27 हजार सं 70 हजारक बीच बताबय मे लागल छथि। प्रदर्शन मे शामिल लोकक संख्या चाहे जतेक रहल हो, मुदा ई स्पष्ट देखाइत अछि जे सत्तारूढ़ पक्ष एहि भारी जमावड़ा सं किछु विचलित जरूर अछि। भाजपा नेता सभ जाहि तेजी सं देश भरि मे अराजकता हटाउ अभियान चला रहल छथि, से एहि बातक संकेत दैत अछि जे लोकतंत्र बचाउक मुद्दा देशक राजनीति कें गहींर धरि प्रभावित कए रहल अछि। महत्वपूर्ण ई नहि अछि जे राजधानीक एहि प्रदर्शन मे कतेक हजार वा लाख लोक शामिल भेलाह। महत्वपूर्ण ओ मुद्दा अछि, जे प्रदर्शनकारी उठा रहल छलाह। मुद्दा कथित वोट चोरीक छल आ विपक्ष एहि प्रदर्शनक माध्यम सं एकरा देशव्यापी जनआंदोलन बनेबाक प्रयास कए रहल छल। एहि प्रयासक सफलता-असफलताक आकलन एखनहि संभव नहि अछि। मुदा एतबा स्पष्ट भए गेल अछि जे लोकतंत्रक रक्षा नाम पर विपक्ष द्वारा चलाओल जा रहल अभियान आब आम लोकक चिंताक विषय बनैत जा रहल अछि। सत्तारूढ़ पक्ष चाहे जे कहैत रहय, विपक्षी दल सभक राजनीतिक सक्रियता आ कार्यकर्ता सभक उत्साह एहि अभियान कें कतेको हद तक सफल साबित करैत अछि। सफलता एहि अर्थ मे जे आम मतदाता सेहो सोचय लागल छथि जे वोट चोरीक आरोप मे कतहु किछु गंभीरता तं नहि अछि। एहन प्रयासक परिणाम तत्काल नहि देखाइत अछि, मुदा आगू बढ़बाक बाट अवश्य खोलैत अछि। विपक्ष अपन एहि अभियान कें लोकतंत्र बचाउ नाम देने अछि। ओकर आरोप अछि जे सत्तारूढ़ पक्ष बेइमानीक सहारे सत्ता मे आयल आ बेइमानीक सहारे सत्ता मे बनल अछि। दोसर दिस भाजपा नेतृत्ववला सत्तारूढ़ पक्ष विपक्ष कें अराजकतावादी कहि ई बतयबाक प्रयास कए रहल अछि जे मुख्य निर्वाचन आयुक्तक इस्तीफाक मांगक बहन्ने विपक्ष सत्ता परिवर्तन चाहैत अछि आ एहि लेल कोनो सीमा तक जा सकैत अछि। हालांकि एहि सीमाक कोनो स्पष्ट व्याख्या नहि कयल जा रहल अछि, मुदा एतबा संकेत जरूर भेटैत अछि जे राजनीतिक संघर्षक एहि खतरनाक खेल मे नेता सभ किछुओ कहि आ कए सकैत छथि। विपक्षक एहि महारैली सं पहिने सत्तारूढ़ पक्ष एहि बात पर आपत्ति जतेने छल जे कांग्रेस ओहि तारीख पर रैली किएक आयोजित कए रहल अछि, जाहि दिन 42 वर्ष पहिने, 1984 मे दिल्ली मे सिख विरोधी दंगा भेल छल। उल्लेखनीय अछि जे 31 अक्टूबर, 1984 कें तत्कालीन प्रधानमंत्री इंदिरा गांधीक हत्या कए देल गेल छल। तकर बाद देश भरि मे, विशेष रूप सं दिल्ली मे, सिख समुदाय पर व्यापक हिंसा, आगजनी आ नरसंहार भेल छल। 1 सं 3 नवंबर धरि सिख समुदाय के विरुद्ध ई हिंसा जारी रहल। प्रधानमंत्री इंदिरा गांधीक हत्या आ तकर बाद भेल सिख विरोधी दंगा स्वतंत्र भारतक इतिहासक एकटा अत्यंत शर्मनाक अध्याय अछि। एहि घटनाक स्मरण एहि लेल आवश्यक अछि जे भविष्य मे देश मे फेर कहियो एहन घटना नहि हो। मुदा राजनीतिक लाभ उठयबाक लेल एहि त्रासदी कें याद करब देशक घाव कें फेर सं हरियर करबाक समान अछि। कांग्रेस जानि-बुझि 1 नवंबर कें रैली आयोजित कयलक, एहन आरोप लगायब घटिया राजनीति मात्र अछि। वस्तुतः विपक्षक लोकतंत्र बचाउ आ सत्तारूढ़ पक्षक अराजकता हटाउ नारा एक-दोसराक पूरक जकां अछि।



एसबीआइ-सेबीक रिपोर्ट बजट 2027 लेल खोललक आर्थिक सुधारक नव बाट

किशन सनमुखदास भावनानी

वैश्विक स्तर पर भारतक शेयर बाजार एखन एहन मोड़ पर ठाढ़ अछि, जतय युद्ध, क्रूड ऑयल तेलक बढ़ैत दाम, विदेशी निवेशकक बिकवाली आ पूंजीगत लाभ करक बोझ बाजारक दिशा तय कए रहल अछि। एहन परिस्थिति मे प्रश्न अछि जे भारत अपन कर-व्यवस्था मे एहन बदलाव कए सकैत अछि जाहि सं घरेलू निवेशकक भरोस मजबूत हो आ विदेशी पूंजी लेल भारतीय बाजार बेसी आकर्षक बनय। एहि बहस कें तीन महत्वपूर्ण घटनाक्रम गति देने अछि। 12 अक्टूबर 2026 कें एसबीआइ रिसर्चक रिपोर्ट, 2 नवंबर कें सेबीक प्रस्ताव आ वित्तमंत्री निर्मला सीतारमण द्वारा निवेशकक चिंता पर विचार करबाक घोषणा। एहि सभक बीच आगामी 1 फरवरी 2027 कें प्रस्तुत होबयवला केंद्रीय बजट मे दीर्घकालीन पूंजीगत लाभ कर (एलटीसीजी) मे सुधारक संभावना बढ़ि गेल अछि।

महग तेल आ युद्धक बीच भारतीय बाजार : 3 नवंबर 2026 कें अंतरराष्ट्रीय बाजार मे ब्रेंट क्रूडक दाम लगभग 104-107 डॉलर प्रति बैरल आ अमेरिकी डब्ल्यूटीआइ 96-98 डॉलर प्रति बैरल रहल। अमेरिका-ईरान तनाव, होर्मुज जलडमरूमध्य मे समुद्री परिवहनक अनिश्चितता आ पश्चिम एशिया युद्ध तेल बाजार पर दबाव बनौने अछि। भारत सन पैघ तेल आयातक देश लेल महंगा कच्चा तेल आयात बिल, चालू खाता घाटा, रुपैयाक विनिमय दर आ महगाइ प्रभावित करैत अछि। डॉलरक मोकाबला मे रुपैयाक मूल्य 94.97 धरि कमजोर होयब सेहो निवेशकक चिंता बढ़ौने अछि। रॉयटर्सक अनुसार, 2026 मे विदेशी निवेशक भारतीय शेयर बाजार मे लगभग 31 अरब डॉलरक शुद्ध बिकवाली कए चुकल छथि। एहन स्थिति मे निवेशकक भरोस लौटेनाइ सरकार आ बाजार नियामक दुनूक लेल चुनौती बनल अछि।

एलटीसीजी कर मे राहतिक जरूरत : भारत मे सूचीबद्ध इक्विटी शेयर आ इक्विटी आधारित म्यूचुअल फंड 12 मास सं बेसी समय धरि रखलाक बाद बेचला पर होमयबला लाभ दीर्घकालीन पूंजीगत लाभ मानल जाइत अछि। वर्तमान व्यवस्था मे वित्त वर्ष मे 1.25 लाख टाका धरि पात्र लाभ पर छूट अछि आ एहि सं बेसी लाभ पर 12.5 प्रतिशत कर लगैत अछि। एक वर्ष वा एकरा सं कम अवधि मे बेचला पर अल्पकालीन पूंजीगत लाभ कर 20 प्रतिशत अछि। विदेशी निवेशकक चिंता अछि जे भारत मे निवेश करबाक कर आ लेनदेन लागत प्रतिस्पर्धी बाजारक तुलना मे बेसी भए सकैत अछि। एलटीसीजी कर मे राहति भेटला सं निवेशकक कर-पश्चात प्रतिफल बढ़त आ भारतीय बाजार आकर्षक बनत। मुदा मात्र कर मे छूट देला सं विदेशी निवेशकक वापसी सुनिश्चित नहि होयत।



एसबीआइ रिसर्चक पांच प्रमुख सुझाव : एसबीआइ रिसर्च 12 अक्टूबर 2026 केर रिपोर्ट मे इक्विटी पर एलटीसीजी कर समाप्त करबाक आ दीर्घकालीन निवेश कें प्रोत्साहित करबाक सुझाव देने छल। फेर 2 नवंबरक रिपोर्ट मे पूंजीगत लाभ कर व्यवस्था मे पांच प्रमुख सुधार प्रस्तावित कयलक। पहिल, एलटीसीजी करक छूट सीमा 1.25 लाख टाका सं बढ़ा कए 2 लाख टाका करबाक सुझाव अछि। एकरा महंगाइ दर सं जोड़बाक प्रस्ताव सेहो अछि। दोसर, निवेशकक अवधि अनुसार कर दर निर्धारित करबाक सुझाव अछि। एक सं दू वर्ष धरि निवेश पर 12.5 प्रतिशत, दू सं तीन वर्ष पर 5 प्रतिशत आ तीन वर्ष सं बेसी अवधि पर शून्य एलटीसीजी कर प्रस्तावित अछि। तेसर, एक पात्र इक्विटी म्यूचुअल फंड सं राशि निकालि 90 दिनक भीतर दोसर पात्र योजना मे निवेश करबाक स्थिति मे कर स्थगित करबाक सुझाव अछि। चारिम, संभावित राजस्व हानि पूरा करबाक लेल प्रतिभूति लेनदेन कर (एसटीटी) मे 50 प्रतिशत वृद्धि प्रस्तावित अछि। रिपोर्टक अनुमान अछि जे एहि सं वित्त वर्ष 2027-28 मे लगभग 45 हजार करोड़ टाका अतिरिक्त राजस्व भेटि सकैत अछि। पांचम, पूंजीगत लाभ करक व्यापक समीक्षा कए एलटीसीजी कर पूर्णतः समाप्त करबाक संभावनापर विचार करबाक सुझाव अछि।

की सरकार छोड़त 50 हजार करोड़ टाका राजस्व? : एसबीआइ रिसर्चक अनुमान अछि जे एलटीसीजी कर पूर्णतः समाप्त कयल गेल तं वित्त वर्ष 2027-28 मे सरकार कें लगभग 40 हजार सं 50 हजार करोड़ टाकाक राजस्व हानि भए सकैत अछि। ई जीडीपीक लगभग 0.1-0.2 प्रतिशत होयत। रिपोर्टक अनुसार, वित्त वर्ष 2024-25 मे एलटीसीजी कर सं लगभग 1.3 लाख करोड़ टाका प्राप्त भेल छल। मुदा शेयर बाजारक कमजोर प्रदर्शन आ विदेशी निवेशकक बिकवाली जारी रहला पर भविष्य मे एहि स्रोत सं राजस्व घटि सकैत अछि। सरकार कें कर राहतिक संग राजकोषीय घाटा, आधारभूत संरचना पर खर्च आ सामाजिक योजनाक वित्तपोषणक बीच संतुलन बनेबाक होयत।

सेबीक प्रस्ताव आ वित्तमंत्रीक संकेत : रॉयटर्सक 2 नवंबरक रिपोर्टक अनुसार, सेबी सरकार कें विदेशी इक्विटी निवेशक लेल एलटीसीजी कर समाप्त करबाक सिफारिश कयलक अछि। घरेलू म्यूचुअल फंड निवेशक लेल सेहो प्रस्ताव अछि जे एक वर्ष सं बेसी पुरान निवेश बेचि दोसर योजना मे राशि लगेलापर कर राहति भेटय। ई प्रस्ताव गोपनीय आ गैर-बाध्यकारी बजट-पूर्व सिफारिश अछि। एकरा सरकारक आखरी निर्णय नहि मानल जा सकैत अछि। ओहि दिन मुंबई मे फाइनेंशियल एक्सप्रेस लीडरशिप अवार्ड्स कार्यक्रम मे वित्तमंत्री निर्मला सीतारमण निवेशकक चिंता स्वीकार कयलनि। ओ कहलनि जे सरकार एहि विषय पर विचार करत, मुदा कर रियायत कें शेयर बाजारक प्रदर्शनक एकमात्र आधार नहि मानबाक चाही। ओ भारतक सात प्रतिशत सं बेसी आर्थिक विकास दर बनौने रखबाक लेल पूंजी निवेशक आवश्यकता पर सेहो जोर देलनि। संगहि विदेशी आ घरेलू निवेशकक बीच समानताक प्रश्न उठौलनि।

बजट 2027 पर टिकल नजरि : आगामी 1 फरवरी 2027 कें प्रस्तुत होबयवला केंद्रीय बजट मे एलटीसीजी सुधारक घोषणा संभव अछि। सरकारक सोझां तीन विकल्प रहत। विदेशी निवेशक लेल कर समाप्त करब, घरेलू आ विदेशी निवेशक लेल अलग-अलग राहति देब अथवा निवेश अवधि अनुसार कर दर मे क्रमिक कमी करब। हालांकि, एखन धरि कोनो आखरी निर्णय नहि भेल अछि। समग्र रूप सं एलटीसीजी कर मे राहति भारतीय शेयर बाजार लेल सकारात्मक साबित भए' सकैत अछि। एहि सं घरेलू निवेशकक भरोस बढ़त आ विदेशी पूंजी आकर्षित होयत। मुदा बाजारक स्थायी मजबूती लेल कंपनीसभक आमदनी मे वृद्धि, रुपैयाक स्थिरता, नियंत्रित महंगाइ आ मजबूत आर्थिक विकास सेहो जरूरी अछि। बजट 2027 एहि दिशा मे महत्वपूर्ण अवसर बनि सकैत अछि। मुदा एकर सफलता मात्र कर राहतक घोषणा पर नहि, बल्कि संतुलित नीति आ प्रभावी क्रियान्वयन पर निर्भर करत।

यूपी विधानसभा चुनाव मे 1 प्रतिशत वोटो अनताह तं पास भए जेताह निशांत कुमार

बिहार एमएलसी चुनाव मे भेल उथल-पुथलक बीच जेडीयू नेतृत्व तत्कालीन मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक बेटा निशांत कुमार कें चुनावी मैदान मे उतारि पटना स्नातक सीट पर सफलता हासिल कएलक। मुदा आब पार्टी हुनकर छवि आ नव लोकप्रियता कें उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 मे आजमाबय जा रहल अछि। ई अलग बात अछि जे जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) के रणनीतिकार सभ दू दशक धरि यूपी मे अपन आधार बनेबाक प्रयास केने छथि, मुदा सफलता हाथ नहि लागल। आब यूपी के जनता एहि नव प्रयास आ युवा चेहरा निशांत कुमार कें कोना लैत अछि, से आगू होमय बला चुनाव आ ओकर नतीजा सं पता चलत।



नीतीश कुमारक बाद निशांत कुमार

जनता दल यूनाइटेडक उत्तर प्रदेश अभियान कोनो नव पहल नहि अछि। एहि सं पहिने जेडीयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष रहल आरसीपी सिंह कमान संभालने छलाह। एकर बाद वर्तमान मंत्री श्रवण कुमार सेहो एहि जिम्मेदारी उठौने छलाह। मुदा हुनका सभक अभियानक कोनो खास परिणाम नहि निकलल। जीत तं दूर, प्रत्याशी सभक जमानतो नहि बचि सकल। हालक वर्ष सभ मे जेडीयू यूपी चुनाव मे उतरल आ चुनाव सेहो पूरा दमखम सं लड़ल। जेडीयू 2012 आ 2022 मे अपन दम पर यूपी मे चुनावी भाग्य आजमौने छल।

की भेल छल यूपी विधानसभा चुनाव 2012 आ 2022 मे?

वर्ष 2012 के उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे जनता दल (यूनाइटेड) अपन दम पर चुनाव लड़ने छल। ओहि समय जेडीयू यूपी के 403 विधानसभा सीट मे सं 219 सीट पर अपन उम्मीदवार उतारने छल। तखन जेडीयू के कुल 2,70,303 वोट भेटल छल। ई राज्यक कुल वैध मतक लगभग 0.67 प्रतिशत आ राज्यक कुल वोट शेयरक मात्र 0.36 प्रतिशत छल। वर्ष 2022 मे जेडीयू उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे अपन उम्मीदवार सभ कें मैदान मे उतारने छल। मुदा पार्टी कें एको सीट पर जीत नहि भेटल आ वोट शेयर सेहो मात्र 0.11 प्रतिशत रहि गेल।

बुझू योगीक शासन मे जेडीयूक नंबर गेम

निशांत लेल यूपी के कद्दावर कुर्मी नेता सेहो चुनौती

यूपी विधानसभा चुनाव 2027 मे निशांत कुमार लेल चुनौती मात्र सीट सभक नहि, बल्कि उत्तर प्रदेशक हुनकर सजातीय कुर्मी नेता सभ सेहो छथि। ई ओ नेता छथि जे कतेको वर्ष सं ओतय राजनीति कए रहल छथि। एहन कद्दावर नेता सभक बीच निशांत कुमार कें कुर्मी समाज मे अपन स्वीकार्यता साबित करबाक चुनौती रहत।

की अछि चुनाव लड़बाक आधार?

हुकुम सिंह समिति के रिपोर्टक अनुसार, उत्तर प्रदेशक कुल आबादी मे कुर्मी समाजक हिस्सेदारी लगभग 7.4 प्रतिशत अछि। हालांकि, किछु मीडिया रिपोर्ट आ अनुमान मे ई आंकड़ा 5 प्रतिशत सं 12 प्रतिशतक बीच बताओल जाइत अछि। यादव सभक बाद कुर्मी समाज कें उत्तर प्रदेश मे ओबीसीक दोसर सब सं पैघ समुदाय मानल जाइत अछि। उत्तर प्रदेशक संत कबीर नगर, महाराजगंज, कुशीनगर, मिजार्पुर, सोनभद्र, बरेली, उन्नाव, जालौन, फतेहपुर, प्रतापगढ़, कौशांबी, प्रयागराज, सीतापुर, बहराइच, श्रावस्ती, बलरामपुर, सिद्धार्थ नगर, बस्ती, बाराबंकी, कानपुर, अकबरपुर, एटा, लखीमपुर, वाराणसी आ गोरखपुर मे एहि समाजक आबादी खास तौर पर अछि। पश्चिमी उत्तर प्रदेश मे हुनकर आबादी कम (लगभग 3 प्रतिशत) अछि। मानल जाइत अछि जे प्रदेशक करीब 70 सं 128 विधानसभा सीट पर एहि समाजक नीक प्रभाव अछि आ लगभग 48-50 सीट पर ई समाज सीधा हार-जीत तय करबाक स्थिति मे अछि।

कांग्रेस पार्टी यूपी विधानसभा चुनावक तैयारी शुरू कयलक प्रियंका गांधी कएलनि पैघ बैठक की छल उद्देश्य?



उत्तर प्रदेश मे विधानसभा चुनावक समय नजदीक आबि रहल अछि। अनुमान अछि जे 2027क शुरूआत मे यूपी मे विधानसभा चुनाव होयत। एहन स्थिति मे चुनाव नजदीक अयिते सभ राजनीतिक दल सक्रिय भए गेल अछि आ अपन रणनीति तैयार कए जमीन पर प्रचार अभियान मे जुटि रहल अछि। आब कांग्रेस पार्टी सेहो यूपी चुनावक तैयारी मे जुटि गेल अछि। दिल्लीक रैलीक बाद आब कांग्रेसक ध्यान यूपी चुनाव पर अछि। एहि क्रम मे प्रियंका गांधी मंगलदिन उत्तर प्रदेशक नेता सभक संग चुनावी रणनीति पर विचार-विमर्श कएलनि। मंगलदिन दिल्ली मे यूपी विधानसभा चुनाव कें लए प्रियंका गांधी उत्तर प्रदेश कांग्रेसक नेता आ पदाधिकारी सभक संग अपन आवास पर बैठक कएलनि। करीब 3 घंटा धरि चलल एहि बैठक मे प्रदेश कार्यकारिणीक गठन, बूथ स्तरक तैयारी आ संगठन कें मजबूत बनेबाक मुद्दा पर चर्चा भेल। संगहि समाजवादी पार्टीक संग संभावित गठबंधन आ आगामी चुनाव मे सीट बंटवाराक फामूर्ला पर सेहो बातचीत कयल गेल। दिल्ली मे भेल एहि महत्वपूर्ण बैठकक संग कांग्रेस उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027क तैयारी कें लए अपन रणनीति तेज कए देलक अछि। ओम्हर, मंगलदिन समाजवादी पार्टीक प्रमुख अखिलेश यादव पैघ घोषणा कएलनि। अखिलेश कहलनि जे ओ विधानसभा चुनाव नहि लड़ताह। हुनकर कहब छल जे पिछला बेर सेहो ओ चुनाव लड़ने बिना मुख्यमंत्री बनल छलाह आ एहि बेर सेहो लोकसभा सं सीधे मुख्यमंत्री पदक शपथ लेबाक लेल पहुंचताह। अखिलेश कहलनि, "हम मुख्यमंत्री तखन बनैत छी, जखन चुनाव नहि लड़ैत छी।

चंडीगढ़ मे आपक 'जेन-जी इन पॉलिटिक्स' अभियान युवा सभ कें राजनीति सं जोड़बाक पहल

चंडीगढ़ मे आम आदमी पार्टी युवा सभ कें राजनीति सं जोड़बाक आ राजनीतिक प्रक्रिया मे सक्रिय भागीदारीक अवसर देबाक उद्देश्य सं ह्यजेन-जी इन पॉलिटिक्सह्ल अभियान शुरू केने अछि। पार्टीक चंडीगढ़ प्रभारी जरनैल सिंह सेक्टर 3 स्थित प्रदेश पार्टी कार्यालय मे एहि अभियानक शुभारंभ कएलनि। जरनैल सिंह कहलनि जे एहि अभियानक मुख्य उद्देश्य नव पीढ़ी कें राजनीति मे भागीदारी लेल प्रेरित करब, हुनकर सोच आ विचार सभ कें मंच देब आ नेतृत्व करबाक अवसर उपलब्ध करायब अछि। पार्टीक मानब अछि जे देशक पैघ युवा आबादी रहितो संसद आ विधानसभा मे युवासभक प्रतिनिधित्व सीमित अछि। एहन स्थिति मे युवासभक भागीदारी बढ़ेनाइ समयक मांग अछि। अभियानक अंतर्गत चंडीगढ़क युवा सभ कें शहरक समस्या आ विकास सं जुड़ल मुद्दा सभ पर अपन सुझाव देबाक अवसर भेटत। युवा जनहितक मुद्दा सभ पर काज करबाक संग राजनीति मे सक्रिय भूमिका सेहो निभा सकताह। एहि माध्यम सं हुनका चुनाव लड़बाक आ नेतृत्व क्षमता विकसित करबाक लेल सेहो प्रोत्साहित कएल जाएत। पार्टीक एहि पहल के संदेश अछि जे युवा शक्ति कें राजनीति सं जोड़ि चंडीगढ़क संग-संग देशक राजनीति कें नव सोच, नव ऊर्जा आ नव दिशा देल जाए। एहि अवसर पर पार्टी नेता प्रेम गर्ग, दीपा दुबे, ओमकार सिंह औलख, योगेश ढींगरा सहित आन नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।



जरनैल सिंह कएलनि शुभारंभ

यूपी चुनाव लेल चिराग पासवान तैयार काशी सं लखनऊ धरि माहौल बनौताह



उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 सं पहिने बिहारक राजनीतिक दल सभ यूपी मे अपन राजनीतिक आधार मजबूत करबाक तैयारी शुरू कए देने अछि। केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि जे हुनकर पार्टी लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) यूपी चुनाव लेल पूरा तरहे तैयार अछि। एहि सं पहिने बिहारक स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार सेहो उत्तर प्रदेश मे अपन पार्टी जेडीयूक संगठन मजबूत करबाक आ एनडीए संग चुनाव लड़बाक इच्छा जता चुकल छथि। दुनू नेताक बयान सं यूपी के राजनीति मे नव चर्चा शुरू भए गेल अछि।

केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान पटना मे मंगल (03 नवंबर, 2026) मीडिया सं कहलनि जे हुनकर पार्टी उत्तर प्रदेश मे चुनाव लड़बाक लेल पूरा तरहे तैयार अछि। ओ बतौलनि जे परसू काशी मे पार्टीक पैघ सभा होमय जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त पार्टीक स्थापना दिवस 28 नवंबर कें लखनऊ मे मनाओल जाएत। चिराग कहलनि जे संगठन मजबूत करबाक लेल लगातार काज चलि रहल अछि। चिराग पासवान कहलनि जे चुनाव नजदीक अयला तक हुनकर पार्टी उत्तर प्रदेश मे मजबूत दावेदारक रूप मे सामने आएत। ओ भरोस जतौलनि जे एलजेपी (रामविलास) विधानसभा चुनाव मे एकटा मजबूत विकल्पक रूप मे अपना कें प्रस्तुत करत। पार्टीक गतिविधि बढ़ेबाक लेल यूपी मे सभा आ संगठनात्मक कार्यक्रम कएल जा रहल अछि।

बता दी जे एहि सं पहिने 1 नवंबर कें बिहारक स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार मुगलसराय पहुंचल छलाह। ओ स्थानीय कार्यकर्ता सभ सं भेंट कएलनि आ यूपी मे पार्टीक संगठन मजबूत करबाक बात कहलनि। निशांत कहलनि जे हुनकर पार्टीक मौजूदगी मात्र बिहार तक सीमित नहि अछि। देशक दोसर हिस्सा आ पूर्वोत्तर राज्य सभ मे सेहो संगठन काज कए रहल अछि। निशांत कुमार उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे उतरेबाक मंशा जाहिर केने छलाह। ओ एनडीएक घटक दलक रूप मे यूपी मे चुनाव लड़बाक इच्छा सेहो जतौलनि। चिराग पासवान आ निशांत कुमारक बयान सं स्पष्ट अछि जे बिहारक सहयोगी दल सभ यूपी मे अपन राजनीतिक ताकत बढ़ेबाक तैयारी मे लागल अछि। हालांकि, सीट बंटवारा आ चुनावी गठबंधन लए एखन धरि कोनो औपचारिक घोषणा नहि भेल अछि।

बिहार एमएलसी चुनाव मे हारिक बाद एक्शन मे जेडीयू, बजौलक पैघ बैठक

बिहार विधान परिषद चुनावक नतीजा जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) के चिंता बढ़ा देने अछि। चारि सीट पर भेल चुनाव मे पार्टी के तीन सीट पर हारक सामना करय पड़ल। मात्र पटना स्नातक सीट पर नीरज कुमार जीत दर्ज कए सकलाह। आब एहि नतीजा के बाद पार्टी नेतृत्व हारिक कारणक पड़ताल करबाक निर्णय लेने अछि। एहि लेल बृहस्पति, 5 नवंबर कें पटना स्थित पार्टी कार्यालय मे समीक्षा बैठक बजाओल गेल अछि। बैठक मे पार्टीक पैघ नेता, चुनाव जीतनिहार आ हारनिहार उम्मीदवारक संग संबंधित जिला सभक अध्यक्ष सेहो शामिल हेताह। जेडीयूक एहि महत्वपूर्ण बैठकक अध्यक्षता राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा आ प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा करताह। एहि मे पार्टीक वरिष्ठ नेता सेहो मौजूद रहताह। चुनाव लड़ल सभ उम्मीदवार कें बैठक मे बजाओल गेल अछि। संबंधित जिला सभक अध्यक्ष कें सेहो अपन रिपोर्टक संग शामिल होबाक लेल कहल गेल अछि। पार्टी नेतृत्व चुनावक नतीजा कें गंभीरता सं लए रहल अछि। बैठक मे प्रत्येक सीट पर पार्टीक प्रदर्शनक समीक्षा होयत। एकर संग संगठनक भूमिका आ चुनाव प्रचारक दौरान सामने आएल कमी पर चर्चा कएल जाएत। विधान परिषद चुनाव मे तीन सीट पर हार भेटलाक बाद जेडीयू आब संगठनक भीतरी कमी सभक पता लगाय चाहैत अछि। पार्टी ई जानबाक प्रयास करत जे कोन-कोन इलाका मे संगठन अपेक्षा के अनुरूप काज नहि कएलक। चुनावी रणनीति मे कतय चूक भेल आ उम्मीदवार सभ कें कोन-कोन चुनौतीक सामना करय पड़ल। जिला अध्यक्ष सभक रिपोर्ट एहि बैठक मे महत्वपूर्ण भए सकैत अछि। हुनका सभक माध्यम सं स्थानीय स्तर पर कार्यकर्ता सभक सक्रियता, चुनावी माहौल आ सहयोगी दल सभक संग तालमेलक जानकारी लेल जाएत। चुनावक दौरान जिनका सभक भूमिकापर सवाल उठल अछि, हुनकर जिम्मेदारी पर सेहो चर्चा होयबाक संभावना अछि। सारण शिक्षक आ तिरहुत स्नातक सीट पर जेडीयू उम्मीदवार सभक हार पार्टी लेल पैघ सवाल अछि। एहि दुनू सीट पर चुनावी नतीजा कें लए पार्टीक भीतर मंथन भए सकैत अछि। चुनावक दौरान जेडीयू उम्मीदवार सभ दिस सं सहयोगी दल सभक समर्थन कें लए सेहो सवाल उठाओल गेल छल। एहन स्थिति मे बैठक मे गठबंधनक भीतर तालमेलक स्थिति पर चर्चा भए सकैत अछि। पार्टी नेतृत्व ई बुझय चाहत जे सहयोगी दल सभक संग समन्वयक कमी के नतीजा पर कतेक असर पड़ल। पटना स्नातक सीट पर नीरज कुमार जीत दर्ज कएलनि, मुदा ई सीट सेहो चुनावक दौरान विवाद सभ सं घेरल रहल। चुनाव कें लए नीरज कुमार शिकायत केने छलाह। ओतहि, मोकामा विधायक अनंत सिंह खुलि कए हुनकर विरोध करबाक घोषणा केने छलाह। अनंत सिंह जेडीयूक बैठक मे सेहो नीरज कुमार लेल वोट नहि मंगबाक बात कहलनि। पार्टी एकरा पार्टी विरोधी गतिविधि मानैत हुनका छह साल लेल निष्कासित कए देने छल। हुनकर पत्नी नीलम देवीक सदस्यता सेहो वापस लए लेल गेल। आब समीक्षा बैठक मे पटना स्नातक सीटक चुनावी घटनाक्रम पर सेहो चर्चा भए सकैत अछि। पार्टी ई बुझबाक प्रयास सेहो करत जे भीतरी विरोधक चुनाव पर की असर पड़ल। विधान परिषद चुनावक नतीजा जेडीयूक सोझा संगठन आ चुनावी रणनीति कें लए नव सवाल ठाढ़ कए देने अछि। पटना स्नातक सीट पर जीतक बावजूद तीन सीट पर भेटल हार पार्टी लेल चिंताक विषय अछि। एहि स्थिति मे 5 नवंबरक बैठक बहुत महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। एहि दौरान मात्र हार-जीतक आंकड़ा पर नहि, बल्कि भविष्य मे चुनावी चुनौती सभक सामना करबाक रणनीति पर सेहो चर्चा भए सकैत अछि।



एहि मुद्दा सभ पर होयत मंथन

देशक दिग्गज अर्थशास्त्री सभक उपस्थिति मे डॉ. विजय कुमार गुप्ताक पुस्तकक विमोचन

स्वतंत्रता सं डिजिटल युग धरि यात्रा मे ग्रामीण समाज आ अर्थव्यवस्थाक विकासक शोधपरक विश्लेषण





समस्तीपुर/मुजफ्फरपुर, समदिया

इंडियन इकोनॉमिक एसोसिएशनक केंद्रीय कार्यालय, मुजफ्फरपुरक उद्घाटन आ 109म वार्षिक सम्मेलन संपूर्व आयोजित कार्यक्रमक अवसर पर अर्थशास्त्रक प्रतिष्ठित विद्वान आ राष्ट्रीय स्तरक ख्यातिप्राप्त अर्थशास्त्री सभक गरिमामय उपस्थिति मे डॉ. विजय कुमार गुप्ताक पुस्तक बिहार मे ग्रामीण विकास : स्वतंत्रता सं डिजिटल युग धरि यात्राक विमोचन कयल गेल। ई महत्वपूर्ण आयोजन 4 नवंबर 2026,बुधदिन इंडियन इकोनॉमिक एसोसिएशनक केंद्रीय कार्यालय, मुजफ्फरपुर मे आयोजित भेल। कार्यक्रमक उद्घाटन भारत सरकारक प्रधानमंत्रीक आर्थिक सलाहकार परिषद (ईएसी-पीएम) केर अध्यक्ष आ इंडियन इकोनॉमिक एसोसिएशनक पूर्व अध्यक्ष प्रो. एस. महेंद्र देव केलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता जवाहरलाल नेहरू विश्वविद्यालय, नव दिल्लीक सेंटर फॉर इकोनॉमिक स्टडीज एंड प्लानिंगक प्रोफेसर प्रो. प्रवीण झा केलनि।एहि अवसर पर डॉ. तम्मा कोटि रेड्डी आ प्रो. अश्विनी महाजन सहित अर्थशास्त्र आ आर्थिक चिंतन क्षेत्रसं जुड़ल कतेको प्रतिष्ठित हस्ती उपस्थित छलाह। विमोचित पुस्तक बिहार मे ग्रामीण विकास : स्वतंत्रतासं डिजिटल युग धरि यात्रा मे स्वतंत्रताक बाद बिहारक ग्रामीण समाज आ अर्थव्यवस्था मे आयलपरिवर्तनक व्यापक आ शोधपरक विश्लेषण प्रस्तुत कयल गे ल अछि। पुस्तक मे कृषि विकास, भूमि सुधार,ग्रामीण रोजगार, पंचायती राज संस्था, शिक्षा, स्वास्थ्य, महिला सशक्तीकरण, ग्रामीण आजीविका आडिजिटल शासन जेकां महत्वपूर्ण विषय सभक माध्यम सं ग्रामीण बिहारक विकास यात्राक पड़ताल कयलगेल अछि। ई पुस्तक बिहारक ग्रामीण विकासक उपलब्धि, चुनौती आ भावी संभावना कें ऐतिहासिक आसमकालीन परिप्रेक्ष्य मे प्रस्तुत करैत अछि। पुस्तकक लेखक डॉ. विजय कुमार गुप्ता वीमेंस कॉलेज, समस्तीपुर (ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगा) क अर्थशास्त्र विभाग मे वरीय सहायक प्राध्यापक छथि। हुनकर अकादमिक आ शोधकार्य ग्रामीण विकास, भारतीय अर्थव्यवस्था आ समावेशी विकास जेकां विषय पर केंद्रित रहल अछि। देशक प्रतिष्ठित अर्थशास्त्री आ विद्वान सभक उपस्थिति मे पुस्तकक विमोचन लेखक लेल गौरवपूर्ण उपलब्धि बनल।

झिझिया, जट-जटिन, लोकनृत्य आ छठि पर्वक प्रस्तुति सं जीवंत भेल भारतीय लोकसंस्कृति

संत पॉल टीचर्स ट्रेनिंग कॉलेज मे दू दिवसीय भारतीय सांस्कृतिक महोत्सवक शुभारंभ

समस्तीपुर, समदिया

स्वायत्त आ नैक बी++ ग्रेड प्राप्त संत पॉल टीचर्स ट्रेनिंग कॉलेज, वीरसिंहपुर मे बुधदिन सांस्कृतिकसमितिक तत्वावधान मे दू दिवसीय भारतीय सांस्कृतिक महोत्सवक भव्य शुभारंभ भेल। झिझिया, जट-जटिन, लोकनृत्य आ छठ पर्वक मंचन पर केंद्रित एहि महोत्सवक उद्घाटन दीप प्रज्वलित क कयल गेल।कार्यक्रमक उद्देश्य भावी शिक्षक सभ कें भारतीय लोकसंस्कृति, परंपरा आ समृद्ध कलात्मक विरासत सं जोड़ब तथा एकर संरक्षण आ संवर्धनक प्रति जागरूक करब अछि। कार्यक्रमक शुरुआत संगीत विभागकसहायक प्राध्यापक रोहित कुमारक गणेश वंदना सं भेल। सांस्कृतिक समितिक समन्वयक डॉ. प्रतिभा रायस्वागत संबोधन करैत कहलनि जे एहि तरहक आयोजन प्रशिक्षु सभ कें अपन सांस्कृतिक जड़ि संजोड़बाक संग लोकपरंपराक महत्व बुझबाक अवसर प्रदान करैत अछि। बीएड प्रशिक्षु अभिषेक कुमार मंच संचालन केलनि। महोत्सवक पहिल दिन



प्रशिक्षु सभ गीत-संगीत आ नृत्यक आकर्षक प्रस्तुति सं दर्शकसभक मन मोह लेलनि। प्रीति कुमारी, अर्पिता, शैलवी, खुशबू, खुशी आ अंजलिक सामूहिक नृत्य प्रस्तुतिविशेष आकर्षणक केंद्र रहल। अस्मिता झूमर नृत्य प्रस्तुत क लोकसंस्कृतिक छटा बिखेरलनि। मनीष कुमारगायन प्रस्तुत केलनि, जखन कि प्रशिक्षु मणिकांत ओ साथी रे गीतक माध्यम सं खूब ताली बटोरलनि।चांदनी, आकाश सहित अन्य प्रशिक्षु सभ सेहो अपन सांस्कृतिक प्रतिभाक शानदार प्रदर्शन केलनि। प्रस्तुतिसभ कें सफल बनाबय मे सहायक प्राध्यापक नरेंद्र कुमार आ रोहित कुमारक महत्वपूर्ण योगदान रहल।दुनू गोटे पछिला कतेको दिन सं प्रशिक्षु सभ कें नियमित अभ्यास करा रहल छलाह। कार्यक्रमक अंत मेधन्यवाद ज्ञापन करैत कॉलेजक प्राचार्या डॉ. रोली द्विवेदी कहलनि जे लोककला भारतीय समाजक सांस्कृतिक पहचान आ परंपरागत विरासतक संवाहक अछि। भारतीय ज्ञान परंपरा कें समृद्ध करबाक आ अपन सांस्कृतिक जड़ि कें चिन्हबाक लेल एहि तरहक आयोजन महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। ओ कहलनि जे शिक्षक-शिक्षा मे सांस्कृतिक गतिविधि सभक समावेश प्रशिक्षु सभ मे रचनात्मकता, आत्मविश्वास, सामाजिक सहभागिता आ सांस्कृतिक चेतनाक विकास करैत अछि। ओ भावी शिक्षक सभसं लोकपरंपराक संरक्षण आ ओकरा नव पीढ़ी धरि पहुंचयबाक लेल सक्रिय भूमिका निभेबाक आह्वानकेलनि।

22 नवंबर सं शुरू होयत पांच दिवसीय पल्स पोलियो अभियान, तैयारी कें लए टास्क फोर्सक बैसार

शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंड क्षेत्र मे आगामी 22 नवंबर सं शुरू होबयवला पांच दिवसीय पल्स पोलियो अभियान कें सफल बनेबाक तैयारी तेज क देल गेल अछि। अभियानक दौरान प्रखंड क्षेत्रक पांच बरख धरि आयुक सभ बच्चा कें पोलियोक खुराक पियाबय आ एकोटा बच्चा दवा पीबय सं वंचित नहि रहय, एहि उद्देश्य संबुधदिन प्रखंड सह अंचल कार्यालयक बीडीओ प्रकोष्ठ मे ब्लॉक लेवल टास्क फोर्सक बैसार आयोजितकयल गेल। बैसारक अध्यक्षता बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह केलनि। बैसार मे पल्स पोलियो अभियानकसफल संचालन, स्वास्थ्य विभागक तैयारी, कर्मी सभक जिम्मेदारी आ अभियानक दौरान शत-प्रतिशतबच्चा धरि पहुंच सुनिश्चित करबाक संबंध मे विस्तार सं चर्चा भेल। पदाधिकारी सभ अभियान



कें गंभीरता सं लैत निर्धारित समय पर सभ तैयारी पूरा करबाक निर्देश देलनि। बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह कहलनि जे पल्स पोलियो अभियान बच्चा सभ कें पोलियो जेकां गंभीर बेमारी सं सुरक्षित रखबाक दिशा मे महत्वपूर्ण जनस्वास्थ्य अभियान अछि। एकर सफलता लेल सभ संबंधितविभागक पदाधिकारी आ कर्मी कें आपसी समन्वय बना काज करय पड़तनि। अभियानक दौरान कोनोबच्चा छुटि नहि जाय, एकरा लेल क्षेत्र मे व्यापक जागरूकता आ प्रभावकारी निगरानी आवश्यक अछि।बैसार मे प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. सुमित कुमार अभियानक तैयारी पर चर्चा करैत स्वास्थ्यविभागक भूमिका कें महत्वपूर्ण बतौलनि। ओ निर्धारित कार्ययोजनाक अनुसार टीकाकरण गतिविधि संचालित करबाक आ सभ बच्चा धरि पहुंच बनेबाक जरूरत पर जोर देलनि। स्वास्थ्यकर्मी सभक संग-संग संबंधित विभागक सहयोग सं अभियान कें प्रभावकारी बनेबाक रणनीति पर सेहो विचार-विमर्श कयल गेल।बैसार मे स्वास्थ्य प्रबंधक अमानुल्ला, जीविका बीपीएम अरुण कुमार सिंह, फील्ड मॉनिटर भास्कर कुमार आ एलएस सहित अन्य संबंधित कर्मी उपस्थित छलाह। उपस्थित पदाधिकारी आ कर्मी सभ अभियानकप्रति अपन जिम्मेदारी निभेबाक आ जनजागरूकता मे सहयोग करबाक प्रतिबद्धता जतौलनि।उल्लेखनीय अछि जे पल्स पोलियो अभियानक अंतर्गत पांच बरख धरि आयुक बच्चा सभ कें पोलियोकखुराक पियाओल जाइत अछि। अभियानक उद्देश्य बच्चा सभ कें पोलियो वायरसक संक्रमण सं सुरक्षितरखब आ देश मे पोलियो उन्मूलनक स्थिति बनौने रखब अछि। एहि लेल स्वास्थ्य विभाग नियमितटीकाकरणक संग विशेष अभियान सेहो चलबैत अछि। शिवाजीनगर प्रखंड मे 22 नवंबर सं शुरू होबयवला एहि अभियानक तैयारीक लेल आयोजित टास्क फोर्सक बैसार कें महत्वपूर्ण कड़ी मानल जा रहल अछि। आब अभियानक सफल संचालन लेल संबंधित विभागक बीच समन्वय, स्वास्थ्यकर्मी सभक सक्रियता आ अभिभावक सभक सहभागिता पर विशेष ध्यान देल जायत।

इंटर्नशिपक लेल एमआरएम कॉलेज ईजी इंटर्न कंपनीक संग केलक एमओयू

नव शिक्षा नीतिक अंतर्गत छात्रा सभ कें भेटत निःशुल्क इंटर्नशिपक अवसर



दरभंगा, समदिया

एमआरएम कॉलेज लेल बुधदिन ऐतिहासिक रहल। महाविद्यालय मे प्रधानाचार्या प्रो. पुष्पम नारायणक अध्यक्षता मे ईजी इंटर्न कंपनीक संग इंटर्नशिप कें लए एमओयू कयल गेल। एहि अवसर पर प्रधानाचार्याएमओयू संबंधी विस्तृत जानकारी दैत कहलनि जे नव शिक्षा नीति-2020 के अंतर्गत स्नातक सीबीसीएसप्रणालीक पांचम सेमेस्टर मे छात्र-छात्रा सभक लेल इंटर्नशिप अनिवार्य कयल गेल अछि। छात्रा सभक हितकें सर्वोच्च प्राथमिकता दैत महाविद्यालय ई पहल कयने अछि। उल्लेखनीय अछि जे ललित नारायणमिथिला विश्वविद्यालयक एहि कंपनीक संग पिछले वर्षे एमओयू भए चुकल अछि। महाविद्यालयक इंटर्नशिप नोडल पदाधिकारी डॉ. वंदना कुमारी कहलनि जे एहि पहल सं छात्रा सभ कें सैद्धांतिक ज्ञान कें वास्तविक कार्यक्षेत्र सं जोड़बाक अवसर भेटतनि। ई इंटर्नशिप पूर्णतः निःशुल्क रहत, जाहि सं छात्रा सभबिना कोनो आर्थिक बाधाक व्यावहारिक अनुभव प्राप्त क सकतिह। एहि कार्यक्रमक उद्देश्य छात्रा सभ केंआत्मनिर्भर, कुशल आ भविष्यक चुनौती सभक सामना करबाक लेल सक्षम बनायब अछि। एहि अवसर परमहाविद्यालयक सभ शिक्षक, शिक्षिका आ शिक्षकेत्तर कर्मी उपस्थित छलाह। प्रधानाचार्या प्रो. पुष्पमनारायण एहि पहल लेल सभ कें बधाई दैत छात्रा सभ सं निःशुल्क इंटर्नशिपक बेसी-सं-बेसी लाभ उठेबाक अपील केलनि।

प्रधान शिक्षक रसोइया कें कपड़ा, उपहार आ मिठाइ भेंट दए केलनि सम्मान

शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया

दीपावलीक वास्तविक आनंद अपन लोकनिक संग खुशियाली बांटबे मे अछि। एहि भावना कें चरितार्थकरैत शिवाजीनगर प्रखंडक मधुरापुर पंचायत स्थित प्राथमिक विद्यालय कनखरियाक विद्यालय परिवारबुधदिन सराहनीय पहल केलक। दीपावलीक पावन अवसर पर विद्यालय मे सालभरि पूरा निष्ठा आसेवाभाव सं भोजन बनेनिहार रसोइया कें विद्यालय परिवारक दिस सं विशेष उपहार द सम्मानित कयल गेल। एहि मानवीय आ प्रेरणादायक पहल एक बेर फेर साबित केलक जे समाज आ विद्यालयक विकास मे प्रत्येक व्यक्तिक योगदान महत्वपूर्ण होइत अछि। चाहे ओ शिक्षा देनिहार शिक्षक होथि अथवा बच्चा सभक स्वास्थ्य आ पोषणक देखभाल करयवाली रसोइया। एहि दौरान विद्यालयक प्रधान शिक्षक मोहम्मदअब्दुल्लाह रसोइया कें कपड़ा, उपहार आ दीपावलीक मिठाइ भेंट केलनि। प्रधान शिक्षक कहलनि जेरसोइया मात्र मध्याह्न भोजन बनेनिहार कर्मचारी नहि छथि, बल्कि विद्यालय परिवारक अभिन्न अंगछथि। जाड़, गर्मी आ बरखा सभ मौसिम मे ओ



पूरा ईमानदारी आ समयक पाबंदी रखैत बच्चा सभक लेलपौष्टिक भोजन तैयार करैत छथि। उपहार भेटलाक बाद रसोइयाक चेहरा पर देखाइत खुशी आ संतोषक भाव पूरा माहौल कें भावुक आ आनंदमय बना देलक। ओ विद्यालय परिवारक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे एहि तरहक सम्मान सं अपन काजक प्रति हुनकर उत्साह आओर बढ़ल अछि। प्राथमिक विद्यालय कनखरियाक ई पहल आसपासक क्षेत्र मे सेहो चर्चाक विषय बनल अछि। सामान्यतः दीपावलीक उपहार कार्यालय आ पैघ संस्थान धरि सीमित रहि जाइत अछि, मुदा विद्यालयक बच्चा सभक देखभालकरयवला रसोइया सभ कें एहि तरहें सम्मानित करब समाज लेल एकटा सकारात्मक संदेश अछि।

लक्ष्मी पासवानक स्मृति मे खेग्रामसक छठम जिला सम्मेलन आयोजित

गरीब, भूमिहीन आ मजदूरक अधिकार लेल संघर्ष तेज करबाक संकल्प

दरभंगा, समदिया

भाकपा (माले) केर वरिष्ठ नेता आ खेग्रामसक संघर्षशील साथी कामरेड लक्ष्मी पासवानक पांचम स्मृति दिवस पर अखिल भारतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर सभा (खेग्रामस) क छठम जिला सम्मेलन आयोजित कयल गेल। सम्मेलन मे मुख्य वक्ताक रूप मे राष्ट्रीय अध्यक्ष सह पूर्व विधायक सत्यदेव राम आ मुख्य अतिथिक रूप मे राष्ट्रीय महासचिव धीरेंद्र झा शामिल भेलाह। सम्मेलनक शुरुआत कामरेड लक्ष्मी पासवानक चित्र पर माल्यार्पण आ श्रद्धांजलि अर्पित क कयल गेल। वक्ता सभ



गरीब, दलित आ मजदूरक अधिकार लेल हुनकर संघर्ष आ योगदान कें स्मरण करैत हुनकर अधूरा सपना पूरा करबाक संकल्पलेलनि। उद्घाटन सत्र कें संबोधित करैत सत्यदेव राम कहलनि जे देश मे गरीब, भूमिहीन, खेतिहर मजदूरआ ग्रामीण मेहनतकश लोकनिक अधिकार पर लगातार हमला भए रहल अछि। रोजगार, आवास आ सामाजिक सुरक्षाक अधिकार कमजोर कयल जा रहल अछि। ओ मनरेगा कें कमजोर करबाक, बुलडोजर राज आ कॉरपोरेट लूटक विरुद्ध व्यापक जनआंदोलन ठाढ़ करबाक आह्वान केलनि। राष्ट्रीय महासचिव धीरेंद्र झा कहलनि जे महंगाई, बेरोजगारी आ आर्थिक असमानता सं ग्रामीण गरीबक कठिनाइ बढ़ल अछि।संविधान, लोकतंत्र आ सामाजिक न्यायक रक्षा लेल मजदूर-किसानक एकजुटता जरूरी अछि। कार्यक्रमकसंचालन जिला कार्यकारी सचिव पप्पू पासवान केलनि। एहि अवसर पर राज्य सचिव शत्रुघ्न सहनी, राज्यपर्यवेक्षक श्याम पंडित, भाकपा (माले) जिलासचिव बैद्यनाथ यादव, आरके सहनी, शनिचरी देवी, अभिषेक कुमार, विनोद सिंह, नंदलाल ठाकुर, उमेश प्रसाद साह, हरि पासवान, सुनील यादव, मोहम्मद जमालुद्दीन, देवेंद्र कुमार आ पंकज पासवान सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्रा मे उमड़ल एनडीएक जनसैलाब

रेनबो रिसोर्ट सं शहीद चौक धरि निकलल पदयात्रा

सहरसा, समदिया

भारतीय जनता पार्टीक नेतृत्व मे बुधदिन जिला परिषद स्थित रेनबो रिसोर्ट सं शहीद चौक धरि लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्रा निकालल गेल। एहि मे एनडीए गठबंधनक सभ घटक दलक नेता, विधायक आ हजारोंक संख्या मे कार्यकर्ता भाग लेलनि। कार्यक्रमक मुख्य अतिथि केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय छलाह। पदयात्रा सं पहिने रेनबो रिसोर्ट मे जनसभा आयोजित कयल गेल, जाहिक अध्यक्षता भाजपा जिलाध्यक्ष साजन शर्मा कयलनि। जनसभा कें संबोधित करैत केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय कहलनि जे नीक आ जवाबदेह सरकारक उद्देश्य जनताक कल्याण, देशक सुरक्षा आ विकास योजनाकलाभ





समाजक आखरी व्यक्ति धरि पहुंचेनाइ होयबाक चाही। लोकतंत्र मे जनहित सर्वोपरि रहबाक चाही।ओ कहलनि जे केंद्र सरकार गरीब, किसान, युवा आ आम नागरिकक जीवन मे सकारात्मक बदलावअनबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। आयुष्मान भारत, प्रधानमंत्री आवास योजना, किसान सम्मान निधि, जनधन योजना, डीबीटी आ मुफ्त राशन योजनाक उल्लेख करैत ओ कहलनि जे एहि योजना सभ सं गरीब आ वंचित वर्ग कें सीधा लाभ भेटि रहल अछि। बिचौलिया सभक भूमिका समाप्त भेल अछि आ सरकारी सहायता सीधे लाभुक सभक बैंक खाता मे पहुंचि रहल अछि। ओ सड़क, रेल आ हवाई सेवाक विस्तार तथा स्वच्छ भारत अभियान कें सेहो सरकारक महत्वपूर्ण उपलब्धि बतौलनि। हुनकर कहब छलनि जे विकासक लाभ गाम आ दूर-दराजक क्षेत्र धरि पहुंचेनाइ सरकारक प्राथमिकता अछि। कार्यक्रम कें पूर्व मंत्री डॉ. आलोक रंजन, विधायक संजय कुमार सिंह, प्रफुल्ल मांझी, अजय कुमार चौधरी, विधान पार्षद अनिल ठाकुर, पूर्व विधायक गुंजेश्वर साह, सुरेंद्र यादव सहित एनडीएक कतेको नेता संबोधित कयलनि। धन्यवाद ज्ञापन महापौर बैन प्रिया कयलनि। सभा समाप्त भेलाक बाद रेनबो रिसोर्ट सं पदयात्रा निकलल, जे डीबी रोड, शंकर चौक आ सब्जी मंडी होइत चांदनी चौकस्थित शहीद स्मारक पहुंचल। ओतय नेता आ कार्यकर्ता सभ शहीद सभ कें श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। कार्यक्रम मे एनडीएक विभिन्न घटक दलक पदाधिकारी, कार्यकर्ता आ पैघ संख्या मे आम नागरिक उपस्थित छलाह।

» केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय गिनौलनि केंद्र सरकारक उपलब्धि

सुरक्षित कारोबार लेल चेंबरक प्रतिनिधि सभ एसपी सं कएलनि बातचीत

लोहरदगा,समदिया

आगामी त्योहार धनतेरस, दीपावली आ छठ महापर्व कें लए मंगलदिन लोहरदगा चेंबर ऑफ कॉमर्सक एकटा प्रतिनिधिमंडल लोहरदगा पुलिस अधीक्षक सादिक अनवर रिजवी सं मुलाकात कएलनि। एहि दौरान प्रतिनिधिमंडल विधि-व्यवस्था आ धनतेरसक दिन सुरक्षित कारोबार कें लए चर्चा कएलनि। एहि दौरान पुलिस अधीक्षक कहलनि जे जिलाक पुलिस टीम पूरा क्षेत्र मे विधि-व्यवस्था कें लए पूरी तरहे चौकस आ सतर्क रहत। ओ जिलाक व्यापारी सभ सं कहलनि जे सुरक्षा कें ध्यान मे



रखैत अपन व्यापारिक प्रतिष्ठान मे सीसीटीवी अवश्य लगबथि, जाहि सं कोनो आपराधिक घटना भेलापर अपराधी सभक पहचान कयल जा सकय। संगहि, धनतेरसक दिन नकद बिक्री राशि प्रतिष्ठान सं दोसर ठाम लए जेबाक समय एकसर नहि जायब। पुलिस कें सूचना दिअ। पुलिसक निगरानी मे सुरक्षित तरीका सं काज करू। ओतहि धनतेरसक दिन यातायात व्यवस्था कें लए सेहो चर्चा भेल। संगहि, नगरक चारि क्षेत्र कें चिह्नित करैत वाहन आवागमन पर रोक लगएबाक निर्णय लेल गेल। एहि संबंध मे बताओल गेल जे उत्तर क्षेत्र मे शास्त्री चौक लग, दक्षिण क्षेत्र मे राणा चौक लग, पूर्व क्षेत्र मे बरवाटोली चौक सं महावीर चौक रोड दिस आ पश्चिम क्षेत्र मे मुंद्रिका भवन, गुदरी बाजार लग वाहन सभक आवागमन रोकल जाएत आ आगू जेबाक अनुमति नहि देल जाएत। एहि अवसर पर चेंबर अध्यक्ष रितेश कुमार, कार्यकारिणी सदस्य राजेश महतो, गुप्तेश्वर प्रसाद, विजय कुमार खत्री आ उत्तम कुमार शर्मा उपस्थित छलाह।

राज्य स्तरीय पारंपरिक कुश्ती मे 120 पहलवान सभ देखौलनि अपन दमखम

बोकारो,समदिया

सेक्टर-2ए स्थित मां भुवनेश्वरी मंदिर परिसर मे बोकारो जिला कुश्ती संघक दिस सं आयोजित एकदिवसीय झारखंड राज्य स्तरीय पारंपरिक कुश्ती प्रतियोगिता रविदिन संपन्न भेल। प्रतियोगिता मे झारखंडक विभिन्न जिला सं आएल करीब 120 महिला आ पुरुष पहलवान हिस्सा लेलनि। माटिक अखाड़ा मे पहलवान सभक शानदार दांव-पेच आ दमखम दर्शक सभ कें रोमांचित कए देलक। प्रतियोगिताक उद्घाटन झामुमो बोकारो महानगर अध्यक्ष मंटू यादव कएलनि। एहि अवसर पर राजा पांडे, अनिल सिंह, रास नारायण सिंह, रामकिशोर लाल बाबा, जिला कुश्ती संघक अध्यक्ष धर्मवीर सिंह, राज्य कुश्ती संघक



कोषाध्यक्ष बबलू कुमार, संयुक्त सचिव संजीव झा, धनबाद जिला कुश्ती संघक महासचिव सत्यनारायण यादव, बोकारो जिला कुश्ती संघक कोषाध्यक्ष राजू कुमार आ महासचिव राजीव रंजन मौजूद छलाह। अतिथि सभ कहलनि जे कुश्ती भारतीय संस्कृति आ परंपराक अभिन्न हिस्सा अछि। एहि तरहक प्रतियोगिता सभ सं ग्रामीण आ शहरी क्षेत्रक खेल प्रतिभा सभ कें अपन क्षमता देखेबाक अवसर भेटैत अछि। संगहि युवा सभ मे पारंपरिक खेलक प्रति रुचि बढ़ैत अछि। समापन समारोह मे विजेता आ प्रतिभागी पहलवान सभ कें मेडल आ प्रमाणपत्र दए सम्मानित कयल गेल।

विज्ञान प्रदर्शनी मे विद्यार्थी सभ देखौलनि प्रतिभा, प्रस्तुत कएलनि आकर्षक मॉडल

बोकारो,समदिया

सेक्टर-9 स्थित रॉयल पब्लिक स्कूल मे विज्ञान प्रदर्शनीक आयोजन कयल गेल। एहि मे विद्यालयक लगभग 200 विद्यार्थी उत्साहपूर्वक भाग लैत अपन वैज्ञानिक सोच, रचनात्मकता आ प्रतिभाक प्रदर्शन कएलनि। विद्यार्थी सभ हिंदी, अंग्रेजी, गणित, कंप्यूटर, विज्ञान एवं सामाजिक विज्ञान सहित विभिन्न विषय पर आकर्षक मॉडल आ प्रोजेक्ट प्रस्तुत कएलनि। बच्चा सभ अपन प्रोजेक्टक माध्यम सं विषय सभक उपयोगिता आ ओकर व्यावहारिक पक्ष कें सरल आ रोचक तरीका सं बुझौलनि। कार्यक्रमक मुख्य अतिथि हरला थाना प्रभारी मुर्शिद आलम आ विशिष्ट अतिथि एसके राय छलाह। एहि अवसर पर डॉ. राजेंद्र प्रसाद पब्लिक स्कूलक प्राचार्य डॉ. मुकेश कुमार गुप्ता आ निदेशक एसडी गुप्ता सेहो उपस्थित छलाह।

हजारीबाग मे दू भाइक घर पर एनआईएक छापेमारी पटना जाली नोट नेटवर्क सं जुड़ल अछि मामिला

हजारीबाग ,समदिया

भोर सं कयल जा रहल छल जांच

हजारीबाग मे बुधदिन भोर राष्ट्रीय जांच एजेंसी (एनआईए) के पटना शाखा दू घर मे छापेमारी कयलक। दुनू घर पैघ बाजार थाना क्षेत्रक हुरहुरू स्थित बाबा पथक सुभाष बारला मार्ग पर अछि। ई घर दू भाइ के बताओल जा रहल अछि। हुनकर नाम प्रदीप साव आ उदय साव अछि। भोर मे टीम स्थानीय पुलिसक संग मौका पर पहुंचल। एकर बाद दुनू घर मे तलाशी शुरू कयल गेल। कारबाइक दौरान घरक प्रवेश द्वार बंद कए देल गेल। बाहरी लोकक आबि-जाइ पर रोक लगा देल गेल। आसपासक लोक कें सेहो घरक भीतर जाए नहि देल गेल। अनचोके भेल एहि कारबाइ सं इलाका मे हलचल मचि गेल। देशव्यापी जाली नोट नेटवर्कक जांच लेल पहुंचल अधिकारी प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, एनआईएक



टीम देशव्यापी जाली नोट नेटवर्क सं जुड़ल एकटा मामिलाक जांच कए रहल अछि। एजेंसी कें सूचना भेटल छल जे हजारीबागक एहि इलाका सं जाली नोटक कारोबारक तार जुड़ल भए सकैत अछि। एकर संगहि संभावित हवाला लेन-देनक सेहो जांच कयल जा रहल अछि। एहि सूचनाक आधार पर टीम दुनू ठिकाना पर एकहि संग कारबाइ कयलक। जांच एजेंसी ई पता लगाबय मे जुटल अछि जे संबंधित लोक सभक जाली नोट नेटवर्क सं कोनो संपर्क अछि वा नहि। हालांकि, एहि मामिला मे एखन धरि आधिकारिक रूप सं केओ शामिल अछि, एकर पुष्टि नहि भेल अछि। दुनू घर मे तलाशी पूरा छापेमारीक दौरान टीम दुनू घर मे अलग-अलग तलाशी लेलक। भोर सं जारी तलाशी मे दुनू घरक जांच पूरा भए गेल अछि। एखन धरि कोनो गिरफ्तारी नहि भेल अछि। एकर बाद टीम ओतय सं चलि गेल। सूत्रक अनुसार, अधिकारी सभ दस्तावेज आ इलेक्ट्रॉनिक उपकरणक जांच कएलनि। वित्तीय लेन-देन सं जुड़ल कागजात सेहो खंगालल गेल। घर मे मौजूद लोक सभ सं पूछताछ कयल गेल। जांचक मुख्य उद्देश्य जाली नोटक कारोबार आ संभावित हवाला नेटवर्क सं जुड़ल सबूत जुटेबाक अछि। हालांकि, तलाशी मे एखन धरि की भेटल, एकर जानकारी सामने नहि आएल अछि। आधिकारिक बयानक इंतजार, कारबाइक नतीजा पर नजरि दुनू मकान मालिकक बीच संबंध कें लए सेहो स्थिति स्पष्ट नहि अछि। प्रारंभिक जानकारी मे हुनका दू भाइ बताओल जा रहल अछि। हालांकि, ओ साक्छात भाई छथि वा दूरक संबंधी, एकर आधिकारिक पुष्टि नहि भेल अछि। एनआईए आ स्थानीय पुलिसक वरिष्ठ अधिकारी सभ सेहो एखन धरि छापेमारी कें लए कोनो आधिकारिक बयान जारी नहि केने छथि। तलाशी पूरा भेलाक बादे स्पष्ट होयत जे टीम कें कोनो संदिग्ध दस्तावेज, नकदी वा आन आपत्तिजनक सामग्री भेटल अछि वा नहि। फिलहाल जांच एजेंसीक कारबाइ जारी अछि।

भाजपा कुड़ू मंडलक मासिक बैठक मे बूथ सशक्तीकरण आ जनसंपर्क पर जोर



कुड़ू ,समदिया

प्रखंड मे भारतीय जनता पार्टी कुड़ू मंडल के संगठनात्मक मासिक बैठक मंगलदिन शिशु विद्या मंदिर, बरहनिया मे भेल। बैठकक अध्यक्षता मंडल अध्यक्ष कृष्णा मोदी कएलनि। कृष्णा मोदी संगठनात्मक मुद्दा सभ पर चर्चा करैत कहलनि जे संगठनक ताकत बूथ स्तर पर होइत अछि। ओ कार्यकर्ता सभ सं अपन-अपन बूथ पर संगठन कें मजबूत बनेबाक, बूथ सशक्तीकरण आ जनसंपर्क अभियान तेज करबाक लेल सक्रिय रहबाक अपील कएलनि। बैठक मे कांग्रेस पर सेहो टिप्पणी कयल गेल। कृष्णा मोदी कहलनि जे चुनाव मे वोट चोरी जेहन आरोप लगा जनता कें बीच भ्रम आ अविश्वास फैलेबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे बिना ठोस प्रमाणक लोकतांत्रिक संस्था आ चुनावी प्रक्रिया पर सवाल उठाएब उचित नहि अछि। ओ कहलनि जे कोनो आरोपक समाधान संवैधानिक आ कानूनी प्रक्रिया के माध्यम सं होयबाक चाही। ओ कार्यकर्ता सभ सं लोकतांत्रिक मूल्य, संवैधानिक संस्था आ नागरिक अधिकारक संरक्षण लेल जागरूक रहबाक अपील कएलनि। बैठक मे धीरज प्रसाद, संजय चौधरी, सुदामा प्रसाद, राजेश प्रसाद, पंकज भारती, शशि कुमार, प्रकाश सिंह, सूरज प्रसाद साहू, कृष्णा कुमार, दीपक पासवान, सरजू कुमार साहू, रामदेव लोहरा, बबलू महली, रामखेलावन राम, विकास कुमार आ आन लोक उपस्थित छलाह।

महिला कॉलेज चाईबासाक छात्रा सभ प्रतियोगिता सभ मे लहरौलनि परचम

चाईबासा ,समदिया

महिला कॉलेज, चाईबासाक छात्रा आ राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) के स्वयंसेवक सभ विभिन्न शैक्षणिक, सांस्कृतिक आ राष्ट्रीय स्तरक प्रतियोगिता सभ मे उत्कृष्ट प्रदर्शन कए कॉलेजक नाम रोशन केने छथि। यूथ पार्लियामेंट-2026, जिला स्तरीय युवा महोत्सव आ राष्ट्रीय एकता शिविर-2026 मे भेटल ई सफलता कॉलेज लेल गौरवक विषय अछि। 31 अक्टूबर 2026 कें कोल्हान विश्वविद्यालय मे आयोजित यूथ पार्लियामेंट-2026 मे महिला कॉलेज, चाईबासाक राजनीति विज्ञान विभागक छात्रा अश्विनी गुप्ता दोसर स्थान प्राप्त कए कॉलेज कें गौरवान्वित कएलनि। गुरु जंभेश्वर विज्ञान एवं प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय, हिसार मे 22 सं 28 अक्टूबर 2026 धरि आयोजित राष्ट्रीय एकता शिविर-2026 मे कोल्हान विश्वविद्यालयक एनएसएस स्वयंसेवक सभ विभिन्न प्रतियोगिता मे पुरस्कार प्राप्त कए झारखंडक गौरव बढ़ौलनि। एहि शिविर मे देशक 17 राज्य सं लगभग 200 स्वयंसेवक हिस्सा लेने छलाह। एहि शिविर मे महिला कॉलेज, चाईबासाक स्वयंसेविका ललिता पिंगुआ पोस्टर मेकिंग प्रतियोगिता मे दोसर स्थान प्राप्त कएलनि। एकर अतिरिक्त कोल्हान विश्वविद्यालयक आन स्वयंसेवक सभ सेहो खेलकूद आ बौद्धिक



प्रतियोगिता मे उल्लेखनीय उपलब्धि हासिल कएलनि।

छात्रा सभक प्रतिभा, मेहनत आ लगनक परिणाम : डॉ. अंजना: महिला कॉलेजक प्राचार्या डॉ. अंजना खलखो सभ सफल छात्रा आ स्वयंसेवक सभ कें बधाइ दैत कहलनि जे ई उपलब्धि छात्रा सभक प्रतिभा, मेहनत, लगन आ निरंतर प्रयासक परिणाम अछि। ओ विश्वास जतौलनि जे कॉलेजक छात्रा सभ भविष्य मे सेहो विभिन्न मंच पर अपन प्रतिभाक प्रदर्शन कए संस्थान आ विश्वविद्यालयक नाम रोशन करैत रहतिह। राष्ट्रीय एकता शिविर मे बिहार आ झारखंडक संयुक्त दलक नेतृत्व कएनिहार महिला कॉलेजक सहायक प्राध्यापक आ एनएसएस कार्यक्रम पदाधिकारी डॉ. अर्पित सुमन स्वयंसेवक सभक शानदार प्रदर्शनक सराहना कएलनि। एहि अवसर पर विकास मिश्रा, डॉ. ओनिमा मानकी, मोबारक करीम हाशमी, सोनमई सुंडी, राजीव लोचन नमता, डॉ. पुष्पा कुमारी, डॉ. बबीता कुमारी, डॉ. रूबी कुमारी, मनीषा बिरुआ, प्रीति देवगम, शीला समद, सितेंद्र रंजन सिंह आ मदन मोहन मिश्रा सहित आन प्राध्यापक उपस्थित छलाह। सभ सफल विद्यार्थी सभ कें शुभकामना देलनि।

राज्यक 32,582 सरकारी विद्यालय मे लागत नव बायोमेट्रिक डिवाइस, फर्जी हाजिरी पर रोक लगेबाक तैयारी

स्कूली शिक्षा विभागक प्रस्ताव पर सीएमक मंजूरी

रांची ,समदिया

झारखंडक सरकारी विद्यालय सभ मे शिक्षक आ कर्मचारी सभक फर्जी हाजिरीक खेल पर आब पूरा तरहे रोक लगत। राज्यक 32,582 विद्यालय मे कतेको वर्ष सं उपयोग भए रहल तकनीकी खामी सं घेरल फिंगर प्रिंट स्कैनर कें हटा आधार प्रमाणित एल-1 रजिस्टर्ड बायोमेट्रिक डिवाइस लगाओल जाएत। स्कूली शिक्षा विभाग एहि लेल 2026-27 सं 2030-31 धरि पांच वर्षक कार्ययोजना तैयार केने अछि। डिवाइस खरीद आ रखरखाव पर कुल 15.60 करोड़ रुपैया खर्च होयत। मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन शिक्षा मंत्रीक रूप मे एहि प्रस्ताव कें मंजूरी दए देलनि अछि। एहि योजनाक उद्देश्य विद्यालय सभ मे शिक्षक आ कर्मचारी सभक उपस्थिति दर्ज करबाक व्यवस्था कें तकनीकी रूप सं बेसी सुरक्षित आ विश्वसनीय बनेनाइ अछि। एहि लेल पुरान मंत्र एमएफएस-100 फिंगर प्रिंट डिवाइस कें चरणबद्ध तरीका सं हटाओल



जाएत।

एकटा डिवाइसक कीमत 2,900 रुपैया: एकटा डिवाइसक कीमत 2,900 रुपैया राखल गेल अछि। एहि पर 18 प्रतिशत जीएसटी लागत। एहि योजनाक अंतर्गत चालू वित्त वर्ष मे 11.14 करोड़ रुपैया खर्च होयबाक अनुमान अछि। वारंटी समाप्त भेलाक बाद चारि वर्ष धरि रखरखाव लेल प्रति डिवाइस 290 रुपैया देबाक होयत।

अहांक लेल जानब जरूरी अछि सभटा बात: बदलावक जरूरत किएक पड़ल? राज्य मे 2017 मे मंत्र एमएफएस-100 फिंगर प्रिंट डिवाइस लगाओल गेल छल। एहि मे कतेको तकनीकी खामी सामने आबि रहल छल। संगहि, फर्जी फिंगर प्रिंटक माध्यम सं हाजिरी बनेबाक शिकायत सेहो भेटि रहल छल। एकर बाद सूचना प्रौद्योगिकी एवं ई-गवर्नेंस विभागक सहमति सं एहि मे बदलाव करबाक निर्णय लेल गेल। विद्यालय सभक आकलन कयला पर 32,582 डिवाइसक जरूरत सामने आएल।

नव डिवाइस मे की रहत खास? नव डिवाइस जेम पोर्टलक माध्यम सं खरीदल जाएत। डिवाइस आधार प्रमाणीकरण लेल आधार प्रमाणित एल-1 रजिस्टर्ड होयत। एहि मे ऑप्टिकल सेंसर, यूएसबी कनेक्टिविटी, विंडोज, एंड्रॉयड जेहन ऑपरेटिंग सिस्टम रहत। एहि सं फर्जी फिंगर प्रिंटक उपयोग संभव नहि होयत। नव डिवाइस पर एक वर्षक वारंटी रहत। चारि वर्ष धरि एनुअल मेंटेनेंसक व्यवस्था सेहो रहत।

विद्यालय मे उपस्थिति पर रहत निगरानी: बायोमेट्रिक उपस्थिति व्यवस्थाक उद्देश्य विद्यालय सभ मे शिक्षक आ कर्मचारी सभक नियमित उपस्थिति सुनिश्चित करब अछि। नव डिवाइस सं आधार आधारित प्रमाणीकरण आ तकनीकी सुरक्षा नीक होयबाक उम्मीद अछि। विभागक कहब अछि जे एहि सं उपस्थिति संबंधी रिकॉर्ड डिजिटल रूप सं दर्ज करबा आ ओकर निगरानी करबा मे सहायता भेटत।

कोडरमा मे सीडी बालिका +2 विद्यालयक छात्रा सभ कएलनि प्रदर्शन

कोडरमा,समदिया

सड़क सं वापस विद्यालय अनलनि

कोडरमा सदर प्रखंड स्थित सीडी बालिका प्लस टू उच्च विद्यालय मे बुधदिन छात्रा सभ जमि कए प्रदर्शन कएलनि। छात्रा सभ अपन निलंबित प्राचार्य शशि कुमारक समर्थन मे सड़क पर उतरि अयलीह। विद्यालय पहुंचलाक बाद हुनका सभ कें प्राचार्यक निलंबनक जानकारी भेटल छल। एहि सं छात्रा सभ नाराज भए गेलीह। ओ विभागक निर्णयक विरोध कएलनि। छात्रा सभक कहब छल जे शशि कुमारक प्राचार्य बनलाक बाद विद्यालयक व्यवस्था मे सुधार भेल छल। पढ़ाइक संग विद्यालयक दोसर गतिविधि सभ सेहो नीक भेल छल। एहन स्थिति मे हुनकर निलंबन गलत अछि। छात्रा सभ एकरा दुर्भावना सं कयल गेल कारबाइ बतौलनि। ओ निलंबन रद्द करबाक आ प्राचार्य कें फेर सं विद्यालय मे जिम्मेदारी देबाक मांग कएलनि।



विद्यालय सं बाहर निकललाह तं पाछू दौड़लीह छात्रा सभ: कागजी प्रक्रिया पूरा कयलाक बाद प्राचार्य शशि कुमार विद्यालय सं बाहर निकलए लगलाह। एहि दौरान छात्रा सभ हुनका रोकबाक प्रयास कएलनि। जखन ओ आगू बढ़लाह तं छात्रा सभ हुनकर पाछू दौड़ि पड़लीह। छात्रा सभ विद्यालयक मुख्य गेट खोललनि। एकर बाद शशि कुमार कें सड़क सं वापस विद्यालयक भीतर अनलनि। छात्रा सभ हुनका विद्यालय मे बनल रहबाक मांग कए रहल छलीह। एहि दौरान विद्यालय परिसर मे अफरा-तफरीक माहौल बनि गेल। छात्रा सभक प्रदर्शनक सूचना भेटलापर तिलैया पुलिस मौका पर पहुंचल। पुलिस स्थिति कें संभारलक। छात्रा सभ कें बुझा-बुझा कए विद्यालयक भीतर कयल गेल। प्रदर्शनक कारण किछु समय धरि विद्यालय मे तनावपूर्ण स्थिति बनल रहल।

» प्राचार्य कें निलंबित कयला पर भड़कली छात्रा सभ

तीन बेर देल गेल छल कारण बताउ नोटिस: जिला शिक्षा पदाधिकारी मुकुल राज बतौलनि जे प्राचार्य शशि कुमार कें काज मे लापरवाही आ विभागीय आदेशक अनदेखी करबाक मामिला मे निलंबित कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे शशि कुमार लगातार वरिष्ठ अधिकारी सभक निर्देश पालन नहि कए रहल छलाह। एहि संबंध मे हुनका तीन बेर कारण बताउ नोटिस जारी कयल गेल छल। विभाग हुनका सं जवाब सेहो मांगने छल। मुदा हुनकर जवाब स्पष्ट आ संतोषजनक नहि पाओल गेल। एकर बाद विभागीय स्तर पर कारबाइ करैत हुनका निलंबित कए देल गेल। शिक्षा पदाधिकारी स्पष्ट कएलनि जे ई कारबाइ कोनो दुर्भावना सं नहि, बल्कि प्रशासनिक कारण सं कयल गेल अछि।

शिक्षा अधिकारी कहलनि- छात्रा सभक उग्र प्रदर्शन उचित नहि: जिला शिक्षा पदाधिकारी मुकुल राज कहलनि जे शिक्षा विभाग मे लापरवाहीक मामिला मे कारबाइ होइत रहैत अछि। छात्रा सभक उग्र होयब वा एहि तरहें आंदोलन करब उचित नहि अछि। ओ कहलनि जे छात्रा सभ कें पूरा मामिलाक जानकारी देल जाएत। ओ स्वयं विद्यालय जा छात्रा सभ सं बातचीत करताह आ हुनका विभागीय कारबाइक कारण सभ सं अवगत करौताह। ओम्हर, छात्रा सभ प्राचार्यक निलंबन रद्द करबाक मांग पर अड़ल छथि। हुनका सभक कहब अछि जे विद्यालय मे पढ़ाइ आ अनुशासन नीक बनाबय मे शशि कुमारक महत्वपूर्ण भूमिका रहल अछि। एहन स्थिति मे हुनका हटाओल जाएब छात्रा सभक हित मे नहि अछि। फिलहाल एहि मामिला कें लए विद्यालय मे तनाव आ असमंजसक स्थिति बनल अछि।

झारखंडक नियमावली पर सुप्रीम कोर्ट मांगलक रिपोर्ट, पंजाब मे सेहो डीजीपी नियुक्ति लेल बनाओल गेल नियमावली

रांची,समदिया

सुप्रीम कोर्ट झारखंड मे डीजीपीक नियुक्ति आ एहि लेल राज्य सरकारक नियुक्ति नियमावली पर विस्तृत रिपोर्ट मांगलक अछि। एकर संगहि उत्तर प्रदेश आ पंजाबक डीजीपी नियुक्ति नियमावली पर सेहो रिपोर्ट देबाक लेल कहल गेल अछि। मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत, न्यायमूर्ति जॉयमाल्य बागची आ न्यायमूर्ति वी मोहना के पीठ मे मंगलदिन एहि मामिला मे सुनवाइ भेल। कोर्ट एमिकस क्यूरी कें तीनू राज्यक नियमावली पर समेकित राय देबाक निर्देश देलक। ओतहि केंद्र सरकार कें सेहो नियमावली आ एमिकस क्यूरीक रिपोर्ट पर अपन पक्ष रखबाक निर्देश देल गेल। आब 23 नवंबर कें एहि मामिलाक सुनवाइ होयत। सुनवाइक दौरान केंद्र सरकारक दिस सं सॉलिसिटर जनरल कोर्ट कें पिछला सुनवाइक हवाला देलनि। ओ कहलनि जे सुप्रीम कोर्ट पहिनहि स्पष्ट कए



चुकल अछि जे झारखंड सरकारक डीजीपी नियुक्ति नियमावली शीर्ष अदालतक दिशा-निर्देश सभक अनुरूप नहि अछि। ओतहि झारखंड सरकारक दिस सं वरिष्ठ अधिवक्ता कपिल सिब्बल पक्ष रखलनि। ओ कोर्ट कें बतौलनि जे राज्य सरकारक दिस सं नियमावलीक संबंध मे नव सिरा सं शपथपत्र दाखिल नहि कयल गेल अछि। एहि दौरान एमिकस क्यूरीक दिस सं बताओल गेल जे ओ झारखंडक नियमावली आ डीजीपी नियुक्तिक मुद्दा पर अपन राय पहिनहि दए चुकल छथि। आन राज्य सभक नियमावलीक अध्ययन सेहो कए लेल गेल अछि आ समेकित राय तैयार अछि। एहि पर कोर्ट कहलनि जे उत्तर प्रदेश आ पंजाबक नियमावली पर सेहो समेकित राय प्रस्तुत कयल जाए।

राजगीर महोत्सव 26 सं 28 नवंबर धरि मल्टीमीडिया स्क्रीन सं दर्शक देखताह कार्यक्रम

नालंदा, समदिया

आगामी 26 सं 28 नवंबर धरि आयोजित होबए बला प्रतिष्ठित राजगीर महोत्सव 2026 कें तैयारी तेज भए गेल अछि। जिलाधिकारी उदिता सिंह आ पुलिस अधीक्षक हृदयकांत संबंधित प्रशासनिक-पुलिस अधिकारी सभ कें आयोजन भव्य, सुरक्षित आ सुव्यवस्थित बनेबाक लेल आवश्यक दिशा-निर्देश जारी कएलनि। जिलाधिकारी निर्देश देलनि जे मुख्य मंचक निर्माण एहि तरहे कयल जाए जाहि सं आगू आ पाछू बैसल सभ दर्शक सांस्कृतिक कार्यक्रम स्पष्ट रूप सं देखि सकथि।

एहि लेल आयोजन परिसर मे विभिन्न स्थान पर मल्टीमीडिया स्क्रीन लगाओल जाएत। दर्शक सभक बैसबाक व्यवस्था, प्रवेश-निकास द्वारक स्पष्ट चिह्नांकन आ पर्याप्त रोशनीक व्यवस्था कयल जाएत। वाहन पर चढ़ि कार्यक्रम देखबाक प्रवृत्ति पर रोक लगाबए आ सभक लेल निर्धारित बैसबाक व्यवस्था दुरुस्त करबाक निर्देश देल गेल अछि।

सीसीटीवी सं निगरानी, बनत कंट्रोल रूम

एसपी-डीएम भीड़ प्रबंधन आ सुरक्षा कें सर्वोच्च प्राथमिकता देलनि। राजगीर एसडीओ आ एसडीपीओ कें स्थल निरीक्षण कए सुगम आवागमन लेल ठोस कार्ययोजना तैयार करबाक लेल कहल गेलनि। पूरा परिसरक 24 घंटा निगरानी लेल सीसीटीवी कैमरा सं लैस आधुनिक कंट्रोल रूम, पब्लिक एड्रेस सिस्टम आ वेटिंग जोन बनाओल जाएत।

महिला-पुरुष वर्ग मे दंगल प्रतियोगिता



टांगा रेसक संग घुड़सवारी दौड़क प्रस्ताव

टांगा-टोटो संघक अध्यक्ष पप्पू कुमार टांगा रेसक पुरस्कार राशि बढ़ेबाक, सांत्वना पुरस्कारक संख्या 35 सं बढ़ा कए 50 करबाक आ घुड़सवारी दौड़ शामिल करबाक सुझाव देलनि।

डीएम एहि पर सकारात्मक रुख अपनबैत एसडीओ कें घुड़सवारी दौड़ लेल स्थल चयनक प्रस्ताव तैयार करबाक निर्देश देलनि। एकर अतिरिक्त महोत्सव मे महिला आ पुरुष दुनू वर्गक पारंपरिक दंगल प्रतियोगिता आयोजित होयत।

मुख्य महोत्सवक बादो जारी रहत ग्राम श्री मेला

प्रशासन स्पष्ट कयलक जे मुख्य महोत्सव भले तीन दिनक होयत, मुदा एकर अंतर्गत लगए बला पारंपरिक ह्यग्राम श्री मेलाह्ण पूरा सात दिन धरि जारी रहत।

बैठक मे मंत्री श्रवण कुमारक प्रतिनिधि मुन्ना कुमार सहित विभिन्न समिति सभक पदाधिकारी उपस्थित छलाह। डीएम कहलनि जे राजगीर महोत्सव जिलाक सांस्कृतिक पहचान अछि। पेयजल, महिलाक लेल विशेष शौचालय, पार्किंग आ साफ-सफाई मे कोनो स्तर पर लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जाएत।

किशनगंज मे पटाखाक गोदाम पर पुलिसक छापेमारी

केसरी फ्लावर्स मे भंडार आ लाइसेंसक जांच

किशनगंज, समदिया

किशनगंजक मुख्य बाजार मे मंगलदिन सांझ सदर पुलिस केसरी फ्लावर्सक गोदाम पर छापेमारी कए जांच शुरू कयलक। पुलिस कें सूचना भेटल छल जे फूलक दोकानक आड़ि मे गोदाम मे पटाखा राखल आ बेचल जा रहल अछि।

किशनगंज सर्किल इंस्पेक्टर बलवेश्वर राय के नेतृत्व मे पुलिस टीम गोदाम मे राखल पटाखाक भंडार, भंडारण संबंधी कागजात आ बिक्रीक लाइसेंसक जांच कए रहल अछि। समाचार लिखल जाए धरि कारबाइ जारी छल।

भाइ संग मिलि कए कए रहल छल पटाखाक कारोबार

केसरी फ्लावर्सक संचालक ऋषि केश्वरी अपन भाइ संग बहुत दिन सं शहर मे पटाखाक कारोबार कए रहल छथि। आरोप अछि जे दीपावली सं पहिने दोकान लग बनल गोदाम मे पटाखा राखल गेल छल।



ग्राहक सभ कें दोकान सं गोदाम लए जा कए पटाखा बेचल जाइत छल।

लाइसेंसक बिना कए रहल छल कारोबार

ई जानकारी सेहो सामने आएल अछि जे प्रतिष्ठान लग पटाखाक बिक्री आ भंडारणक वैध लाइसेंस नहि अछि। पुलिस एहि बातक जांच कए रहल अछि।

सूत्रक अनुसार, शहर मे दोसर जगह पर सेहो पटाखाक भंडारण होयबाक आशंका अछि। पुलिसक जांच जारी अछि।

